



## CITY ON A HILL CHARTER PUBLIC SCHOOL

### Gid Elèv ak Fanmi 2019-2020

**Revize Out 2019**

*Sou rezèv pou chanje. Tanpri vizite sit entènèt nou ([www.cityonahill.org](http://www.cityonahill.org)) ak lèt nou voye lakay ou yo pou enfòmasyon ki pi resan yo. Kopi enprime gid sa a disponib nan resepsyon chak lekòl. Si w ta swete gen dokiman sa a nan yon lang ki pa Anglè, tanpri pale ak Resepsyonis chak lekòl yo. Mèsi.*

## GID KONTAK RAPID

**City on a Hill Charter Public School Circuit Street**

Adrès: 58 Circuit Street, Roxbury, MA 02119  
Telefòn: 617-445-1515

**City on a Hill Charter Public School Dudley Square**

Adrès: 2179 Washington Street, Roxbury, MA 02119  
Telefòn: 617-516-5888

**City on a Hill Charter Public School New Bedford**

Adrès: 384 Acushnet Ave, New Bedford, MA 02740  
Telefòn: 508-985-6400

- ▶ Rele liy prensipal lekòl la pou enfòmasyon annapre yo:
  - Pou jwenn enfòmasyon sou prezans pitit ou a oswa pou ka siyale absans li.
  - Pou ka mande ranvwaye pitit ou a.
  - Pou ka kontakte konseye pitit ou a.
  - Pou tout lòt kesyon ki gen rapò a lekòl la.
- ▶ Pou sèvis lyezon ak sanzabri yo, konikine ak Allison King sou [aking@cityonahill.org](mailto:aking@cityonahill.org).

City on a Hill Public Schools pa fè, ni li pa dwe fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon (kwayans), sèks, ekspresyon seksyèl, idantite seksyèl, idantite transjan, tranzisyon seksyèl, laj, nasyonalite (asandans), andikap, sanzabri, estati eta sivil, oryantasyon seksyèl, oswa estati militè nan pwogram, aktivite oswa operasyon li yo. Ki genyen admisyon, dwa egal pou patisipe nan pwogram ak aktivite yo, travay, prestasyon epi aksè a pwogram e aktivite yo, menm jan tou seleksyon volontè, founisè ak anplwayè k ap rekrute nan nenpòt City on a Hill Public School. Nou angaje nou pou n bay yon anviwònman enklizif e akeyan pou tout manm pèsònèl, etidyan, volontè, ti pèsònèl ak founisè nou yo.

City On A Hill Charter Public School se yon anplwayè ki pa nan paspouki.

Si w gen kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte kowòdonatè ki responsab kesyon konfòmite an matyè non diskriminasyon annapre yo.

Nenpòt fòm diskriminasyon:	Seksyon 504 ak Edikasyon Espesyal:	Tit IX:
Jacqueline Hayes Chèf Pèsònèl e Konseye Jeneral 15 Allerton Street, Suite 1 Roxbury, MA 02119 <a href="mailto:jhayes@cityonahill.org">jhayes@cityonahill.org</a> 617-942-1667	Jacqueline Hayes Chèf Pèsònèl e Konseye Jeneral 15 Allerton Street, Suite 1 Roxbury, MA 02119 <a href="mailto:jhayes@cityonahill.org">jhayes@cityonahill.org</a> 617-942-1667	Jacqueline Hayes Chèf Pèsònèl e Konseye Jeneral 15 Allerton Street, Suite 1 Roxbury, MA 02119 <a href="mailto:jhayes@cityonahill.org">jhayes@cityonahill.org</a> 617-942-1667

## Tab Matyè

<b>GID KONTAK RAPID</b> .....	<b>1</b>
<b>MISYON NOU</b> .....	<b>5</b>
<b>VIZYON NOU</b> .....	<b>5</b>
<b>LAVI ETIDYAN NAN CITY ON A HILL</b> .....	<b>6</b>
Orè.....	6
Jou Nèj/Anilasyon Lekòl.....	7
Prezans.....	7
Politik Retraktasyon.....	8
Ranvwa Pi Bonè.....	8
Rive an Reta.....	9
Anreta nan Kou.....	9
Travay Ratrapaj/Travay an Reta.....	9
Vizitè.....	9
Vizit Fanmi.....	9
Lyezon Edikatif pou Sanzabri.....	9
<b>PREPARE POU LEKÒL</b> .....	<b>9</b>
Inifòm City on a Hill .....	10
Abiman Pwofesyonèl.....	11
<b>AKADEMIK</b> .....	<b>11</b>
Pwogram Akademik .....	12
Kredi ak Nòt .....	12
Konpetans .....	13
Jiri .....	13
Kijan pou Jwenn Kredi.....	13
Politik ak Kalifikasyon pou Diplome .....	14
Nivo Klas.....	14
Politik ak Kalifikasyon pou Kou Dete.....	14
Kou Plasman Avanse.....	15
Doub Enskripsyon .....	15
Vizit sou Teren .....	15
Tès Nòmralize .....	15
Konsèy .....	15
Resous Bibliyotekè e Teknolojik.....	16
Liv .....	16
<b>RÈGLEMEN LEKÒL LA E KISA L AP ESPERE</b> .....	<b>16</b>
Sitwayènte .....	16
Gouvènman Elèv .....	16
Asanble Piblik.....	16
Aktivite Espòtif ak Paraskolè.....	16
<b>RÈGLEMEN JENERAL LEKÒL LA</b> .....	<b>17</b>
Idantifikasyon: Bay Non Ou .....	17
Kite Lekòl la.....	17
Kòmande Manje ak lòt Bagay nan Lekòl la.....	17
Plajya.....	17
Teknoloji Apwopriye e Itilizasyon Entènèt.....	18
<b>JISTIS REPARATRIS</b> .....	<b>18</b>

<b>DISIPLIN AK RESPONSABILITE ELÈV .....</b>	<b>19</b>
Retni Regilye: Retni yo fèt twa fwa pa semenn, lendi, madi ak jedi soti 3:30 rive 4:15 PM. ....	19
Voye Bay Dwayen an oswa Administratè .....	20
Merit ak Demerit .....	22
Pwosesis Disiplinè.....	23
Sispansyon Ekstraskolè (sig anglè OSS) .....	23
Reyinyon Paran/Gadyen (Reyinyon pou Retounen oswa ak Direktè a) .....	24
Kontra ak Avi Konpòtman .....	24
Prevansyon Entimidasyon ak Entèkansyon.....	24
Egzèsis Dife ak Sekirite .....	24
Kominikasyon ak Elèv e Fanmi.....	25
Fòmilè pou Ranpli .....	25
Komite ak Patisipasyon.....	25
Kominike ak Dirijan City on a Hill .....	26
Fich Otorizasyon .....	26
Politik Medikal .....	26
Politik Lekòl pou Evite Konsomasyon Alkòl ak lòt Dwòg/Depistaj Opyoyid .....	27
Politik Espò.....	27
Politik sou Konpòtman Elèv yo Deyò Campus la .....	28
<b>PWOSESIS SISPANSYON .....</b>	<b>29</b>
Sispansyon nan Lekòl (ki pa Ranvwa Dijans) .....	29
Sispansyon Deyò Lekòl (ki pa Ranvwa Dijans) .....	29
Dwa Odyans pou Sispansyon Kout.....	30
Sispansyon Alontèm: Odyans ak Reklamasyon.....	31
Kontestasyon Sispansyon Alontèm .....	32
Ranvwa Dijans.....	32
Sèvis Edikasyon Pandan Ranvwa e Plan Sèvis Edikasyon nan Lekòl la .....	33
Deyò.....	33
Disiplin Elèv ki gen Bezwen Patikilye.....	36
<b>LWA MASSACHUSETTS AK DWA LEGAL ELÈV AK FANMI YO.....</b>	<b>36</b>
Avi non Diskriminasyon, Dwa Sivil ak Sekirite .....	37
Elèv ki gen Bezwen Patikilye .....	40
Dwa Elèv .....	42
Laj Majè .....	44
Politik Sipò pou Elèv Sanzabri .....	44
Politik Restriksyon Elèv.....	45
Politik Adomisil .....	45
Depistaj Vèbal pou Dwòg ak Opyoyid.....	46
Politik Videyo Siveyans.....	47
Politik Medya Sosyal.....	47
Disponibilite Pwogram Eskolè pou Elèv ki Ansent.....	47
Fimen: Politik Antitabak.....	48
Divilgasyon Enfòmasyon Elèv.....	48
Notifikasyon Dwa Selon Modifikasyon ki gen Rapò a Pwoteksyon Dwa Elèv yo (PPRA) .....	48
Avi FERPA .....	49
Aksè a Dosye Elèv .....	52
Tit I: Avètisman Pwofesè ki Vrèman Kalifye.....	54
Entèdiksyon pou Motè Machin ap Mache .....	55
Avi AHERA .....	55
<b>PRATIK ILEGAL.....</b>	<b>55</b>
Asèlman.....	55

Sou enfliyans Dwòg oswa Alkòl.....	55
Vyolans .....	55
Politik Anti Inisyasyon .....	55
Fo Alèt.....	56
Zak Vandalis, Grafiti oswa Destriksyon Lekòl ak Byen Prive.....	56
Vòlè .....	56
Fimen .....	56
Asèlman Seksyèl oswa Lòt Fòm Asèlman .....	56
<b>ANÈKS 1: ENTÈDIKSYON ENTIMIDASYON AK VANJANS.....</b>	<b>59</b>
<b>ANÈKS 2: FÒMILÈ POU RETOUNEN NAN CITY ON A HILL.....</b>	<b>62</b>
Politik Elektwonik City on a Hill/Itilizasyon Selilè.....	63
City on a Hill - Angajman Elèv Ak Fanmi pou Ekselans .....	64
Fèy Otorizasyon Jeneral Vwayaj City on a Hill.....	65

## MISYON NOU

Diplome City on a Hill yo se sitwayen demokratik responsab, dinamik epi ki respekte moun, yo pare pou ale nan kolèj epi fè kominote a, kilti a ak komès la pwogrese epi pou yo fè diferans lan nan 21e syèk la. Nou fè sa pandan n ap ensiste sou:

- **Reyisit Akademik.** Reyisit akademik vle di n ap fè efò pou nou kenbe nòm akademik yo nan wo nivo epi asire nou ke nou bay rezilta. Sa vle di nou rekonèt talan elèv nou yo e n ap chèche jwenn resous siplemantè pou prepare yo pou konkirans.
- **Sitwayènte.** Sitwayènte vle di n ap fè efò pou kenbe prensip sivilite yo, favorize angajman ak patisipasyon sivik elèv yo, epi relye lekòl nou an ak sak pi bon nan Boston.
- **Lidèchip Pwofesè.** Lidèchip pwofesè yo vle di se pwofesè yo ki responsab rannman elèv yo ak lekòl la. Sa vle di se pwofesè yo ki pran desizyon nan reyalizasyon, konstriksyon ak kwasans City on a Hill. Sa vle di pwofesè yo se pwofesyonèl ak jesyonè ki reflechi. Sa vle di pwofesè yo kontribye nan refòm lekòl piblik yo nan vil la, eta a e nasyon an.
- **Redisyon Kont.** Rann piblik la kont vle di City on a Hill espere montre rezilta kontribyab yo epi li envite piblik la jwenn ak li pou li ka asire l ke nou kenbe pwomès nou pou fè edikasyon timoun yo epi pèmèt paran ak gadyen yo patisipe antan ke prensipal entèvenan.

## VIZYON NOU

City on a Hill prepare elèv yo pou egzèse dwa yo ak responsabilite yo an tan ke sitwayen Ameriken. Nou ankouraje jèn Boston yo aprann travay di epi montre angajman yo pou sèvis piblik la pandan tout vi yo. City on a Hill met aksan sou responsabilite sitwayen ki edike pou konteste, aji epi evite konplezans.

Pou nourri kiryozi elèv nou yo, nou mete tout sa ki pi bon nan panse ak efò moun ka fè a dispoziyon yo. Nou anseye elèv nou yo tradisyon ak dokiman enpòtan demokrasi nou an, epi nou ankouraje yo fè tradisyon sa yo pwogrese epi devlope yo. Nou chèche asire nou ke pwòp konklizyon nou yo pa pwen depa elèv nou yo, men pito pou konpetans yo ak entèwogasyon yo amelyore pou yo kapab avanse, imajine, mande, poze kesyon epi kontribye yon fason ke nou poko ka konnen nou menm.

N ap fè anpil efò pou nou rann kou nou yo, estrateji evalyasyon ak eksperyans nou ofri elèv yo pi otantik posib pandan n ap prepare yo pou reponn a defi e egzijans mond lan. Pou nou rann aprantisaj la otantik pou elèv nou yo, lekòl la dwe se yon òganizasyon ki pèmèt moun aprann, ki gen mwayen pou kolekte kòmantè epi itilize yo. Nou aprann de sikses nou ak echèk nou. Nou gen anviwònman aprantisaj entim avèk klas ki genyen dizuit elèv an mwayèn. Pwosesis etablisman ak konstriksyon City on a Hill se pa yon distraksyon parapò a edikasyon City on a Hill; se yon eleman entegral de li menm menm.

Se paran/gadyen legal yo, pwofesè yo ak kominote a ki responsab pou travay ansanm pou devlope potansyèl chak elèv. Elèv yo se patnè aktif nan pwòp aprantisaj yo, epi yo responsab pwòp edikasyon yo. Nan City on a Hill, nou chèche relye ansèyman nou an ak eksperyans elèv la, epi anseye yo ak yon seri pwofesè ki reprezante orijin yo. Pou nou rive ranpli misyon sivik nou, nou kwè ke pwofesè nou yo ta dwe reflekte divèsite Boston.

Travay di a enpòtan pou tout manm nan kominote City on a Hill la. Sa siyifi nou montre elèv nou yo valorize efò kòm konpozan esansyèl, men pa kòm sèl kompozan de ekselans, epi fè yo konnen gen prensip nou dwe



konfòme nou ak yo. Travay di vle di tou ke elèv yo merite eksperyans pou yo akonpli bagay yo pa t janm panse yo te ka fè. E sa vle di sitou, elèv City on a Hill yo diplome pou sa yo konnen e sa yo ka fè, e yon pare pou reyisi nan kolèj e fè siksè nan travay yo. Pou pwofesè yo, travay di vle edi nou pratike sa n ap egzije elèv yo. Nan tout travay di sa a, nou sonje nou dwe fè kè nou kontan.

Pou nou fè pwomosyon sèvis piblik la, nou fè Vil Boston yon lekòl elaji. Enstitisyon li yo, katye li yo ak sitwayen li yo se resous enpòtan elèv yo gen aksè avèk yo. Elèv nou yo aprann bay vil yo tout valè yo. City on a Hill bay sitwayen ki pral vote diplòm.

An tan ke lekòl piblik charter, City on a Hill pa inyore kriz ki egziste nan edikasyon piblik la. Nou difize sa nou aprann epi nou ouvri a tout obsèvatè. Nou chèche ekilibre devwa nou pou pwòp elèv nou yo avèk angajman nou pou yon chanjman dirab nan sistèm edikasyon piblik la.

## LAVI ETIDYAN NAN CITY ON A HILL

### Orè

Lendi - Jedi		
Peryòd	Kòmanse	Fini
1	8:00	9:02
Dejne	9:02	9:07
Konsèy	9:07	9:37
2	9:40	10:42
3	10:45	11:47
Manje A	11:50	12:15
4B	11:50	12:52
4A	12:18	1:20
Manje B	12:55	1:20
5	1:23	2:25
6	2:28	3:30

### Vandredi

Peryòd	Kòmanse	Fini
1	8:00	8:38
2	8:41	9:19
Dejne	9:19	9:26
3	9:26	10:04
4	10:07	10:45
5	10:48	11:26
6	11:29	12:07
Asanble Piblik	12:10	1:08
Manje	1:10	1:25

Yo prevwa retni chak jou, lendi, madi, jedi ak vandredi.

**DEJNE ak MANJE:** City on a Hill ofri yon dejne ak yon manje midi gratis epi a ba pri a tout elèv ki kalifye pou kantin nan, selon orè ki etabli a. Elèv yo ka pote pwòp dejne ak manje midi yo. Tout règleman City on a Hill yo aplike nan lè manje yo.

**KOU JOU SAMDI:** Elèv City on a Hill yo oblije vini nan kou yo genyen nan jou samdi yon fwa pa mwa yo oswa jan orè a prevwa li a. Y ap voye yon kalandriye ak yon apèl otomatik davans bay fanmi yo pou yo ka enfòmè yo de dat ak lè aktivite sa yo ap fèt.

**TRVAY, RANDEVOU AK LÒT AKTIVITE:** Fanmi yo pa dwe prevwa lòt aktivite, randevou oswa anplwa etidyan anvan 4:30 p.m. soti lendi pou rive jedi oswa anvan 3:00 p.m. jou vandredi.

## Jou Nèj/Anilasyon Lekòl

City on a Hill swiv pwotokòl Lekòl Piblik Distri a nan sa ki gen pou wè a jou nèj yo. Lè Lekòl Piblik Distri a fèmen akòz nèj oswa yon ijans, City on a Hill fèmen tou. Siyev anons yo sou televizyon oswa radyo.

## Prezans

Yo anrejistre prezans yo chak jou e pandan chak kou. Elèv yo dwe gentan lekòl la kenz minit anvan yo gen premye kou yo. Elèv yo dwe antre nan pòt prensipal la. Yon elèv ki te absan, li dwe pote yon atestasyon ekri yon paran oswa gadyen legal nan resepsyon lekòl la jou li ap retounen lekòl la. Yo enfòmè paran/gadyen legal yo regilyèman de absans yo swa pa yon apèl pèsònèl oswa yon apèl otomatik. **Sonje menm si yon paran verifye yon absans, sa pa vle di otomatikman absans sa a "jistifye", sa sèlman vle di ke elèv la pa sote, e sa pèmèt li rekiper sa l pèdi yo.**

Elèv ki rate plis pase 10 jou lekòl (pou koz absans ki pa jistifye, rate jou oswa reta) yo, yo gendwa pèdi kredi akademik nan tout kou yo pou ane a.





Elèv absan yo pa kapab patisipe nan aktivite lekòl la san yo pa fè aranjman nesèsè yo.

Absans jistifye yo pa fasil epi yo jistifye yo sèlman nan sikonstans annapre yo:

1. Ijans Medikal – (elèv la entène lopital oswa yon doktè òdone pou kenbe li lakay – li bezwen yon memo de doktè a)
2. Lanmò yon fanmi pwòch (li bezwen verifikasyon ekri paran li)
3. Konje Relijye (li bezwen verifikasyon ekri paran li)
4. Konparasyon Mandate pa yon Tribinal (li bezwen memo yon fonksyonè tribinal la)
5. Aktivite ki an rapò a lekòl la e lekòl la apwouve (ki vle di entèvyou ak yon kolèj lekòl la apwouve, entèvyou pou bousdetid lekòl la apwouve)

Yon nòt pou randevou (doktè, tribinal, elatriye) pa dispanse yon elèv pou tout yon jounen. Nou atann nou yon elèv ap prezante lekòl la anvan e aprè nenpòt randevou ke yo otorize li e li pa t kapab pran deyò orè kou yo. Fè tout efò posib pou fikse orè randevou yo nan yon lè ki pa lè lekòl.

Elèv ki prezan lekòl la men ki rate yon kou patikilye san pèmision, yo konsidere li sote li. Elèv ki sote nenpòt peryòd kou, menm retni, y ap voye yo bay Dwayen Sitwayènte a. Elèv ki sote yon kou pa p otorize pou ratrape sa yo pèdi nan kou sa a.

Direktè a ap analize tout ka prezans yo nan fen ane lekòl la pou li ka finalize atribisyon kredi eskolè yo. Elèv yo gendwa konteste desizyon sa a pa ekri nan fen ane lekòl la. Direktè a ap analize tout pwopozisyon ki ekri e li gendwa pèmèt elèv yo swiv kou dete oswa rejwenn kredi akademik yo. Si kredi akademik yo pa rekipere epi elèv la pa kalifye pou kou dete, elèv la dwe repete tout sis kou yo pandan pwochen ane lekòl la.

## Politik Retraksyon

City on a Hill rele fanmi yo depi premye jou absans lan e pandan tout lòt jou absans lan kontinye. Si yon elèv **absan pandan uit jou yonn dèyè lòt** pandan ane lekòl la, e lekòl la pa t rive pran kontak ak fanmi li pou esplike pouki rezon li absan, y ap swiv etap annapre yo:

1. Lekòl la ap kontinye fè tantativ pou jwenn fanmi an sou tout nimewo telefòn ki nan dosye elèv la.
2. Sou **nevyèm jou absans san jistifikasyon** an, lekòl la ap voye yon lèt pa lapòs nan adrès ki nan dosye elèv la pou avèti paran/gadyen legal la ke elèv la ap fè woul. Nan lèt la y ap mande fanmi an pou rele lekòl la nan espas senk jou aprè yo resevwa lèt la pou esplike rezon absans yo epi y ap pwopoze yon dat ak lè pou fanmi an rankontre ak reprezantan lekòl la pou diskite sou prezans elèv la.
3. Si absans san jistifikasyon yo kontinye, sou **13èm jou absans lan**, n ap voye yon dezyèm lèt pou avèti elèv la gen risk pou pèdi plas li nan City on a Hill.
4. City on a Hill ap kontinye toujou pou wè si l ka antre an kontak ak paran/gadyen legal la atravè mwayen lekòl la gen a dispozisyon li si yo poko ka jwenn yo.
5. Si yon elèv pa retounen lekòl la oswa nou pa resevwa okenn eskiz valab, elèv la ap deyò nan City on a Hill epi li **pa p nan lekòl la ankò sou 16èm jou absans lan**.
6. Fanmi ki toujou kolabore ak City on a Hill yo pou rezoud pwoblèm prezans elèv la kapab gen yon delè pwolonje pou yo deside met timoun nan deyò selon sa direktè a deside.

Lekòl la kapab mande konkou yon ajan sèvis absanteyis eskolè tou oswa yon ajans piblik ki gen konpetans nan domèn nan.

## Ranvwa Pi Bonè

Ranvwa anvan lè yo ta dwe redwi o minimòm. Tout ranvwa anvan lè yo òganize pa resepsyon lekòl la. Elèv la dwe pote yon nòt paran li yon jou anvan oswa anvan premye peryòd jou l ap bezwen ale pi bonè a.



Resepsyon an ap verifye nòt patiran yo, l ap rele paran an/gadyen legal la pou fè verifikasyon an. Fanmi yo pa dwe prevwa lòt aktivite (tankou travay etidyan) anvan 4:30pm soti lendi pou rive jedi oswa anvan 3:00pm jou vandredi. **Elèv yo dwe siyen sòti yo nan resepsyon an anvan yo kite lakou lekòl la**

### **Rive an Reta**

Elèv ki pa nan klas la nan lè yo prevwa premye kou yo ap kòmanse a (8h00) yo an reta lekòl la e y ap sibi konsekans yo. Elèv ki an reta e ki gen yon rezon ki JISTIFYE sa ak dokiman apwopriye (gade lis pi wo a) yo pa p sibi okenn konsekans. **Paran yo DWE rele resepsyon lekòl la pou enfòm reponsab la elèv la ap an reta, men sa pa jistifye yo pou sa.** Nenpòt elèv ki rive lekòl la trant minit aprè premye kou li kòmanse dwe veriifye pa yon paran oswa gadyen legal. Si nou pa resevwa okenn verifikasyon, yo make li "non jistifye-sote," y ap voye elèv la nan Biwo Dwayen an epi elèv la pa p gen dwa a ratrapaj sa li te pèdi yo.

### **Anreta nan Kou**

Elèv yo fè yon pwen demerit lè yo an reta nan kou. Elèv ki genyen plis pase 5 minit reta nan yon kou patikilye y ap voye yo nan Biwo Dwayen an. Tout elèv ki an reta pou plis pase 5 minit san okenn eskiz pa p gen dwa a ratrapaj sa l te pèdi nan kòmansman kou a pandan absans li.

### **Travay Ratrapaj/Travay an Reta**

City on a Hill PA aksepte papye oswa pwojè an reta. Devwa an reta yo ka remèt nan demen pou demi kredi. Nou atann nou elèv ki gen absans JISTIFYE yo, y ap remèt tout devwa yo te genyen nan jou yo retounen lekòl la si sa posib. Elèv ki absan pou rezon ki pa JISTIFYE yo, y ap sèlman gen otorizasyon pou fè egzamen yo ak kèk gwo tès. Direksyon an ak/oswa pwofesè patikilye yo gendwa akòde kèk eksepsyon lè gen absans pwolonje.

### **Vizitè**

Pou kenbe lekòl la an sekirite, vizitè yo dwe tcheke nan Biwo Prensipal la pou yo ba yo yon idantifyan ak non yo anvan yo antre nan espas City on a Hill la, epi yo ka vizite sèlman sou pèmasyon direktè a oswa direktè adjwen an.

### **Vizit Fanmi**

Yo envite fanmi yo vin wè kisa timoun yo ap fè a nenpòt moman depi Direktè a apwouve li. Pou w ka pran yon jou pou w vin gade, tanpri pran kontak ak Direktè a. Direktè a ap fè aranjman pou yon administratè akonpanye tout fanmi yo.

Si gen yon ensidan ki pase ki menase sekirite elèv la, lekòl la ka anpeche yon paran antre nan espas la, sof si gen reyinyon ki te prevwa ak Direktè a.

### **Lyezon Edikatif pou Sanzabri**

City on a Hill abgaje l pou l ofri elèv li yo ak tout fanmi yo ki sanzabri yon aksè a edikasyon piblik ki egal a sa y ap ofri lòt timoun nan City on a Hill yo. Èd pou rezoud pwoblèm ki an rapò a edikasyon elèv ak jèn sanzabri ki pa gen akonpayman yo dwe adrese a resous pou sanzabri nan lekòl ou a.

## **PREPARE POU LEKÒL**

Pou w PREPARE POU LEKÒL, elèv City on a Hill yo dwe:



### Gen Tout Materyèl yo

Nan kòmansman ane a City on a Hill bay tout elèv nan chak klas yon kaye. Lis Founiti Eskolè a nan Anèks la.

### Vini Prepare pou Kou

Elèv yo dwe vin nan kou yo prepare. "Prepare pou lekòl" vle di elèv la dwe pote materyèl sa yo avèk li:

- Yon klasè apwopriye;
- Liv ki koresponn a klas la;
- Kaye travay la;
- Yon plis ak yon kreyon Nimewo 2;
- Fè devwa epi
- Tout lòt materyèl ki nesèsè pwofesè a mande pou genyen (tankou pa egzanzp yon liv vokabilè anglè).

### Fè Devwa

City on a Hill gen yon sèl politik pou zafè devwa yo nan tout lekòl yo. Devwa a dwe fèt nan moman y ap pran l lan. Li dwe konplè epi a tan. Pa egzanzp, si yon elèv bliye pote devwa li nan klas la, nen se nan kazye li a li ye, yo pa konsidere li konplè epi a tan.

## Inifòm City on a Hill

City on a Hill fè tout elèv egzijans pou pote yon inifòm sou lakou lekòl la, e nan lè kou yo. Inifòm City on a Hill la se yon "inifòm konplè" e yo verifiye sa nan antre lekòl la.

### Anlè

- Mayo, chanday, chemiz, manto oswa djakèt City on a Hill
- Yo gendwa itilize yon chemiz manch long anba yon chemiz City on a Hill depi l pa gen bonè
  - *Elèv yo pa gendwa **JAMÈ** mete yon djakèt, manto oswa chanday ki pa inifòm sou yon inifòm City on a Hill Fanmi yo dwe achte yon manto inifòm pou elèv la ka mete lè li fè frèt.*

### Pantalon

- Kaki
- Pantalon twal ble maren/nwa (Djin oswa kolan nwa PA ladann)
  - *Yo pa otorize kolan, djin (kèlkeswa koulè li ye a) ak pantalon ki pa pou CoaH.*

### Soulye

- Nenpòt bagay pye fèmèn ki tou nwa.
  - *Yo pa otorize pantouf ak sandal.*

### Chapo

- Yo pa t JANM otorize kouvri tèt sou lakou lekòl la (sof si relijyon moun nan mande sa). Si yon elèv mete yon kepi bizbòl nan lekòl la, yon anplwaye ap sezi kepi a nan men li epi remèt elèv la li swa nan fen jounen an, nan fen semenn nan oswa yon lè administrasyon City on a Hill deside, sa pral depan de konbyen fwa yo te sezi chapo a deja.

City on a Hill bay chak elèv yon chemiz City on a Hill gratis. Ou gendwa achte inifòm adisyonèl pou chak lokal.

### City on a Hill Circuit Street

Ou ka fè kòmman sou entènèt [la a](#)



City on a Hill Dudley Square

Ou ka fè kòmman sou entènèt [la a](#)

Kòmman inifòm yo pran apeprè de semenn pou yo prepare yo epi pou w jwenn yo nan:

College Hype  
530 Gallivan Blvd  
Dorchester, MA 02124

City on a Hill New Bedford

Ou ka jwenn fòmilè kòmman yo la a epi yo disponib nan Biwo Prensipal la tou. Tanpri ranpli fòmilè a epi retounen li nan Biwo Prensipal la ak pèman an. Jeneralman yo rete kòmman yo nan espas sèt jou laborab e y ap remèt elèv la li kou yo rive.

Kilè elèv yo dwe an inifòm?

1. Lè yo rive lekòl la;
2. A nenpòt moman pandan jounen lekòl la (menm pandan y ap manje);
3. A chak fwa yo nan lekòl la, **e menm aprè lekòl ak**
4. A chak fwa yo nan aktivite lekòl la pandan jounen lekòl la (sof si yo ta di lekòl).

Elèv yo pa gendwa **JAMÈ** mete yon djakèt, manto oswa chanday ki pa inifòm sou yon inifòm City on a Hill. Fanmi yo dwe achte yon manto inifòm pou elèv la ka mete lè li fè frèt. Si yon elèv frèt anpil, yo kapab ba li yon manto inifòm.

Elèv ki rive lekòl la san inifòm oswa avèk yon rad ki pa inifòm PA P ka antre nan lekòl la epi y ap voye li nan Biwo Dwayen an. Nan Biwo Dwayen an, y ap bay elèv la yon inifòm pou l mete pou jounen an si genyen ki disponib. Yo kapab mande paran/gadyen legal la pou pote inifòm elèv la pou li. Si gen yon rezon ki fè elèv la pa mete inifòm nan, tanpri rele oswa voye yon imèl lekòl la anvan jounen lekòl la kòmmanse.

Pou plis enfòmasyon sou inifòm nan, al gade nan Anèks la.

## Abiman Pwofesyonèl

Pandan jiri ak lòt prestasyon yo, elèv yo dwe gen yon "Abiman Pwofesyonèl." Abiman pwofesyonèl se yon egzijans pi fòmèl nan sa ki gen rapò a abiman pwofesyonèl ki depase prensip inifòm oswa teni dekontrakte City on a Hill etabli (teni dekontrakte se kòd vestimantè pwofesè City on a Hill yo). Abiman Pwofesyonèl se yon pati nan preparasyon elèv nou yo pou kolèj ak mond pwofesyonèl la. Elèv dwe mete abiman pwofesyonèl sèlman lè yo bay pèmasyon pou sa.

**Jèn Gason** yo dwe mete yon chemiz a kòl repase epi byen boutonnen, san desen ni mak ladan li epi kòl. Yo ka mete yon vès si yo vle. Chemiz lan dwe andedan pantalon an, pou pantalon an byen chita nan senti elèv la epi sentiwon li boukle. Soulye yo dwe pwofesyonèl. Ti mesye yo ka mete yon djakèt ak yon abiman pwofesyonèl, men yo dwe gen yon chemiz a kòl boutonnen epi yon kòl sou djakèt la.

**Jèn Fi** dwe mete yon kòsaj repase an triko ki pa briye, ki pa gen desen oswa mak enprime sou li. Kòsaj la pa dwe kout epi vant yo pa dwe parèt. Yo dwe mete yon pantalon oswa yon jip ki rive sou jenou yo. Soulye yo dwe pwofesyonèl.

## AKADEMIK:



## Pwogram Akademik

### EGZIJANS POU GRADYASYON:

Pou diplome nan City on a Hill, elèv la bezwen:

- **Anglè:** kat (4) kredi Anglè
- **Istwa:** twa (3) kredi istwa, ki genyen Istwa Ameriken: Edikasyon Sivik e Plis, Istwa Mondyal ak City Project. Elèv yo gendwa etidye AP Gouvènman ak Politik oswa Alfabetizasyon Konstitisyonèl tou.
- **Matematik:** kat (4) kredi matematik ki genyen Aljèb, Jewometri, Aljèb II ak Pre Kalkil. Elèv dènye ane yo ka etidye Kalkil Avanse tou.
- **Sèvis Piblik:** Tout elèv yo patisipe nan pwojè sèvis kominotè yo prevwa nan orè a. Tout elèv dènye ane yo dwe fè 100 èdtan sèvis estaj pou City Project la.
- **Syans:** twa (3) kredi syans laboratwa ki genyen Biyoloji, Chimi ak Fizik. Elèv dènye ane yo ka etidye Biyoloji Avanse oswa Teknoloji ak Jeni tou. Y ap enskri kèk elèv nan Syans Lavi pou yo ka fè kat (4) kredi nan syans.
- **Lang Etranjè:** de (2) kredi Panyòl oswa Anglè kòm Dezyèm Lang.

Elèv dènye ane yo dwe pase tout kou yo, menm egzamen ekri e oral yo tou pou yo jwenn diplòm yo.

### LÒT ELEMAN NAN PWOGRAM ETID LA

- **Konsèy.** Chak elèv City on a Hill fè pati yon gwoup konsiltatif ki reyini de fwa pa jou soti lendi pou rive jedi, epi yon fwa nan vandredi. Konsèy yo gen de peryòd reyinyon chak semenn, yon jounen aktivite, epi yon jounen preparasyon/deba pou Asanble Piblik la.
- **Asanble Piblik** Asanble Jeneral la se yon pati obligatwa nan lekòl la e yo evalye elèv dènye ane yo an fonksyon de patisipasyon yo nan deba yo nan kad kou yo genyen sou City Project la.
- **Estaj.** Nan dènye ane a, elèv yo fè yon estaj nan kad pwojè City Project yo a.
- **Seminè Preparasyon pou Kolèj/Aprè Segondè pou sik Mwayen e Siperyè.** City on a Hill prepare elèv yo pou chwazi epi reyisi yon plasman aprè Segondè kote y ap fè siksè. Elèv yo pratike pou pase egzamen nòminal, vizite kolèj yo, patisipe nan kou preparasyon pou etid nan kolèj obligatwa epi resevwa konsèy patikilye pou planifikasyon etid yo. City on a Hill ap fè efò pou l òganize kantite vwayaj posib pou vizite kolèj yo, inivèsite yo ak ekspozisyon inivèsite yo. Nou ankouraje elèv yo ak fanmi yo pou yo jwe yon wòl aktif, pou yo visite kolèj ak inivèsite yo pou kont yo.
- **MCAS.** Tout elèv yo dwe pase MCAS avèk nòt "Bezwen Amelyorasyon" oswa yon pi bon kòmantè pou yo jwenn diplòm yo.
- **Tès ACT.** Elèv 11èm ane pran tès ACT a.
- **Kou Konplè.** Tout elèv yo oblije mentni yon chaj kou konplè. Elèv dènye ane ki konplete etid yo nan yon matyè patikilye pral swiv kou avanse oswa lòt kou avanse pou ka kontinye preparasyon li pou kolèj oswa inivèsite.
- **Papye Majè.** Tout elèv City on a Hill ap itilize fòm Modern Language Association (MLA) nan pou atik prensipal yo. Nan devyèm ak dizyèm ane, elèv yo ap fè pwenn nan travay esansyèl yo pou erè fòmataj. Nan onzyèm ak douzyèm ane, y ap remèt elèv yo devwa a si l pa byen fòmate. Elèv la pa resevwa okenn kredi pou travay li fè a.
- **Reekriti** nan klas 9<sup>èm</sup> ak 10<sup>èm</sup> ane yo pèmèt reekriti si pwofesè a wè sa nesèsè. Klas 11<sup>èm</sup> ak 12<sup>èm</sup> ane pa janm aksepte reekriti.

## Kredi ak Nòt

### *SOU KISA YO EVALYE ELÈV YO*

Elèv fè nòt akademik pou yon kou an fonksyon de **travay** yo ak **konpetans** yo.



**Travay**

- devwa lakay
- devwa nan klas
- papye ak pwojè
- evalyasyon ak quiz
- ekriti

**Konpetans**

- oral
- kontni
- ekriti

**Konpetans**

Konpetans yo se evalyasyon yo bay lè chak kou fini nan City on a Hill pou yo ka mezire aprantisaj elèv la. Chak kou gen yonn ou plizyè konpetans ki gen ladan yo, travay rechèch, pwojè, egzamen ekri oswa ekspozisyon.

**Jiri.**

Nan fen chak ane, chak elèv prezante yon echantiyon travay li bay yon jiri ki gen yon pwofesè, yon elèv ak manm kominote a. Se manm jiri yo se konpetans oral final matyè sa a (pafwa yo konn rele jiri yo "Oral"). Se pa tout kou ki gen yon Jiri. Elèv yo dwe mete abiman pwofesyonèl pou tout Jiri yo.

	Anglè	Matematik	Panyòl	Syans	Istwa
Nivo 1					Oral
Nivo 2			Oral	Oral	Oral
Nivo 3		Oral	Oral		
Nivo 4					
Nivo 5					Oral (CP)

*KIJAN YO EVALYE ELÈV YO*

Nan tout klas yo klasman an fèt konsa:

- 90 - 100 = A
- 80 - 89 = B
- 70 - 79 = C
- 0-69 = "Poko Konpetan," ki vle di an Anglè Not Yet Proficient (NYP)

Nòt final yon elèv baze sou nòt final kou a (80% nòt final la) ak sou konpetans final yo (20% nòt final la). Nòt konpetans final la konpoze omwen de yon konpetans ekri, men li kapab genyen yon konpetans oral (jiri) tou epi/oswa yon egzamen final selon kou a. Enfòmasyon sou konpetans espesyal yo pibliye nan pwogram chak kou yo distribye bay elèv yo nan kòmansman chak kou.

**Kijan Pou Jwenn Kredi**

**Klas Pasaj**

Reyisi tout egzajans yon kou nan City on a Hill avèk omwen 70%.

**Kou Deyò/Sou Entènèt**

Swiv yon kou dete oswa yon kou ki dire twa mwa City on a Hill apwouve epi reyisi tout konpetans City on a Hill pou kou ki konparab avèk li a. Si w te swiv yon kou sou entènèt oswa nan yon lòt lekòl, City on a Hill kapab pran nòt ak egzamen final lekòl sa a kòm konpetans final City on a Hill.



### **Rekiperasyon Kredi Ete City on a Hill**

Pou w kalifye pou rekiperasyon kredi nan City on a Hill, yon elèv dwe fè B- oswa plus nan kou anvan an, epi fòk li gen yon rekòmandasyon pwofesè li. Direktè lekòl la ap pran desizyon final la konsènan kalifikasyon pou rekiperasyon kredi a. Elèv ki reyisi rekipere kedi kou ete yo ap jwenn nòt pou kou rekiperasyon kredi yo an sou relve de nòt yo. Yo dwe pase ni kou a, ni konpetans final la pou yo ka jwenn kredi yo.

### **Tès Plasman**

Elèv yo gen posibilite pou pran yon tès plasman epi pran yon egzamen nivo pou yon matyè patikilye. Si yon elèv pran yon egzamen nivo pandan premye ane etid li, l ap resevwa yon "A" sou relve de nòt li pou kou li sote a oswa yo retire pou li a. Pa egzansp, si yon elèv pran egzamen Aljèb II, l ap fè "A" pou Aljèb paske li te vrèman konpetan nan Aljèb nan 8èm ane.

### **Repetitè ak Liy de Baz**

Elèv ki double yon klas KAPAB pase a pwochen kou nan sekans lan si elèv la fè 75% oswa plis sou liy de baz la epi si l jwenn pèmisyon pwofesè prensipal la, nouvo pwofesè a epi Direktè a oswa Direktè Adjwen an. Epi aprè elèv la ap fè yon C- sou relve de nòt li pou kou sa a.

### **Politik ak Kalifikasyon pou Diplome**

Pou w kalifye pou diplome, elèv la dwe swiv tout kou City on a Hill egzijje yo epi fè yon nòt kalifikasyon nan MCAS. Elèv yo pa gen dwa enskri nan de kou ki fè menm matyè an menm tan. Se sèlman finisan ki reponn a tout egzijans yo fè pou diplome yo k ap kapab patisipe nan seremoni pou remèt diplòm nan. City on a Hill egzijje elèv finisan yo swiv yon orè kou konplè. **Pou kalifye pou resevwa diplòm nan, elèv finisan yo dwe fini kou yo epi aprann sa ki nesèsè nan TOUT kou y ap swiv yo.**

### **Nivo Klas**

Yo bay elèv yo yon nivo eskolè patikilye (9-12) an fonksyon de ane y ap diplome a epi anotasyon yo lekòl la. Elèv yo paka pase yon klas toutotan yo pa reponn a tout egzijans klas sa a. Aprè yo fin konplete tout egzijans 11èm ane a, y ap konsidere elèv la se yon "finisan sètifye."

Elèv yo dwe omwen enskri nan kou annapre yo pou yo konsidere yo se manm klas sa a:

**Klas 10èm Ane:** Anglè 2, Jewometri ak omwen Istwa Ameriken: Edikasyon Sivik e plis, Biyoloji. Elèv sa yo dwe pran MCAS nan sezon prentan.

**Klas 11èm Ane:** Anglè 3, Aljèb II/Pre Kalkil ak omwen Istwa Mondyal, Panyòl 1 ak Chimi. Elèv sa yo tou patisipe nan seminè pou jèn pandan tout ane a.

**Klas 12èm Ane:** Anglè 4, Pre Kalkil/Kalkil Avanse/Estatistik, City Project ak omwen Panyòl 2, A Istwa ak Syans Eleksyon. Elèv sa yo tou patisipe nan seminè pou finisan pandan tout ane a.

### **Politik ak Kalifikasyon pou Kou Dete**

Lefèt ke City on a Hill gen yon kapasite limite pou kou dete, sèlman elèv ki gen mwayèn jeneral yo 60 ou plis k ap jwenn plas nan kou dete yo. Elèv yo ka enskri **two** kou o maksimòm. Annatandan direktè lekòl la apwouve li, elèv yo gendwa swiv kou yo egzijje nan yon lòt distri, men anvan yon elèv pase nan City on a Hill, li dwe pran egzamen konpetans City on a Hill bay pou kou sa a epi pase li.

Kou dete yo fèt nan 15 premye jou aprè konje 4 jiyè a. Elèv yo dwe vin nan kou dete yo fizikman, a mwens ke Direktè a voye yon otorizasyon espesyal pou li pou l pa vini. Li pa ekate elèv ki gen yon pwogram Pèfoksyonman an Ete yo.

Yo klase kou dete yo yon fason inifòm. Gen twa egzamen ki fèt nan kou dete yo e ki reprezante 60% nòt jeneral la. Lòt 40% ki rete a reprezante devwa nan klas ak devwa lakay.

### **Kou Plasman Avanse**

City on a Hill bay divès kou Plasman Avanse, li depann de campus la. Elèv yo resevwa yon ogmantasyon de 1.0 pwen sou nòt yo fè nan fen ane a. Nan kèk campus City on a Hill, elèv ki pran egzamen avanse yo pa bezwen pase egzamen final pou kou a, sof yon ti kantite elèv ki kapab pa pase egzamen avanse a paske yo resevwa egzamen modifye. Nan ka sa a elèv la dwe pase egzamen final kou a, jwenn apwobasyon pwofesè a epi pèdi masyon AP a nan relve de nòt li.

### **Doub Enskripsyon**

Elèv yo gen posibilite pou swiv kou a doub enskripsyon nan divès inivèsite asosye. Elèv yo dwe jwenn otorizasyon konseye oryantasyon yo oswa direktè lekòl yo pou yo ka swiv yon kou a doub enskripsyon. Elèv yo ap jwenn kredi City on a Hill ak inivèsite kote yo bay kou a an menm tan. Elèv yo resevwa nòt yo fè pou kou a ak yon penalite de 1.0. Si yon elèv pa pase kou a, li dwe rebran yon lòt kou a doub enskripsyon. Si yo pase oswa echwe nan yon kou, City on a Hill ap mete nòt nimerik yo fè a sou relve de nòt yo. Si yon elèv abandone, li dwe enskri yon kou a doub enskripsyon nan pwochen semès la, li pa p fè sa sof si Direktè a ba li yon otorizasyon espesyal pou sa. Si se inivèsite asosye a ki retire elèv la, elèv sa a pa p gen otorizasyon pou enskri nan kou a doub enskripsyon yo san otorizasyon espesyal inivèsite a ak Direktè lekòl la.

### **Vizit sou Teren**

Pou yo aksekte yon elèv nan yon vizit sou teren nan City on a Hill, li dwe an règ a lekòl la epi li dwe gen bon konpòtman pandan ane lekòl la. Yon elèv gendwa pa kalifye pou yon vizit sou teren pou yon nan rezon annapre yo (selon jan administrasyon City on a Hill oswa pwofesè k ap òganize vwayaj la deside):

1. Yo te sispann elèv la nan lekòl la.
2. Yo te voye elèv la nan Biwo Dwayen an plizyè fwa pandan ane lekòl la.
3. Elèv la prèske rive nan limit absans san jistifikasyon yo otorize pou ane lekòl la oswa li depase limit sa a.
4. Elèv la pa pase kou li yo a yon nòt de 70% oswa plis a nenpòt moman anvan vwayaj la.
5. Elèv la souvan an reta.
6. Yo te retire elèv la lekòl la oswa lakay li akòz twoub mantal.
7. Lòt sikonstans siplemantè patikilye ke direktè a ta jwenn.

### **Tès Nòmralize**

Tès elèv yo ka pase se **ACT Practice Test, MCAS, AP, ak ACT**. Nou konseye paran yo/gadyen legal yo achte yon liv preparasyon ACT pou timoun yo. Lè elèv yo fè bèl nòt nan tès sa yo, sa kapab ede yo antre nan inivèsite epi jwenn bousdetid.

City on a Hill prepare elèv li yo pou MCAS nan klas la. Pwogram etid Anglè ak Matematik la adapte ak swen nan kad ansèyman Massachusetts e Pwogram de Baz komen an.

Elèv junior yo swiv yon kou preparasyon pou ACT nan City on a Hill, ki fè pati de orè yo.

### **Konsèy**

Konsèy la dirije pa yon manm direksyon an yo chwazi kòm Konseye elèv yo. Sèvis konsiltatif City on a Hill yo gen twa objektif:

1. **Sansibilizasyon:** Konseye yo konnen elèv yo byen. Konseye yo se pòt pawòl elèv yo nan lekòl la, epi se lyen ant fanmi yo ak lekòl la.





2. **Konsèy ak Siveyans Akademik:** Konseye yo siveye pwogrè akademik elèv yo epi ba yo konsèy sou kijan pou yo fè bon chwa akademik yo.
3. **Twa Pilye Misyon an: Pèfòmans Akademik, Lidèchip, Sitwayènte:** Konseye yo prepare elèv yo pou demontre konpetans yo nan twa domèn sa yo.

## Resous Bibliyotèk e Teknolojik

Lefèt ke nou itilize vil la kòm yon lekòl elaji, City on a Hill gen sèlman yon ti bibliyotèk. Elèv City on a Hill yo dwe gen yon kat bibliyotèk nan bibliyotèk minisipal la. Tout elèv City on a Hill yo resevwa yon kat Bibliyotèk Minisipal la epi yo mennen yo ladan li pou yo kapab aprann itilize ekipman rechèch yo.

## Liv

Elèv yo responsab pou kenbe liv yo nan menm kondisyon yo te resevwa yo a pou yo kapab remèt yo nan fen ane a. Yon elèv ki pa remèt yon liv nan menm kondisyon li te pran nan kòmansman ane a, li pa p gen aksè patisipe nan kou ratrapaj yo oswa aktivite k ap fèt yo jiskaske li peye liv ki manke a oswa li fè yon plan pèman ak lekòl la.

## RÈGLEMAN E KISA LEKÒL LA AP ATANN

### Sitwayènte

Sitwayènte vle di n ap fè efò pou kenbe prensip sivilite yo, favorize angajman ak patisipasyon sivik elèv yo, epi relye lekòl nou an ak sak pi bon nan Boston.

### Gouvènman Elèv

City on a Hill gen yon konsèy elèv aktif, ki dirije pa de manm direksyon an. Chak manm Gouvènman Elèv yo eli pa Konsèy Konsiltatif yo. Gouvènman Elèv la fè deba epi diskite sou politik ak aktivite lekòl la.

### Asanble Piblik

Asanble Piblik la fèt chak semenn. Se konsèy yo ki òganize epi anime deba yo. Objektif Asanble Piblik la se pou enfòme elèv yo epi motive yo fè aksyon pandan y ap diskite sou pwoblèm yo menm e kominote yo ap konfwonte. Pwopozisyon Asanble Piblik yo prezante ofisyèlman bay Direktè a oswa Direktè Adjwen an pou yo apwouve yo anvan yo fè deba sou yo.

Lè elèv yo vote an favè yon rezolisyon nan Asanble Piblik la, vòt la pa nesèsman gen okenn efè sou politik oswa pratik lekòl la. Konseye ki responsab pou anime deba sou rezolisyon sa a kapab prezante bay Direktè a oswa lòt otorite yo, yon pwopozisyon final eklere pa deba a pou yo kapab analize li. Nou envite paran yo/gadyen legal yo e menm piblik la pou yo vin asiste.

### Aktivite Espòtif e Paraskolè

City on a Hill Public Schools pa fè, ni li pa dwe fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon (kwayans), sèks, ekspresyon seksyèl, idantite seksyèl, idantite transjan, tranzisyon seksyèl, laj, nasyonalite (asandans), andikap, sanzabri, estati eta sivil, oryantasyon seksyèl, oswa estati militè nan pwogram, aktivite oswa operasyon li yo. Anjeneral se aksè egal nan pwogram ak aktivite yo, men se pa sa sèlman. Yo ofri elèv ki respekte prensip disiplinè e akademik yo nan City on a Hill aktivite espòtif e paraskolè kòm sadwa.

- **Laj:** Prensip lig Lekòl Charter yo sèke w dwe genyen 19 pou pi plis anvan 1ye septanm dènye ane ou la pou w ka fè espò.
- **Akademik:** Elèv yo bezwen yon nòt pasaj nan chak matyè pou w pakab kalifye pou w patisipe.



- **Prezans:** Elèv yo pa gendwa patisipe nan okenn pratik oswa jwèt si yo absan lekòl la, A MWENS KE Direktè a te jistifye absans lan davans. Elèv yo dwe asiste a omwen twa kou (kontaj konsiltatif) pou yo konsidere w "prezan." Si konkou a fèt yon wikenn, elèv yo dwe asiste omwen twa kou vandredi anvan an.
- **Espri espòtif ak Sitwayènte:** Nou atann nou elèv yo ap swiv prensip City on a Hill sou konpòtman ki apwopriye lè yo reprezante lekòl la, menm pandan konpetisyon espò yo. Tout règleman lekòl la aplike alafwa pou jwè e fanatik yo nan yon aktivite espòtif oswa lòt aktivite paraskolè.
- **Mokri/Betiz:** Nenpòt aksyon oswa kòmantè yon elèv itilize pou denigre, pwovoke, anbarase oswa imilye yon lòt entèdi. Li anti espòtif. Nenpòt moun ki ta afiche yon konpòtman konsa, y ap mande l kite konpetisyon an oswa aktivite a san pèdi tan, e yo gendwa gen lòt mezi disiplinè yo pran kont li.

\* Pou plis enfòmasyon sou règleman lig ak sanksyon yo, ak gade liv *Massachusetts Charter School Athletics* la. Sanksyon pou enfraksyon yo gendwa aplike a tout yon ekip tou, menm si moun ki koupab la se gade li t ap gade match la.

## RÈGLEMEN JENERAL LEKÒL LA

### Idantifikasyon: Bay Non Ou

Elèv yo DWE bay non yo a chak fwa yon pwofesè oswa yon volontè City on a Hill mande yo li. Yon timoun ki refize idantifye li oswa ki bay fo enfòmasyon yo konsidere l se yon menas pou sekirite lekòl la e y ap pran sanksyon kont li.

### Kite Lekòl la

Elèv yo pa gendwa kite campus la san otorizasyon yon administratè. Si yon elèv kite campus la, Biwo Prensipal la ap avèti Direktè a epi y ap rele lakay li. Nan kèk ka, Direktè a gendwa deside rele lapolis tou.

### Kòmmande Manje ak Lòt Bagay nan Lekòl la

Elèv yo pa JAMÈ otorize pou fè kòmman manje oswa lòt atik pou fè livre li nan lekòl la. Si yo livre yon bagay, Biwo Dwayen an ap sezi li e bagay sa a yo pa p retounen li. Paran yo gendwa pote manje oswa lòt bagay (tankou liv, devwa, ekipman pou espò, elatriye) nan Biwo Prensipal la epi Responsab Biwo a ap remèt elèv la yo.

### Plajya

Plajya se yonn nan fòm pou fè fwod. Ke se swa volontèman oswa pa aksidan, plajya se yon zak grav e yo pini moun pou sa.

Plajya se nenpòt nan sa annapre yo:

- kopye yon fraz, yon ekspresyon oswa yon pasaj ki pi long nan yon sous epi pou w fè l pase kòm ki dire se pou ou li ye;
- rezime oswa kopye mo, ide oswa opinyon yon lòt moun san w pa ba li kredi a;
- parafraze ide yon lòt moun san w pa admèt zèv la pa pou ou;
- achte yon devwa final epi remèt li kòm si se te pa w li te ye.
- lè w bliye mete gimè anvan e aprè pawòl yon lòt ekriven;
- bliye yon sitasyon sous pou ide yon lòt moun

Konsekans plajya se sa ki annapre yo:

**1ye enfraksyon:** Rele fanmi an epi 0 pou devwa a. Sa aplikab pou TOUT devwa nèt, menm pou evalyasyon konpetans oswa evalyasyon entèmedyè yo.

**2èm enfraksyon:** Yon rankont serye ant Direktè a ak elèv la, epi yo siyen yon kontra pou esplike kòm konsekans final, l ap pèsi kredi akademik yo. Elèv la fè 0 pou devwa espesyal sa a tou.

**3èm enfraksyon:** Pèdi kredi akademik yo, sa depan de sa Direktè a deside.

## Teknoloji Apwopriye e Itilizasyon Entènèt


Nou atann nou tout elèv City on a Hill ap itilize teknoloji, espesyalman entènèt, SÈLMAN pou sa ki gen rapò a edikasyon.

<p>Itilizasyon Akseptab Teknoloji:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>● Rechèch pou devwa</li><li>● Lojisyèl tretman tèks oswa baz done pou yon devwa lekòl la</li><li>● Aplikasyon Pedagogik</li></ul>	<p>Itilizasyon ki pa Akseptab de Teknoloji:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>● Revele enfòmasyon pèsònèl ki konsènen w oswa ki konsènen lòt moun</li><li>● Konsilte materyèl difamatwa, pònografik, ki fè asèlman oswa ki ilegal</li><li>● Vyolasyon lwa sou dwa dotè</li><li>● Itilizasyon entènèt pou nenpòt aktivite ilegal</li><li>● Falsifikasyon oswa modifikasyon sistèm enfòmasyon la</li><li>● Voye/resevwa imèl ki pa gen rapò a lekòl la</li><li>● Chat sou entènèt</li><li>● Anmède moun sou entènèt ( Gade "Prevansyon Entimidasyon e Entèkansyon" pou deskripsyon.</li></ul>
--	---

## JISTIS REPARATRIS

City on a Hill adopte yon apwòch reparatris kilti eskolè ak disiplin elèv yo. Apwòch sa a konbine bezwen ki genyen pou fè elèv yo responsab konpòtman yo ak yon anviwònman aprantisaj pozitif kote granmoun yo ankouraje elèv yo aprann de pwòp erè yo epi pou yo kontinye grandi. Li mete aksan sou entèkansyon disiplinè ke yo pa sèlman pini, men ki bay sipò tou. Objektif nou se ede elèv yo devlope aptitud sosyal, emosyonèl epi non kognitif ke yo bezwen pou devlope e mentni bon relasyon ak kamarad yo e granmoun yo, nan lekòl la e nan kominote a.

Yon apwòch pa ni pèmisi (sipò san responsabilite), ni pinitif (responsabilite san sipò). Yon lekòl reparatris vle di ke n ap chèche mentni objektif elve ak responsabilite pou konpòtman elèv yo pandan n ap ofri yon anviwònman aprantisaj ki ede elèv yo reponn a egzijans sa yo.



Eleman kle apwòch reparatris disiplin eskolè nou an genyen:

- Egzijans konpòtman klè pou elèv yo
- Okazyon pou elèv yo aprann epi eseye reponn a egzijans sa yo.
- Fòmasyon ak soutyen pèsònèl pou yo kapab ankouraje konpòtman pozitif yo ak efikasite epi soutni elèv ki pa reponn a egzijans sa yo.
- Pratik ak pwosedi nan tout lekòl la pou soutni elèv ki pa reponn a egzijans yo, ki rann elèv yo responsab konpòtman yo epi ki ede yo tire leson nan erè yo.

## DISIPLIN AK RESPONSABILITE ELÈV

Nan City on a Hill nou pran kesyon disiplin nan vrèman o serye. Tout pwoblèm disiplin grav yo dwe gen yon ankèt ki fèt sou yo e yon pwosedi regilye de yon Administratè nan City on a Hill, tankou yon Dwayen, yon Direktè Adjwen oswa Direktè a. Elèv la ak tout fanmi li enplike nan pwosesis analiz sitiyasyon an dapre pwotokòl annapre a: Elèv yo ak tout fanmi yo gen pou devwa konnen pwosedi disiplinè City on a Hill yo.

### Retni Regilye: Retni yo fèt twa fwa pa semenn, lendi, madi ak jedi soti 3:30 rive 4:15 PM.

- Fèy refleksyon an dwe ranpli anvan lòt travay yo fèt. Refleksyon an dwe fini anvan 4 PM.
- Li entèdi pou pale epi elèv yo dwe fè devwa ki an rapò a lekòl. Si yon elèv pa gen devwa, l ap fè preparasyon MCAS/SAT/ACT (9èm aane= Syans, 10èm ane = Matematik/Anglè e 11èm/12èm = SAT/ACT).
- Elèv ki rive anreta nan retni yo san yo pa gen yon nòt pwofesè a, y ap konsidere yo sote retni an.
- Retni yo pa dwe rate sou okenn pretèks.
- Yon elèv ki rate retni y ap voye l nan biwo Dwayen an.
- Y ap kontakte paran yo si elèv la pa konplete retni an.

**Retni Vandredi: Retni vandredi fèt nan vandredi soti 1:30 rive 3:30**

- Ti "quiz"/senaryo sou egzijans liv la e kijan pou reyaji a sitiyasyon yo.
- Fèy/pwopozisyon refleksyon pi long.
- Konvèsasyon pèsonèl ak administrasyon an antanke "retou."
- Silansye/angaje nan travay/lekti pou rès retni an oswa yon travay adisyonèl
- Kontakte paran yo pou enfòmasyon yo sou konpòtman, pwochen etap yo epi epi klarifye egzijans ki konsène politik yo.
- Elèv ki rive anreta nan retni yo san yo pa gen yon nòt pwofesè a, y ap konsidere yo sote retni an.
- Retni yo pa dwe rate sou okenn pretèks.
- Yon elèv ki rate retni y ap voye l nan biwo Dwayen an.
- Y ap kontakte paran yo si elèv la pa konplete retni an.

**Politik Woulman** Retni ki pa sèvi yo (sa ki fèt lè yo ranvwaye elèv yo anvan lè) yo renouvle e yo dwe fè nan jou ki swiv la. Si retni yo pa fèt anvan fen semenn nan, y ap voye elèv la nan Biwo Dwayen an. Lè yon elèv gen senk retni ki pa fèt, yo voye li nan Biwo Dwayen pou fikse yon reyinyon paran.

**Voye bay Dwayen an oswa Administratè a**

Anpil nan dezòd yo, y ap trete nan klas la ak pwofesè yo. Yo dwe voye elèv yo nan Biwo Dwayen an lè dezòd yo paka rezoud nan klas la. Wòl dwayen an se redrese epi restore pou elèv la kapab retounen nan klas.

**Enfraksyon Nivo 1** se dezòd minè nan anviwònman aprantisaj la. Konsekans posib pou Enfraksyon Nivo 1 yo se sa ki annapre yo (men se pa yo menm sèlman) reoryantasyon, konvèsasyon pou repare, medyasyon, sèvis kominotè, demerit, retni oswa rele paran elèv la.

**Enfraksyon Nivo 2** se dezòd grav nan anviwònman aprantisaj la. Konsekans posib pou Enfraksyon Nivo 2 yo se sa ki annapre yo (men se pa yo menm sèlman) konvèsasyon pou repare, medyasyon, retni, doub retni, rele paran yo, reyinyon ak Dwayen/Direktè a, voye elèv la lakay li oswa sispansyon.

**Enfraksyon Nivo 3** se konpòtman kriminel, menasan oswa ki make danje. Konsekans posib pou Enfraksyon Nivo 3 yo se (men se pa yo menm sèlman) reyinyon ak Dwayen/Direktè a, voye elèv la lakay li, sispansyon oswa odyans disiplinè.

<b><u>Enfraksyon Nivo 1</u></b>
Pa swiv konsiy
Langaj meprizab (langaj yo kapab konsidere ki vyole dwa sivil yon moun, ki diminye li akòz de sèks, ras, oryantasyon seksyèl, relijyon, kilti, orijin etnik, nasyonalite oswa andikap fizik oswa mantal li.)
Pa mete inifòm nan (Mete yon manto, chanday oswa yon djakèt ki pa pou City on a Hill oswa anko mete bòt oswa tenis )
Fè gwo bri nan klas la oswa nan koulwa a
5 minit reta oswa plis nan kou san otorizasyon
<b><u>Enfraksyon Nivo 2</u></b>
Aji yon fason deplase ak yon granmoun
Goumen (tankou kout baton, kout pye, goumen a lòt elèv, fè jwèt goumen epi kouri, men se pa sa yo sèlman)
Fè diskisyon osijè de demerit yo
Pètibasyon repete de espas aprantisaj la



Ensibòdinasyon (Refize enstriksyon egzat e rezonab tankou di non, deplase oswa repete yon konpòtman apwopriye) yon granmoun se yon ensibòdinasyon. Kèk egzanzp ensibòdinasyon se: refize remèt yon aparèy elektwonik, refize bay non w, refize deplase chèz ou, refize travay nan klas, refize chanje konpòtman ki pa apwopriye aprè plizyè oryantasyon.)
Sote Retni
Repete Enfraksyon Nivo 1
<b>Enfraksyon Nivo 3</b>
Posede zam. Zam se tankou: zam, katouch, kouto, fo pwen, zoti ak baton, men se pa sa yo sèlman.
Konsomasyon oswa podese dwòg oswa alkòl, oswa ankò si w atire konsomasyon dwòg ak alkòl.
Vòl
Entimidasyon
Fimen oswa pwodwi ki gen rapò a tabak ki gen ladan yo sigarèt elektwonik, oswa akseswa sigarèt yo elatriye, men li pa limite a sa yo sèlman.
Mete dife
Zak vandalis, grafiti oswa destriksyon byen
Asèlman seksyèl oswa lòt fòm asèlman
Brimad
Aktiivte seksyèl nan campus la
Fo alèt/anons bonm
Fot grav
Fwod
Pirataj
Langaj oswa konpòtman menasan/Batay (Yo pa tolere pou menase sekirite fizik oswa emosyonèl yon elèv, menm si elèv la sw "jwe l ap jwe.") <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sa gen ladan li konfli fizik ki pase swa sou campus la oswa deyò.</li> <li>• Sa genyenn langaj oswa konpòtman menasan sou campus la oswa deyò campus la (pa egzanzp, piblikasyon mesas sou nenpòt nan rezo sosyal yo).</li> </ul>
Repete Enfraksyon Nivo 2

Pa gen okenn sikonstans, rezon oswa eskiz pou yon moun gen zam sou li nan lekòl la. **Si w santi w menase oswa ou oblije pote zam**, pale ak paran/gadyen legal ou, konseye w oswa yon pwofesè **anvan** w panse itilize yon zam.

## Politik Telefòn Selilè

Si yon elèv bezwen rele lakay li, yo gendwa mande yon pwofesè pèmisyon pou itilize telefòn klas la pandan konsiltasyon oswa aprè lekòl.

### City on a Hill Dudley Square:

Tout elèv yo dwe lòk telefòn yo nan fouwo Yondr yo nan kòmansman jounen lekòl la lè yo antre nan espas la. Nenpòt elèv yo kenbe k ap itilize telefòn li, y ap sezi telefòn nan epi y ap remèt li lè lekòl la lage. Si gen enfraksyon repete, y ap sezi telefòn nan pou yon paran/gadyen legal vin chèche li nan City on a Hill. Pou w evite ke ou pran tan nan orè ou pou w fè sa, n ap ankouraje w raple elèv la mete telefòn li nan fouwo Yondr la kou jounen lekòl la kòmansman epi kite l la. Si yon elèv andomaje fouwo Yondr la, l ap peye \$15 pou ranplase fouwo a.

Si elèv la pa respekte politik sou telefòn selilè a y ap pran sanksyon annapre yo kont li.

- **Premye Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske jounen an fini, y ap avèti paran an oswa gadyen legal la epi elèv la ap siyen yon kontra pou yo remèt li telefòn nan.
- **Dezyèm Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske yon paran oswa gadyen legal la vin pran li. Y ap avèti paran/gadyen legal la. Elèv la ak tout paran/gadyen legal la dwe siyen yon kontra pou yo remèt li telefòn nan.
- **Twazyèm Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske yon paran oswa gadyen legal la vin pran li, pou yo fikse yon reyinyon paran epi elèv la pa p ka itilize telefòn nan lè kou yo.

**Sonje ke City on a Hill, ni anplwaye li pa responsab si pòtab yon elèv andomaje, si l pèdi oswa si yo vòlè li.**

**Nan City on a Hill Circuit Street ak City on a Hill New Bedford:**

Elèv City on a Hill yo kapab itilize telefòn yo nan sal minisipal la nan lè dejne ak manje midi a SÈLMAN. Si yon elèv ap koute mizik nan selilè li, li dwe itilize kas. Si yon anplwaye wè yon telefòn selilè oswa lòt aparèy elektwonik a nenpòt moman oswa **nenpòt lòt kote nan espas la**, y ap sezi selilè/aparèy elektwonik la.

**Sèl Moman ak Kote Elèv yo KAPAB Itilize aparèy Elektwonik:**

KILÈ	KI KOTE
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Anvan Lekòl</li> <li>• Nan lè Manje</li> <li>• Aprè Kontwòl (SOF POU retni ak sipò akademik).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nan Sal Minisipal la</li> <li>• Nan Sal Minisipal la</li> <li>• Nenpòt kote nan lekòl la</li> </ul>

- **Premye Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske jounen an fini, y ap avèti paran an oswa gadyen legal la epi elèv la ap siyen yon kontra pou yo remèt li telefòn nan.
- **Dezyèm Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske yon paran oswa gadyen legal la vin pran li. Y ap avèti paran/gadyen legal la. Elèv la ak tout paran/gadyen legal la dwe siyen yon kontra pou yo remèt li telefòn nan.
- **Twazyèm Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske yon paran oswa gadyen legal la vin pran li, pou yo fikse yon reyinyon paran epi elèv la pa p ka itilize telefòn nan lè kou yo.

**Sonje ke City on a Hill, ni anplwaye li pa responsab si pòtab yon elèv andomaje, si l pèdi oswa si yo vòlè li.**

**Merit ak Demerik**

**Merit** yo se pwen konpòtman pozitif yo bay pou bon konpòtman ki tradui atant lekòl la de elèv la.

Yo gendwa bay merit pou:

- Sansibilizasyon
  - Pran Inisyativ
  - Pwopozè chanjman pèsònèl e sistematik andedan kou deyò klas la avèk respè.



- Sitwayènte
  - Fè prèv moral wo
- Defann opinyon ki pa popilè
- Bay egzanp
- Èd Lòt
  - Ede tout anplwaye, elèv ak/oswa konimote
- Pèseverans
  - Yon kesyon/pwoblèm pou rezoud
  - travay nan sitiyasyon difisil

Yo remèt elèv ki gen plis merit yo pri chak trimès ( total merit elèv la fè mwens total demerit yo.) Anplis de sa, elèv yo ka fè "CoaH cash" pou chak 20 merit yo genyen. Yo kapab itilize deviz sa a pou patisipe nan tiraj osò pandan ane lekòl la pou lòt pri ki enpòtan tankou televizyon, kas, tablèt, elatriye.

**Demerit** yo se pwen konpòtman negatif yo bay pou move konpòtman. Yo bay demerit pou:

- Langaj ki pa apwopriye
- Pa Swiv Konsiy
- Pale/Deranje
- Anreta nan Kou

Yo dwiv dosye demerit elèv la pandan tout jounen an. Si yon elèv fè:  
3 demerit nan 1 klas = se yon referans nan biwo dwayen an  
7 demerit nan 1 jou = 45 minit retni

## Pwosesis Disiplinè

Paragraf annapre yo se gid jeneral pou dwayen yo pou yo ka detèmine ki disiplin yo dwe aplike lè gen enfraksyon pèsònèl. **Pou enfraksyon repete oswa grav ki nan Nivo II ou III (gade definisyon wo pi wo a), yon administratè CoaH ka aplike sanksyon yo pi lwen nan pwosesis disiplinè a.**

- Emisyon demerit
- Rankont pwofesè a ak elèv la aprè klas epi pwofesè a rele paran oswa gadyen legal elèv la
- Refere nan Biwo Dwayen an epi rele paran/gadyen legal la
- Retni epi rele paran/gadyen legal la
- Doub retni epi rele paran/gadyen legal la
- Rankont paran/gadyen legal la ak Dwayen an
- Rankont paran/gadyen legal la ak Dwayen an epi doub retni
- Rankont paran/gadyen legal la ak Direktè/Direktè Adjwen an
- Rankont paran/gadyen legal la ak Direktè/Direktè Adjwen an avèk kontra
- Sispansyon epi rankont paran/gadyen legal la ak Direktè/Direktè Adjwen an
- Odyans Disiplinè

Sa yo sanse se rezilta posib pwosesis disiplinè a e se pa yon gid etap pa etap.

\*An règ jeneral, City on a Hill pa enplike lapolis nan pwosesis disiplinè li, li gen tout dwa pou l fè apèl a fòs lòd kominotè yo nan yon sitiyasyon ki reprezante yon menas.

## Sispansyon Ekstraskolè (Sig anglè OSS)





Yo defini yon Sispansyon Ekstraskolè kòm yon retrè disiplinè omwen mwaye jounen an nan orè regilye aktivite lekòl elèv la. Sispansyon ekstraskolè a vle di elèv la pa gen dwa frekante lekòl la oswa patisipe nan aktivite lekòl la ap òganize pwovizwaman pandan peryòd yo fikse pou sispansyon an. Yon administratè ap detèmine dire sispansyon an. Apre yo te sispann yon elèv, li dwe kite campus City on a Hill la san pèdi tan. Li pa gen dwa patisipe nan okenn aktivite City on a Hill pandan peryòd sispansyon an. Si l vini sou campus la pandan sispansyon an (jiska reyinyon pou re antre a), li antre pa efraksyon sou pwopriyete prive a nou gendwa rele lapolis pou fè l ale.

## **Reyinyon Paran/Gadyen legal (Reyinyon pou re antre oswa Reyinyon Direktè)**

Nan City on a Hill nou rekonèt fason ki pi efikas pou re angaje yon elèv ki te gen sispansyon se fè elèv la, fanmi li epi chèf etablisman an patisipe nan yon reyinyon pou re antre, oswa yon reyinyon ak direktè a. Objektif reyinyon an se pou diskite sou konpòtman endezirab oswa règleman ki pa t respekte a, de mezi disiplinè yo te pran an ak plan aksyon ki dwe adopte pou asire elèv adopte yonn oswa divès konpòtman pwodikatif a lavni. Rankont sa a pèmèt nou asire nou tou ke gen mekanis sipò yo mete an plas pou lekòl la ka asosye li a elèv la e fanmi li pou nou asire nou ke n ap fè siksè. Nou ankouraje elèv yo ak fanmi yo pou yo patisipe. Yo gendwa planifye rankont yo an fonksyon de orè paran oswa gadyen legal la anvan, aprè oswa pandan lekòl la.

## **Kontra ak Avi Konpòtman**

Yon kontra elèv la, yon administratè ak paran oswa gadyen legal la siyen ki dekri konpòtman patikilye elèv la parapò a enfaksyon li te komèt deja epi pwochen sanksyon k ap aplike si konpòtman sa a repete. Vyolasyon yon kontra konpòtman abouti a yon rekòmandasyon entèkansyon ak posib mezi disiplinè ki kapab gen ladan li sispansyon, selon konpòtman elèv la. Elèv yo ak paran/gadyen legal yo gendwa resevwa yon avi ki avèti yo si konpòtman yo dekri yo kontinye, yo gendwa avèti elèv la ak paran/gadyen legal la. Avi yo pa bezwen siyen pou yo antre an vigè.

## **Prevansyon Entimidasyon e Entèkansyon**

City on a Hill Charter Public School pa p tolere okenn konpòtman ilegal oswa nwizib tankou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt oswa vanjans nan espas lekòl la, sou teren lekòl la, nan aktivite lekòl la ap òganize oswa deyò lekòl la e ki kreye yon anviwònman defavorab pou elèv sible a. N ap mennen yon ankèt rapid sou tout denonsyasyon ak plent pou entimidasyon, entimidasyon sou entènèt ak vanjans epi n ap pran desizyon byen vit pou retabli anviwònman aprantisaj sekirite pou elèv ki viktim entimidasyon an, epi anpeche lòt zak entimidasyon oswa asèlman de elèv yo idantifye kòm moun k ap fè entimidasyon an.

Plan entèkansyon ak prevansyon entimidasyon City on a Hill Charter Public School la se yon apwòch global pou lite kont entimidasyon, entimidasyon sou entènèt ak vanjans ki kapab fè enpak sou bon anviwònman lekòl pou tout elèv yo. City on a Hill angaje li pou travay ak elèv yo, anplwaye yo, fanmi yo, òganis ki la pou fè aplike lalwa yo e kolektivite a pou lite kont entimidasyon ak asèlman nan lekòl. Nan konsiltasyon ak gwoup enterè sa yo, nou etabli plan prevansyon e entèkansyon kont entimidasyon pou anpeche, entèveni epi reyaji nan zak entimidasyon, entimidasyon sou entènèt ak vanjans yo.

Pou plis enfòmasyon sou entimidasyon, al gade nan Anèks la.

## **Egzèsis Dife ak Sekirite**

Nan chak pyès nan City on a Hill li gen yon kat ki afiche ki di ki montre ki kote pou soti e kijan pou fè sa. Règ egzèsis dife yo se:

1. Swiv pwofesè a pou w ka swa rete nan sal la oswa soti.
2. Rete ak klas la.
3. Soti dirèkteman selon enstriksyon yo.



4. Soti dirèkteman deyò selon enstriksyon yo. Soti dirèkteman epi rete a tout klas la ak pwofesè a kote ki fèt pou sa jiskaske yo pase lòt enstriksyon.
5. Rete an silans pou granmoun yo ka tandè epi pase lòt enstriksyon.

Tout elèv ki pa respekte règ egzèsis sa a mete sekirite lekòl la an danje e yo ka pran sanksyon kont yo.

## Kominikasyon ak Elèv e Fanmi

**Rapò Etap ak Bilten.** W ap resevwa uit rapò ekri sou pwogrè pitit ou a pandan ane lekòl la (kat rapò sou pwogrè ak kat bilten chak trimès). Anplis, y ap fè konferans paran/konseye nan fen chak trimès pou pèmèt paran/gadyen legal yo fè bilan elèv yo epi diskite ak Konseye a.

**Pòtay Elèv/Paran.** Pòtay Elèv/Paran an se yon pòtay wèb famiyal kote yon itilizatè ki gen e otorizasyon kapab wè estati eki enkri nan City on a Hill. Pòtay kominotè a pèmèt fanmi yo gen aksè a dosye prezans, dosye konpòtman ak lis kou chak elèv.

**Pwoblèm Prezans oswa Konpòtman.** Chak fwa gen yon pwoblèm grav, dwayen sitwayènte a oswa Konseye pitit ou a ap rele w pou ka enfòmè w de pwoblèm nan.

**Èvènman ak Aktivite Lekòl la.** Dat aktivite lekòl yo ap afiche nan kalandriye lekòl la. Pou w ka konsilte kalandriye lekòl ou a, ou ka pran kontak ak Biwo Prensipal la oswa ale sou sit entènèt City on a Hill la.

## Fòmilè pou Ranpli

Fanmi yo dwe ranpli, siyen fòmilè annapre yo epi retounen yo nan lekòl la.

- Enskripsyon (genyen telefòn nou ka rele lajounen ak kontak dijans)
- Kat Vaksinasyon/egzamen fizik anyèl
- Kontra Elèv ak Lafanmi
- Prèv elèv la pase uityèm ane
- Fòmilè vizit sou teren

Tanpri, sonje rele Biwo Prensipal la lè w chanje adrès oswa ou chanje nimewo telefòn.

## Komite ak Patisipasyon

**Konsèy Paran.** Chak paran ki gen yon timoun nan City on a Hill se manm Konsèy Paran an. Reyinyon Konsèy Paran yo fèt yon samdi chak mwa. Tanpri verifiye dat reyinyon ki nan kalandriye lekòl la. Konsèy Paran an fè eleksyon pou dirijan chak otòn ki genyen de reprezantan Konsèy Lekòl la. Konsèy Paran òganize kòlèk fon, diskite sou kesyon kle ki konsène lekòl la, akeyi konferansye ki envite yo, epi rete an kontak sere ak administrasyon City on a Hill la. Sekretè konsèy la kenbe yon pwosè vèbal tout reyinyon yo. Piblik la ka konsilte pwosè vèbal sa a. Reyinyon yo fèt jou samdi a 10:00am sou campus lekòl la.

**Konsèy Lekòl la.** Konsèy Lekòl se yon gwoup ki konseye Direktè etid la ak Direktè Jeneral la. Li konpoze pa de reprezantan fanmi (ki eli pa Konsèy Fanmi an), de elèv (ki eli pa Konsèy Elèv yo) ak de pwofesè (ki eli pa pwofesè yo). Konsèy la diskite sou pwoblèm ak defi lekòl la ap rankontre epi bay direksyon lekòl la konsèy sou solisyon yo. Tout moun nan kominote a ka asiste reyinyon Konsèy Lekòl yo. Yonn nan manm eli yo ap kenbe pwosè vèbal tout reyinyon Konsèy Lekòl yo epi konsève li nan Direksyon an. Piblik la ka konsilte pwosè vèbal sa a.

**Komite Konsèy Administrasyon an.** Konsèy Administrasyon City on a Hill la dirije lekòl la, anplis li sipèviz jezyon finansye lekòl la. Reyinyon yo fèt yon fwa pa mwa epi li ouvè pou piblik la asiste. Yo disponib pou piblik la ka konsilte.

**Pwopozisyon.** Nenpòt paran/gadyen legal, elèv oswa pwofesè kapab prezante pwopozisyon ofisyèl bay direktè lekòl la konsènan politik, pwogram etid oswa pwogrè eskolè yo nan City on a Hill. Si yon pwopozisyon konsènen yon elèv an patikilye, konsèy elèv la dwe patisipe nan pwosesis la. Si pwopozisyon an se osijè de yon chanjman politik, Konsèy Paran an, Konsèy Elèv la, Asanble Piblik la oswa pwofesè yo dwe fè deba sou pwopozisyon an anvan yo prezante l bay Direktè a.

## Kominike ak Dirijan City on a Hill

**Estrikti Direksyon City on a Hill** Ekip direksyon City on a Hill la kompoze de yon Direktè ak yon Direktè Adjwen. Direktè lekòl la sou responsabilite Chèf Etablisman yo. Chèf etablisman yo sou responsabilite Direktè Jeneral la, epi li menm li sou responsabilite Konsèy Administrasyon an.

**Pwosesis Reklamasyon.** Sa fèt souvan pou kominike touswit ak Ekip Direksyon an si gen yon preokipasyon oswa dezakò osijè de eksperyans elèv ou a nan City on a Hill. Men nan City on a Hill, nou etabli yon pwosesis kominikasyon pou nou asire nou pwoblèm n ap adrese a nou rezoud li san difikilte. Anpil fwa pwoblèm sa yo kapab rezoud anvan menm direksyon an antre nan sa. Swiv enstriksyon sa yo lè w gen yon pwoblèm. Si w pa satisfè a rezilta yon etap, pase nan pwochen etap la.

1. Toudabò adrese pwoblèm ou an a anplwaye ki enplike a dirèkteman pa telefòn, ma imèl oswa rele pou pran yon randevou.
2. Pou pwoblèm akademik yo, fè apèl a Pwofesè Prensipal departman akademik lan. Fè apèl a Dwayen Sitwayènte a si l gen rapò a sanksyon disiplinè. Kominite dirèkteman a moun ki apwopriye a nan telefòn, pa imèl, oswa nan telefòn pou ka fikse yon reyinyon.
3. Kontakte Biwo Prensipal la pou ka pran yon randevou ak Direktè a.
4. Fè apèl a Direktè Akademik la pa ekri. Ou gendwa adrese yon lèt pou (*Direktè Akademik la*) Chief Academic Officer, 15 Allerton St Roxbury, MA 02119. Bay tout presizyon posib epi tou enkli rezilta kominikasyon w te genyen nan de premye etap yo.
5. Fè apèl a Direktè Jeneral e Konsèy Administrasyon pa ekri. Ou gendwa adrese yon lèt pou (*Direktè Jeneral la*) CEO, 15 Allerton St Roxbury, MA 02119. Bay tout presizyon posib epi tou enkli rezilta kominikasyon w te genyen nan twa premye etap yo. Konsèy Administrasyon an ap konsidere sèlman plent Direktè a ak Direktè Jeneral la tranche sou yo deja.

## Fich Otorizasyon

**Vizit sou Teren.** Nou mande fanmi yo pou siyen yon fòmilè otorizasyon jeneral sòti edikatif pou pèmèt pwofesè yo mennen elèv yo vizite sit kominite ki aksesib a pye oswa nan transpò piblik yo. Ou siyen fòmilè sa a lè elèv la enskri nan City on a Hill e li rete nan dosye li toutotan elèv la nan City on a Hill. Paran oswa gadyen legal yo gendwa bay yon anplwaye City on a Hill yon pèmisyon vèbal anvan yo pati nan ekskizyon an.

**Medya/Piblisite.** Nou mande paran/gadyen legal yo pou siyen yon fòmilè otorizasyon jeneral pou yo ka mete elèv yo nan piblikasyon lekòl la ap fè. Fèy otorizasyon sa a siyen lè elèv la enskri nan City on a Hill e li valab toutotan elèv la nan lekòl la.

## Politik Medikal

Chak elèv k ap enskri nan City on a Hill, li dwe gen yon dosye sante aktyalize, ki gen vaksen yo. Y ap retire elèv la nan lekòl la jiskaske nou resevwa dosye sa a. *Nòt: Yo gendwa pa mande yon elèv pou bay enfòmasyon sa yo nan kèk ka ki limite pou rezon medikal, rezidans oswa relijye. Nan ka sa a, paran an dwe diskite sa ak Direktè a.*



Si yon elèv bezwen medikaman pandan li lekòl, enfimyè oswa pwofesyonèl sante lekòl la ap sipèvize li selon kritè lalwa egzije annapre yo:

- **Medikaman yo preskri** yo dwe nan flakon orijinal famasi a. Paran oswa gadyen legal la dwe siyen fòmilè administratif ki apwopriye a.
- **Medikaman san preskripsyon** yo dwe nan flakon orijinal yo tou, epi yo dwe gen enstriksyon yon doktè ekri epi konsantman paran an oswa gadyen legal la.
- Elèv ki bezwen medikaman yo ap swiv pwotokòl oto administrasyon an ke konsiltan sante a ap revize chak semenn. Se konsiltan sante a k ap bay premye swen. Pwofesè ak administratè yo pa gendwa bay okenn medikaman, menm medikaman san preskripsyon yo, sof si ta gen yon ijans kote elèv la soufri yon alèji oswa yon maladi tout moun konnen epi kote gen yon òdonans espesyal yon doktè otorize ak konsantman ekri paran oswa gadyen legal la. **Yo pa p bay okenn medikaman san preskripsyon epi konsantman paran/gadyen legal la.**

City on a Hill bay elèv yo kèk sèvis sou plas. Elèv City on a Hill yo fè tout egzamen medikal eta a egzije yo (tankou egzamen zye, dan, posti, ak zòrèy). Konseye nan sante mantal yo disponib pou rankontre elèv yo ak fanmi yo epi refere yo pou sèvis konsiltasyon regilye. Lè sèvis sou plas yo paka trete pwoblèm sante yon elèv, nou refere elèv la bay òganizasyon kominotè ki asosye avèk nou yo.

Daprè lwa eta a, tout elèv dwe gen yon dosye medikal ak kat vaksinasyon nan dosye li pou li nan City on a Hill.

## **Politik Lekòl pou Evite Konsomasyon Alkòl ak lòt Dwòg/Depistaj Opyoyid**

City on a Hill ofri konsèy ak rekòmandasyon pou ede elèv yo ak fanmi yo evite konsomasyon alkòl ak lòt dwòg epi sipò ak orrantasyon atravè edikasyon yo fè nan kòsèy ak sèminè pou elèv yo. Tout elèv yo ap swiv yon semènè sou konsomasyon alkòl ak lòt dwòg nan Kou Sante a epi yo ap gen aksè a konseye epi yon enfimyè. Yo ap fè tès despistaj konsomasyon opyoyid, alkòl ak lòt dwòg pou tout elèv, si yo wè yo pran yo, yo ap ba yo sipò selon bezwen yo.

## **Politik nan Espò**

City on a Hill se manm Massachusetts Charter School Athletics Organization e li konfòme li a tout règleman MCSAO yo, jan yo mansyone nan gid MCSAO la. Enonse misyon MCSAO se:

Mission Massachusetts Charter School Athletic Organization (MCSAO) se sipèvize règlemantasyon, òganizasyon ak pwomosyon pwogram espòtif ant lekòl yo ki manm yo. MCSAO ofri elèv/atlet lekòl charter yo posibilite pou patisipe nan konpetisyon wo nivo yo epi itilize konpetisyon sa a pou anseye valè fondamantal lè nou travay ansanm, disiplin, sakrifis ak lespri espòtif. Sa ap kontribye nan eksperyans edikatif global elèv yo epi nan devlopman yo antan ke moun. MCSAO angaje l pou fè edikasyon jèn yo pou yon demen miyò epi kolabore ak kominote lokal yo ka etabli epi mentni pwogram espòtif ant lekòl charter yo.

**Aksè Egal:** City on a Hill Public Schools pa fè, ni li pa dwe fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon (kwayans), sèks, ekspresyon seksyèl, idantite seksyèl, idantite transjan, tranzisyon seksyèl, laj, nasyonalite (asandans), andikap, sanzabri, estati eta sivil, oryantasyon seksyèl, oswa estati militè nan pwogram, aktivite oswa operasyon li yo. Sa gen ladan li, men ki pa limite a sa yo sèlman, egalite aksè a pwogram e aktivite yo, eksepsyon fèt a elèv ki pa reponn a kritè kalifikasyon annapre yo dapre MCSAO.

**Laj:** Patisipan yo dwe gen 18 lane pou pi plis anvan 1ye septanm dènye ane yo lekòl la. Elèv yo ka patisipe nan konpetisyon pandan rès ane lekòl la a kondisyon ke y ap gen 19 lane 1ye septanm ane sa a oswa ane k ap vini an.

**Akademik:** Patisipan yo dwe fè yon nòt pasaj nan chak matyè, konfòmman a prensip akademik lekòl la etabli yo. Fen trimès la ap detèmine kalifikasyon elèv la nan kòmansman chak sesyon. Nòt ki pa konplè yo pa konte nan kalkil kalifikasyon an.

Tout patisipan ki gen sèvis edikasyon espesyal daprè IDEA (Individuals with Disabilities Education Act) ak ki gen yon Pwogran Anseyman Pèsonalize (an anglè IEP) kapab deklare li kalifye si tout egzijans yo fè yo reponn a atant direktè edikasyon espesyal la.

**Estat Amate:** Tout patisipan yo dwe gen estat amate. Yo defini yon amate tankou yon atlet/patisipan ki nan konpetisyon nan yon jwèt epi ki a okenn moman, sou okenn pretèks, pa aksepte lajan oswa okenn lòt fòm pèman pou efò l ap fè nan aktivite li ye a.

**Prezans:** Elèv yo pa gendwa otorize pou patisipe nan okenn konpetisyon MCSAO jou yo absan lekòl la, a mwens ke direktè a oswa administratè ekip la te apwouve absans lan davans. Patisipan yo dwe prezan pandan omwen 57% jounen lekòl la pou yo kalifye pou patisipe. Si yo prevwa yon konpetisyon nan yon wikenn, patisipan an dwe lekòl la nan vandredi pandan 57% jounen an.

**Estat Transfè:** Nenpòt elèv ki soti nan yon lekòl ki manm MCSAO ki ale nan yon lòt lekòl manm pa p kalifye pou patisipe nan tout konpetisyon espò entèskolè elèv sa a te konn patisipe nan lekòl li te ye anvan an pou yon peryòd yon (1) lane.

**Espri espòtif ak Sitwayènte:** Tout manm kominote City on a Hill yo dwe respekte kòd sitwayènte City on a Hill la chak fwa y ap reprezante lekòl la, menm nan konpetisyon espò yo. Tout règleman lekòl la aplike alafwa pou jwè e fanatik yo nan aktivite espòtif yo. Pou plis presizyon, gid MCSAO a di:

*Tout patisipan, antrenè, fanatik oswa nenpòt lòt moun ki asosye oswa enplike nan yon aktivite MCSAO dwe afiche karakteristik ki asosye a "bon espri espòtif" an tout tan. Espri espòtif se kapasite pou trete tout moun ki enplike nan yon konpetisyon espòtif egal ego, ak jenerozite, respè e koutwazi, kèlkeswa rezilta match la.*

**Mokri/Betiz:** Nenpòt aksyon oswa kòmantè yon elèv itilize pou rabese, pwovoke, anbarase oswa imilye yon lòt entèdi. Abit match la dwe trete tout fòm pwovokasyon kòm fot grav ki pa akseptab nan espò epi mete jwè ki enplike yo deyò touswit. Koupab yo dwe kite teren an touswit ni yo pa gendwa retounen.

## Politik sou Konpòtman Elèv Deyò Campus la

City on a Hill al pi lwen ke sou lakou lekòl e aktivite li yo nan otorite disiplinè li yo lè konpòtman elèv li yo rann sa rezonab e nesèsè pou li kapab asire sekirite fizik ak emosyonèl elèv la, epi rezon ki lye ak sekirite e byennèt lòt elèv yo, pwofesè yo oswa menm lekòl la.

### Vyolasyon Gid Elèv yo Deyò Campus

Elèv ki komèt zak kriminel ak/oswa enfraksyon disiplinè deyò lekòl la oswa nan aktivite lekòl la ap òganize yo gendwa responsab selon Règleman sou Disiplin City on a Hill la si konpòtman deyò campus la gen yon enpak negatif sou sekirite ak disiplin nan yon kontèks eskolè òdone.

**Egzanp** konpòtman deyò campus ki kapab lakoz yon enpak negatif sou campus la se sa annapre yo, san nou pa limite yo a sa yo sèlman:

1. Trafik dwòg
2. Posesyon ak itilizasyon zam ilegal oswa eksplozif
3. Agresyon ak/oswa kou ouswa blese yon moun ki nan kominote lekòl la
4. Agresyon grav, agresyon seksyèl oswa entimidasyon
5. Asèlman anplwaye oswa elèv City on a Hill.
6. Vyolasyon dwa sivil (krim rasyal, oryantasyon seksyèl, sèks, elatriye)
7. Aktivite kriminel

## PWOSSESIS SISPANSYON

### Sispansyon nan Lekòl (ki pa Ranvwa Dijans)

Sispansyon nan lekòl la fèt lè yo retire elèv la nan tout aktivite regilye klas la akòz de konpòtman li, men pa nan lokal lekòl la. Yo pa souvan itilize sispansyon nan lekòl la nan City on a Hill, si yo sispann yon elèv deyò lekòl la, y ap sispann li lekòl la jiskaske yo fè yon odyans disiplinè pou ka li a. Si yon elèv gen plis pase dis (10) jou sispansyon afilye oswa akimile nan lekòl la pandan ane lekòl la, y ap swiv pwosesis pou sispann li alontèm (gade pi ba a).

Nan ka sa yo, Direktè a dwe enfòmè elèv la de enfraksyon yo repwoche li a ansanm ak fondman akizasyon an, epi ba li posibilite pou li konteste akizasyon yo epi pou l esplike sikonstans ki te lakoz ensidan an rive yo. Nan menm jou yo bay sispansyon lekòl la, Direktè lekòl la dwe fè tout efò li pou avèti paran oswa gadyen legal yo de enfraksyon disiplinè a, rezon ki pèmèt yo konkli ke elèv la komèt zak yo repwoche li a epi konsekans yo. Direktè a dwe envite paran yo nan yon reyinyon tou pou yo ka diskite sou konpòtman elèv la oswa omwen fè epi elabore yon dokiman de tantativ ki fèt pou fè li yo.

### Sispansyon Deyò Lekòl (ki pa Ranvwa Dijans)

Gen de tip de sispansyon deyò lekòl la. Yon sispansyon deyò lekòl la pou yon ti tan vle di yo mete elèv la deyò sou lakou a e deyò aktivite ki fèt nan klas la pandan dis (10) jou lekòl yonn deyò lòt oswa akimile pou pi plis. Yon sispansyon deyò lekòl la alontèm vle di yo mete elèv la deyò sou lakou a e deyò aktivite ki fèt nan klas la pandan dis (10) jou lekòl yonn deyò lòt oswa akimile pou pi plis.

Direktè lekòl la pa kapab enpoze yon sispansyon poutèt yon enfraksyon disiplinè san li bay elèv la yon avi vèbal ak yon avi ekri epi avèti paran li, epi bay elèv la okazyon pou tandè li nan yon odyans epi bay paran yo posibilite pou patisipe nan odyans sa a.

#### Avi Sispansyon Deyò Lekòl - Dwa Paran ak Elèv

\*Seksyon sa a konsène dwa avi konseènan tout enfraksyon elèv la komèt kote li pat itilize enstriman ki danjere, sibstans kontwole, li pa t fè agresyon sou moun lekòl la, akizasyon krim oswa delenkans kriminel ki lakoz yo sispann li swa pou yon ti tan oswa alontèm ki reglemante pa G.L. C.71 §§37H et 37H½, jan sa detaye pi ba a.

Enfraksyon disiplinè ki lakoz yo ranvwaye yon elèv (sa vle di sispansyon ak ranvwa) yo vize pa pwosedi regilye yo, anjeneral, avi yo, odyans yo, apèl yo ak sèvis edikatif pandan ranvwa a. Seksyon annapre yo ba w enfòmasyon sou dwa sa yo.

Direktè a dwe bay elèv la ak paran li avi vèbal e ekri sa a an anglè e lòt lang matènèl ki pale nan kay la si se yon lang ki pa anglè, oswa pa nenpòt lòt mwayen komunikasyon ki apwopriye. Avi a dwe gen enfòmasyon annapre yo:

- (a) enfraksyon disiplinè a;
- (b) motif akizasyon an;
- (c) konsekans posib, tankou yo panse sispansyon elèv la ka dire;
- (d) posibilite pou elèv la gen yon odyans ak Direktè a osijè de sispansyon yo pwopoze an tankou posibilite pou konteste akizasyon yo, epi pou elèv la prezante esplikasyon de sa ki te pase a, epi pou paran an kapab asiste odyans lan;
- (e) dat, lè ak ki kote odyans lan ap fèt;
- (f) dwa pou elèv la ak paran li gen yon entèprèt si sa nesèsè pou yo patisipe nan odyans lan;
- (g) si yo bay elèv la yon sispansyon alontèm aprè odyans li ak Direktè a, dwa sispansyon pandan yon ti tan oswa pandan lontan ak dwa li genyen pou konteste desizyon an Direktè a devan Direktè Jeneral la (gade pi ba a).

Direktè a responsab pou fè tout efò nesèsè pou avèti paran yo vèbalman de posibilite ki genyen pou l asiste odyans lan. Direktè a sanse fè tout efò rezonab, nan ka sa a li ka fè odyans lan dèyè paran an, si l voye yon avi ekri (a pwòp men li pa lapòs an premye klas, pa kourye sètifye, pa imèl oswa nenpòt lòt metòd livrezon posib ant Direktè ak paran an) epi li prepare yon domiman ki mansyone omwen de tantativ pou jwenn paran an nan fason paran an te di pou kontakte li pou notifikasyon dijans yo.

Sonje elèv yo gen dwa pou gen yon avoka oswa yon moun yo chwazi pou reprezante yo nan odyans ki gen rapò a disiplin lekòl la, se elèv la oswa paran an k ap peye frè sa yo. Si yon elèv oswa yon paran swete mennen yon avoka nan odyans oswa reyinyon nan lekòl la, City on a Hill dwe jwenn enfòmasyon an touswit. Si elèv la pa enfòm lekòl la anvan li mennen avoka a nan odyans lan epi avoka City on a Hill la pa prezan, City on a Hill ap egzèse dwa li pou li anile odyans lan epi ranvwaye li pou asire li avoka li a ap prezan. Repwogramasyon sa a kapab retade odyans lan oswa reyinyon an, epi si posib, yo gendwa pwolonje ranvwa pou disiplin elèv la jiskaske gen yon desizyon ki pran aprè odyans oswa reyinyon yo repwograme a. Nan lèt sa a, City of a Hill ap avèti tout elèv ak chak paran ke lekòl la kapab genyen yon konseye jiridik prezan nan tout odyans ak reyinyon ki gen rapò a disiplin elèv yo.

Nan chak ka move konpòtman elèv kote yo kapab bay yon sispansyon, Direktè a dwe egzèse pouvwa li diskretman lè l ap deside sou konsekans enfraksyon an; anvizaje mwayen pou re angaje elèv la nan lekòl li epi evite itilize sispansyon alontèm lekòl la kòm konsekans jiskaske yo eseye lòt solisyon posib. Seksyon annapre a dekri dwa elèv la ak paran yo lè Direktè a anvizaje ak/oswa deside ranvwaye elèv la pou move konpòtman.

Elèv yo sispann daprè atik sa a, yo gen dwa pou resevwa sèvis edikasyon pandan peryòd sispansyon oswa ranvwa a selon yon plan sèvis edikatif City on a Hill ki dekri pi ba a nan Seksyon D a. Si elèv yo met deyò nan City on a Hill la al rete nan yon lòt distri eskolè pandan peryòd sispansyon an, nouvo lekòl la, nouvo distri a oswa nouvo distri li al rete a dwe swa aksepte elèv la nan lekòl yo, oswa bay elèv la edikasyon selon nouvo plan sèvis edikatif nouvo lekòl la oswa nouvo distri a.

## **Dwa Odyans nan Sispansyon Kout**

Atik sa a kouvri dwa oditif pou elèv yo sispann pou yon ti tan. Sispansyon pou yon ti tan vle di yo mete elèv la deyò sou lakou a e deyò aktivite ki fèt nan klas la pou pa plis ke dis (10) jou lekòl yonn dèyè lòt.

Objektif odyans lan ak Direktè a se pou Direktè a ka tandè elèv la epi analize enfòmasyon l ap bay ki konsènen sa k pase a, bay elèv okazyon pou konteste akizasyon yo epi esplike l sikonstans ensidan an; epi tou gade wè si elèv la komèt enfraksyon disiplinè, si se sa, gade konsekans enfraksyon an. Omwen, Direktè a dwe diskite sou enfraksyon disiplinè a, fondman akizasyon an epi ak tout lòt enfòmasyon ki enpòtan. Ni elèv la, ni paran an, yo tou lè de gen okazyon pou prezante epi bay ransèyman, menm sa ki grav yo tou, ke Direktè a dwe pran an konsiderasyon pou li ka wè si gen lòt mezi ak konsekans ki pi byen adapte a sitiyasyon

an. An fonksyon de ransèyman ki disponib yo, tankou sikonstans yo, Direktè a dwe gade wè si elèv la komèt enfraksyon an vre, si l ta komèt li vre, ki mesi redresman oswa sanksyon y ap enpoze li.

Direktè a dwe avize elèv la ak paran li pa yon lèt de desizyon li pran an e rezon ki fè l pran desizyon sa a, epi tou, si yo sispann elèv la, mansyone pou konbyen tan yo sispann li epi posibilite ki genyen pou ratrape devwa ak lòt travay ki fèt lekòl la ke l ap bezwen pou li fè pwogrè pandan peryòd sispansyon an.

## Sispansyon Alontèm: Odyans ak Reklamasyon

### Dwa nan Odyans

Atik sa a kouvri dwa oditif pou elèv yo sispann alontèm. Sispansyon alontèm vle di yo mete elèv la deyò sou lakou a e deyò aktivite ki fèt nan klas la pou plis ke dis (10) jou lekòl yonn dèyè lòt, oswa pou plis pase dis (10) jou lekòl akimile pou plizyè enfraksyon disiplinè nan nenpòt ane lekòl.

Objektif odyans sispansyon alontèm nan se menm ak odyans sispansyon pou yon ti tan an. O minimòm, anplis de dwa yo bay elèv la pandan odyans sispansyon pou yon ti tan yo, elèv la gen dwa annapre yo pandan yon odyans pou sispansyon alontèm.

1. Anvan odyans lan, posibilite pou analize dosye elèv la ak dokiman ki te ede Direktè a pou pran desizyon pou sispann elèv la ou non;
2. dwa pou li reprezante pa yon avoka oswa yon moun li chwazi pou reprezante li nan odyans lan, se elèv la oswa paran an k ap peye frè sa yo;
3. dwa pou gen moun ki temwaye pou ou epi pou prezante eksplikasyon elèv la sou sa ki te pase a, men yo pa gendwa oblije elèv la pou l fè sa;
4. dwa pou fè yon lòt entèwogatwa paralèl temwen Lekòl la prezante yo; epi
5. dwa pou mande Direktè a pou anrejistre odyans lan epi pou yo remèt ou yon kopi anrejistremman an si w ta mande l. Si elèv la oswa paran an ta mande yon anrejistremman odyo, Direktè a dwe enfòmè tout patisipan yo y ap anrejistre odyans lan anvan yo kòmanse, epi si elèv la oswa paran li mande yon kopi, y ap bay li.

Si paran elèv la prezan, Direktè a dwe ba li okazyon pou li pale de konpòtman pitit la epi pou l bay enfòmasyon, toukou enfòmasyon sou sa k lakoz pwoblèm nan, ke Direktè a ap konsidere pou li ka detèmine ki sanksyon l ap bay elèv la.

An fonksyon de prèv yo, Direktè a dwe gade wè si elèv la komèt enfraksyon an vre, si l ta komèt li vre, aprè li fin analize sikonstans ak solisyon de rechanj a sispansyon an, sanksyon oswa konsekans y ap aplike an ranplasman oswa an plis de sispansyon alontèm nan. Direktè a dwe voye yon desizyon ekri bay elèv la ak paran li pou yo remèt yo nan men pa kourye sètifye, pa lapòs an premye klas, pa yon adrès imèl paran an bay pou kominikasyon ak lekòl la, oswa nenpòt lòt metòd livrezon posib ant Direktè ak paran an. Si Direktè a deside sispann elèv la, detèminasyon ekri a ap:

1. Idantifye enfraksyon an, dat ak odyans lan te fèt ak moun ki te patisipe nan odyans lan;
2. Prezante prensipal pwoblèm ak konklizyon Direktè a rive;
3. Detèmine dire ak dat antre an vigè sispansyon an, epi dat elèv la ap retounen lekòl;
4. Mete yon avi ki di elèv la gen posibilite pou resevwa sèvis edikasyon pou l ka fè pwogrè lekòl pandan peryòd yo ranvwaye l nan lekòl la;
5. Enfòmè elèv la de dwa li genyen pou konteste desizyon Direktè a devan Direktè Jeneral la (sèlman si l bay yon sispansyon alontèm). Avi dwa kontestasyon an dwe ekri an Anglè e nan lang prensipal ki pale nan kay la si se pa Anglè; oswa nan yon lòt mwayen kominikasyon, si ta genyen, epi li dwe gen enfòmasyon annapre yo nan langaj byen klè:



- a. pwosesis pou konteste desizyon an, li gen pou paran an oswa elèv la depoze yon avi kontestasyon ekri devan Direktè Jeneral la nan espas senk (5) jou aprè sispansyon alontèm nan antre an vigè; men nan espas senk (5) jou a, elèv la oswa paran an gendwa mande e resevwa yon pwolongasyon delè nan men Direktè Jeneral la pou yo depoze avi ekri a nan sèt (7) jou anplis; epi
- b. sispansyon alontèm nan ap rete an vigè jiskaske Direktè Jeneral la deside chanje desizyon Direktè a an kontestasyon.

## **Kontestasyon yon Sispansyon Alontèm**

Yon elèv yo sansyone a sispansyon alontèm aprè yon odyans ak Direktè a, li gendwa konteste desizyon Direktè a devan Direktè Jeneral la.

Pou konteste desizyon Direktè ki deside bay yon sispansyon alontèm, elèv la oswa paran an dwe depoze yon avi kontestasyon devan Direktè Jeneral la nan espas senk jou aprè sispansyon alontèm nan antre an vigè (oubyen tou, nan espas senk jou dat sispansyon alontèm nan antre an vigè a, paran an gendwa mande e resevwa yon pwolongasyon delè nan men Direktè Jeneral la pou yo depoze avi ekri a nan sèt jou anplis.) Si kontestasyon an pa fèt nan delè yo bay pou sa a, Direktè Jeneral la gendwa rejte kontestasyon an oswa aksepte li si l vle, e pou yon rezon valab.

Direktè Jeneral la dwe fè odyans lan nan twa jou lekòl aprè elèv la fin fè demann nan, a mwens ke elèv la oswa paran an mande pwolongasyon de jiska sèt jou anplis, nan ka sa a Direktè Jeneral la ap bay pwolongasyon an.

Direktè Jeneral dwe fè yon jès bòn fwa pou l mete paran an nan odyans lan, e y ap konsidere li fè yon jès bòn fwa si l ta eseye jwenn yon jou ak yon lè k ap pèmèt paran an ak Direktè Jeneral la patisipe. Direktè Jeneral la dwe voye yon avi ekri bay paran an ki mansyone dat, lè ak ki kote odyans lan ap fèt.

Direktè Jeneral la ap fè odyans lan pou wè si elèv la komèt enfraksyon yo akize li a, e si l ta komèt i vre, ki sanksyon yo ap pran kont li. Y ap anrejistre odyans lan sou odyo epi y ap remèt paran an oswa elèv la yon kopi si l ta mande sa.

Elèv la ak paran an gen tout dwa yo akòde yo nan odyans sispansyon alontèm Direktè a, jan sa detaye pi wo a.

Direktè Jeneral la dwe rann yon desizyon ekri nan senk jou aprè odyans lan. Direktè Jeneral la ap detèmine si elèv la komèt enfraksyon an, li gendwa enpoze menm sanksyon an oswa yon sanksyon ki diferan de sa Direktè a te chwazi a, men li pa gendwa bay yon sanksyon ki plis ke sa Direktè a te bay la. Desizyon Direktè Jeneral la se desizyon final lekòl la.

## **Ranvwa Dijans**

Nan ka dijans kote enfraksyon an pa merite pou met deyò oswa elèv ki gen bezwen espesyal ki riske pou yo sispann li pandan omwen 10 jou yonn dèyè lòt, oswa ki konsiste yon chanjman plasman, Direktè a gen pouvwa pou retire yon elèv lekòl la pwovizwaman lè timoun nan komèt enfraksyon disiplinè, epi Direktè a detèmine ke prezans elèv sa a kontinye reprezante yon danje pou moun ak espas la, oswa deregle, e si Direktè a panse sa, pa gen okenn lòt mwayen pou kontrekare danje sa a oswa k ap twouble disiplin lekòl la. Direktè a dwe avèti Direktè Jeneral la touswit nan yon lèt lè gen ranvwa dijans, bay pouki rezon epi dekri ki danje elèv la reprezante. Ranvwa tanporè pa dwe depase de (2) jou lekòl aprè jou ranvwa dijans lan, pandan peryòd sa a Direktè a ap:

1. Fè efò rapid e rezonab pou enfòmè paran an ak elèv yo de ranvwa dijans lan, pouki rezon ranvwa dijans yo, enfraksyon yo repwoche yo, fondman akizasyon an, ki sanksyon posib, epi konbyen tan li posib pou sispansyon an dire;
2. Bay avi ekri yon odyans avèk Direktè a konsènan sispansyon pwopoze ansanm avèk yon avi a kisa elèv la gen dwa an fonksyon de sanksyon ki posib yo, konfòmeman a lwa eta a; epi
3. Rann yon desizyon vèbalman menm jou odyans lan epi alekri nan pwochen jou klas la pou pi ta.

Direktè a pa gendwa retire yon elèv lekòl la nan ka dijans pou yon enfraksyon disiplinè toutotan yo pa pran mezi ki apwopriye pou asire sekirite ak transpò elèv la.

## Sèvis Edikasyon Pandan Ranvwa e Plan Sèvis Edikasyon nan Lekòl la

Elèv yo sispann lekòl la pou 10 jou yonn deyò lòt oswa mwens, ke se andedan ou deyò lekòl la, yo gen okazyon fè pwogrè lekòl pandan peryòd sispansyon an, ratrape devwa yo epi fè kredi yo manke yo, nan devwa lakay yo, tès ak pwojè ki manke yo, men se pa yo menm sèlman.

City on a Hill elabore yon Plan Sèvis Edikatif nan Lekòl la pou tout elèv yo ranvwaye oswa yo sispann nan lekòl la pandan plis pase 10 jou yonn deyò lòt, ke se andedan ou deyò lekòl la. Direktè lekòl la dwe asire l ke elèv yo gen okazyon fè pwogrè pandan peryòd sispansyon oswa ekspilasyon an, ratrape devwa yo epi fè kredi yo manke yo, nan devwa lakay yo, tès yo, egzamen yo, travay ak pwojè ki manke yo.

Plan Sèvis Edikatif City on a Hill la gen posibilite pou l chanje, men li gendwa genyen tou, ansèyman, plasman altènatif, etid endepandan ak videyo konferans, san li pa limite a sa yo sèlman.

Si City on a Hill mete yon elèv deyò oswa ranvwaye yon elèv pandan plis pase 10 jou yonn deyò lòt, City on a Hill dwe bay elèv la ak paran li yon lis sèvis edikatif de rechanj. Lè elèv la ak paran li chwazi yon sèvis edikatif an ranplasman, lekòl la dwe verifye epi fasilite enskripsyon nan sèvis sa a.

Opsyon sèvis pou elèv yo sispann pou 10 jou lekòl oswa plis (Sonje yo gendwa aktyalize yo pandan tout ane lekòl la selon disponibilite opsyon yo):

- Ansèyman
- Pwojè etid endepandan pou ka jwenn kredi kou
- Plasman altènatif

## Deyò

Ranvwa selè yo mete timoun nan deyò nan City on a Hill definitivman, si Direktè a deside sa. Lwa Massachusetts yo bay direktè a pouvwa pou ranvwaye elèv yo san entèvansyon Konsèy lekòl la pou enfraksyon konpòtman annapre yo:

- Le gen zam, tankou kouto, zam, men li pa limite a sa y sèlman;
- Posesyon sibstans kontwole jan sa defini nan M. G. L. c. 94C ki genyen, men ki pa limite sèlman a dwòg ilegal (tankou mariwana) ak medikaman preskri yo;
- Agrese pèsonèl edikatif la;
- Lefèt ke yo rekonèt ou koupab de yon krim oubyen yo rekonèt ou komèt yon krim paske w avwe sa oswa pa jijman, oswa
- Yon ka grav, ki defini kòm posesyoon oswa itilizasyon pwodui oswa zam ilegal, agresyon, zak vandalis oswa vyolasyon dwa sivil yon elèv. An pratik, desizyon pou sispann elèv la olye yo ranvwaye li nan ka grav depan de si direktè a detèmine si elèv la kontinye prezan nan espas la ap fè yon gwo enpak negatif sou byennèt jeneral lekòl la.

Anplis de enfraksyon yo mansyone pi wo yo, vyolasyon lwa federal ak leta a kapab trete an kooperasyon ak sèvis polis lokal yo, jan lalwa otorize sa.

### **Pwosesis pou mete Deyò**

Politik sa a enonse pwosesis ki gen rapò a konpòtman ki ka lakoz yo mete yon timoun deyò. Elèv yo mete deyò dapre atik sa a, yo gen dwa pou resevwa sèvis edikasyon pandan peryòd sispansyon oswa ranvwa a selon yon plan sèvis edikatif City on a Hill ki dekri pi ba a. Si elèv yo met deyò nan City on a Hill la al rete nan yon lòt distri eskolè pandan peryòd li deyò a, nouvo lekòl la, nouvo distri a oswa nouvo distri li al rete a dwe swa aksepte elèv la nan lekòl yo, oswa bay elèv la edikasyon selon nouvo plan sèvis edikatif nouvo lekòl la oswa nouvo distri a.

Avi pou Elèv ak Paran/Gadyen legal yo riske mete deyò paske I gen zam ki make danje oswa sibstans kontwole oswa pou Agresyon sou yon Pwofesè (dapre G.L. c. 71, s. 37H)

Nenpòt elèv yo jwenn nan espas lekòl la oswa nan nenpòt aktivite lekòl la asosye oswa ki lye a lekòl la, tankou match, yo jwenn li ak bagay ki make danje, tankou zam, kouto men li pa limite a sa yo sèlman, Direktè a gendwa mete I deyò. Nenpòt elèv yo jwenn nan espas lekòl la oswa nan nenpòt aktivite lekòl la asosye oswa ki lye a lekòl la, tankou match, yo jwenn li ak yon sibstans kontwole, tankou mariwana, kokayin ak ewoyin men li pa limite a sa yo sèlman, Direktè a gendwa mete I deyò. Nenpòt elèv ki fè agresyon sou yon Direktè, Direktè Adjwen, pwofesè, èd pwofesè oswa lòt moun nan estaf edikatif la sou lakou lekòl la, oswa nan nenpòt aktivite lekòl la asosye oswa ki lye a lekòl la tankou match, Direktè a gendwa mete I deyò.

Nenpòt elèv yo akize de nenpòt nan move konpòtman yo mansyone pi wo yo, gen okazyon pou Direktè a tandè li menm ak paran li oswa gadyen legal li. Anvan odyans lan e anvan ranvwa a antre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi ekri ki enfòmè li de dwa li genyen nan odyans ak direktè a. Avi a dwe di nan ki dat, a ki lè epi ki kote odyans lan ap fèt. Paran oswa gadyen legal elèv la ap prezan nan odyans lan. Nan odyans lan, elèv la gen dwa prezante prèv e prezante ak temwen nan odyans ak Direktè a, e se li k ap peye frè yo, epi tou li gen dwa pou konfwonte epi fè yon entèwogatwa paralèl a temwen lekòl la prezante yo. Aprè odyans sa a, si Direktè a vle ki gendwa deside sispansyon elèv la si li wè vrèman li komèt zak yo repwoche li pi wo a olye li mete I deyò. Anvan menm ranvwa a antre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi ekri de akizasyon yo fè kont li yo ansanm ak rezon e prèv poukisa yo mete I deyò. Si direktè a deside mete elèv la deyò aprè odyans lan, li dwe avèti elèv la ak paran li nan yon lèt de dwa yo genyen pou fè reklamasyon, pwosesis reklamasyon an ak posibilite ki genyen pou resevwa sèvis edikatif. Ranvwa a ap rete an vigè jiskaske Direktè Jeneral la fè yon odyans reklamasyon.

Tout elèv yo mete deyò dapre GL c. 71 §37H gen dwa a yon odyans reklamasyon ak Direktè Jeneral la. Elèv yo ranvwaye a gen dis jou apati de dat ranvwa a pou li avèti Direktè Jeneral la de reklamasyon li an. Direktè jeneral la ap fè odyans lan ak elèv la, paran li oswa gadyen legal li. Nan odyans lan, elèv la gen dwa prezante yon temwanyaj oral e ekri, dwa pou li gen yon avoka epi dwa pou konfwonte epi fè yon entèwogatwa paralèl a temwen lekòl la prezante yo. Objè reklamasyon an pa p limite sèlman nan detèminasyon fè si elèv la te vyole yon dispozisyon nan atik sa a.

Direktè Jeneral la gen pouvwa pou anile oswa chanje desizyon direktè a, e menm rekòmande yon lòt pwogram edikatif pou elèv la. Direktè Jeneral la dwe rann yon desizyon sou reklamasyon an nan espas senk jou aprè odyans lan. Desizyon sa a se ap desizyon final distri a nan sa ki gen pou wè a ranvwa a.

Avi pou Elèv ak Paran/Gadyen legal ki Riske yon Sispansyon oswa pou yo Deyò akòz yon Chanjman, Konsta oswa Admisyon nan Delenkans Kriminèl (G.L. c. 71, s. 37H ½)

Seksyon sa a se pou move konpòtman yon elèv ki kapab lakoz yo sispansyon li oswa yo mete I deyò akòz akizasyon, si nou konkli oswa li admèt li fè yon zak kriminèl sou yon elèv.

### **Ranvwa Aprè yon Jijman an Matyè Kriminèl oswa Admisyon**



Depi yon rekonèt yon elèv koupab de yon krim oswa pandan yon jijman oswa si l deklare li koupab de yon krim sa yo repwoche li a, Direktè a gendwa ranvwaye elèv sa a si l santi prezans elèv la nan espas la ap fè yon gwo enpak negatif sou byennèt jeneral lekòl la. Elèv la dwe resevwa yon avètisman ekri de akizasyon yo fè l yo ansanm ak rezon kifè yo mete l deyò a anvan desizyon sa a antre an vigè. Elèv sa a ap resevwa yon avètisman ekri tou ki di li gen dwa reklame ak pwosesis reklamasyon yo pou yon ranvwa konsa; a kondisyon ke ranvwa a ap rete an vigè jiskaske Direktè Jeneral la fè yon odyans reklamasyon.

Nenpòt elèv yo akize de nenpòt nan move konpòtman yo mansyone pi wo yo, gen okazyon pou Direktè a tandè li menm ak paran li oswa gadyen legal li. Anvan odyans lan e anvan ranvwa a antre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi ekri ki enfòmè li de dwa li genyen nan odyans ak direktè a. Avi a dwe di nan ki dat, a ki lè epi ki kote odyans lan ap fèt. Paran oswa gadyen legal elèv la ap prezan nan odyans lan. Nan odyans lan, elèv la gen dwa prezante prèv e prezante ak temwen nan odyans ak Direktè a, e se li k ap peye frè yo, epi tou li gen dwa pou konfwonte epi fè yon entèwogatwa paralèl a temwen lekòl la prezante yo. Aprè odyans sa a, si Direktè a vle ki gendwa deside sispansyon elèv la si li wè vrèman li komèt zak yo repwoche li pi wo a olye li mete l deyò. Anvan menm ranvwa a antre an vigè, elèv la dwe resevwa yon avi ekri de akizasyon yo fè kont li yo ansanm ak rezon e prèv poukisa yo mete l deyò. Si direktè a deside mete elèv la deyò aprè odyans lan, li dwe avèti elèv la ak paran li nan yon lèt de dwa yo genyen pou fè reklamasyon, pwosesis reklamasyon an ak posibilite ki genyen pou resevwa sèvis edikatif. Ranvwa a ap rete an vigè jiskaske Direktè Jeneral la fè yon odyans reklamasyon.

Tout elèv yo mete deyò lekòl la dapre GL c. 71 §37H ½ gen dwa a yon odyans reklamasyon ak Direktè Jeneral la. Elèv la dwe avèti Direktè Jeneral la alekri de demann reklamasyon li an pou pi ta nan espas senk jou aprè dat ranvwa a antre an vigè. Direktè Jeneral la ap fè odyans lan ak elèv la, paran li oswa gadyen legal li nan espas twa jou aprè demann nan. Nan odyans lan, elèv la gen dwa prezante yon temwanyaj aloral e ekri an favè li, dwa pou li gen yon voka epi dwa pou konfwonte epi fè yon entèwogatwa paralèl a temwen lekòl la prezante yo. Direktè Jeneral la gen pouvwa pou anile oswa chanje desizyon direktè a, e menm rekòmande yon lòt pwogram edikatif pou elèv la. Direktè Jeneral la dwe rann yon desizyon sou reklamasyon an nan espas senk jou aprè odyans lan. Desizyon Direktè Jeneral la se ap desizyon final lekòl la nan sa ki gen pou wè a ranvwa a.

#### **Sèvis Ansèyman Aprè Ranvwa e Plan Sèvis Ansèyman nan Lekòl**

Elèv yo mete yon elèv deyò lekòl la pou 10 jou yonn dèyè lòt oswa mwens, ke se andedan ou deyò lekòl la, yo gen okazyon fè pwogrè lekòl pandan peryòd sispansyon an, ratrape devwa yo epi fè kredi yo manke yo, nan devwa lakay yo, tès ak pwojè ki manke yo, men se pa yo menm sèlman.

City on a Hill elabore yon Plan Sèvis Edikatif nan Lekòl la pou tout elèv yo ranvwaye yo. Direktè lekòl la dwe asire l ke elèv yo gen okazyon fè pwogrè pandan peryòd ranvwa a, ratrape devwa yo epi fè kredi yo manke yo, nan devwa lakay yo, tès yo, egzamen yo, travay ak pwojè ki manke yo.

PPlan Sèvis Edikatif City on a Hill la gen posibilite pou l chanje, men li gendwa genyen tou, ansèyman, plasman altènatif, etid endepandan ak videyo konferans, san li pa limite a sa yo sèlman.

Si City on a Hill mete yon elèv deyò pandan plis pase 10 jou yonn dèyè lòt, City on a Hill dwe bay elèv la ak paran li yon lis sèvis edikatif de rechanj. Lè elèv la ak paran li chwazi yon sèvis edikatif an ranplasman, lekòl la dwe verifye epi fasilite enskripsyon nan sèvis sa a.

Opsyon Sèvis pou elèv yo:

- Ansèyman
- Pwojè etid endepandan pou ka jwenn kredi kou
- Plasman altènatif

## Disiplin Elèv ki gen Bezwen Patikilye

Tout elèv yo dwe reponn a egzijans yo fè yo an matyè de konpòtman jan sa enonse nan liv sa a. Anplis de pwoteksyon aplikasyon regilye lalwa akòde elèv yo selon lwa federal ak eta aplikab yo, atik 504 IDEA a ansanm ak règleman ki egzije yo pran dispozisyon siplemantè pou elèv yo jije ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal ke lekòl la konnen oswa yo gen rezon konnen yo kapab kalifye pou sèvis sa yo. Elèv nou jwenn yon andikap kèlkonk fè enpak sou yon aktivite enpòtan nan lavi li, nan sans atik §504 lwa sou readaptasyon an, anjeneral yo gen dwa a yon pi gran pwoteksyon anvan yo aplike sanksyon disiplinè kont yo. Yo aplike pwosedi sa yo nan sanksyon elèv andikape yo:

1. Pwogram Ansèyman Pèsonalize (sig an anglè IEP) chak elèv ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo dwe di si nou mèt atann nou ke elèv la ap respekte kòd disiplin regilye lekòl la oswa si epi kòman kòd la dwe modifiye pou ka reponn a bezwen pèsonèl elèv la.
2. Anvan yo ranvwaye yon timoun andikape pou plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl oswa pou yo soumèt li a yon "chanjman plasman", Ekip IEP a (ki kapab genyen administratè lekòl la, paran ak manm konsènen yo) y ap fè yon reyinyon ki rele "Detèminaston Manifestasyon" pou yo kapab wè ki rapò ki genyen ant andikap elèv ak konpòtman li afiche a. Objektif reyinyon "Detèminaston Manifestasyon" an se pou gade wè si konpòtman y ap pale a se akòz andikap elèv la oswa si li gen yon lyen dirèk e enpòtan avèk li; OSWA si konpòtman an se konsekans dirèk paske lekòl la pa t aplike IEP elèv la.
3. Si Ekip IEP a wè konpòtman an pa t yon manifestasyon de andikap li, lekòl la gendwa pran sanksyon kont elèv la jan yo prevwa sa nan pwosedi yo ak sanksyon ki aplikab pou tout elèv yo, konfòmman a gid sa a, men l ap kontinye bay elèv la yon edikasyon piblik apwopriye gratis. Ekip IEP elèv la ap gade wè ki sèvis ki nesèsè pou yo ka ofri yon edikasyon piblik apwopriye gratis pandan peryòd elèv la deyò a, l ap analize plan konpòtman ki genyen yo oswa, si genyen, l ap fè yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman. Si gen bezwen pou sa, y ap konsidere egzamen yon plan entèvansyon konpòtmantal oswa reyalizasyon yon analiz fonksyonèl konpòtman tou pou elèv ki kalifye pou yon plan 504.
4. Si Ekip IEP a dekouvri konpòtman ki lakoz sanksyon an se yon manifestasyon andikap elèv la, yo pa p retire elèv la ni mete l deyò nan pwogram ansèyman li ye a akòz de konpòtman sa a (sèlman si konpòtman sa a gen zam, dwòg oswa blese yon lòt moun grav) e toutotan Ekip IEP a pa fòme epi paran yo dakò pou yon nouvo plasman oswa toutotan lekòl la pa resevwa yon òdonans ki otorize yon nouvo plasman pou elèv la de yon tribinal oswa de Biwo Reklamasyon an Matyè de Edikasyon Espesyal la (sig an Anglè BSEA). Ekip IEP a dwe analize tou epi si sa ta nesèsè, pou yo modifiye tout plan entèvansyon konpòtmantal ki egziste deja oswa òganize yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman.
5. Si yon elèv andikape genyen oswa konsome dwòg ilegal, vann oswa mande yon sibstans kontwòle, si l genyen zam oswa li blese yon moun sou lakou lekòl la oswa pandan yon aktivite lekòl la òganize, lekòl la gendwa mete elèv la nan yon sant ansèyman paralèl pwovizwa (sig anglè IAES) pandan karant senk (45) jou lekòl pou pi plis. Yon tribinal oswa yon ajan odyans BSEA gendwa mande plasman tou pou yon elèv ki montre gen posibilite pou blese tèt li oswa blese lòt moun nan yon espas pwovizwa apwopriye pandan plis pase karant senk (45) jou lekòl san li pa nesèsè pou gen konsantman paran an pou chanjman plasman sa a.

## LWA MASSACHUSETTS AK DWA LEGAL ELÈV AK FANMI YO



## **Avi Non Diskriminasyon, Dwa Sivil ak Sekirite**

Yo dwe avèti Direktè a oswa Direktè Adjwen City on a Hill la de nenpòt ka diskriminasyon, vyolasyon dwa sivil oswa pwoblèm sekirite san pèdi tan.

### **Deklarasyon non diskriminatwa:**

City on a Hill Public Schools pa fè, ni li pa dwe fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon (kwayans), sèks, ekspresyon seksyèl, idantite seksyèl, idantite transjan, tranzisyon seksyèl, laj, nasyonalite (asandans), andikap, sanzabri, estati eta sivil, oryantasyon seksyèl, oswa estati militè nan pwogram, aktivite oswa operasyon li yo. Ki genyen admisyon, dwa egal pou patisipe nan pwogram ak aktivite yo, travay, prestasyon epi aksè a pwogram e aktivite yo, menm jan tou seleksyon volontè, founisè ak anplwayè k ap rekrute nan nenpòt City on a Hill Public School. Nou angaje nou pou n bay yon anviwònman enklizif e akeyan pou tout manm pèsònèl, elèv, volontè, ti pèsònèl ak founisè nou yo. Yo kreye pòs annapre yo nan lekòl City on a Hill yo pou reponn a demann ransèyman ki konsènen politik non diskriminatwa a: Direktè Akademik ak Direktè Akademik Adjwen.

Tout elèv, pwofesè, administratè oswa lòt anplwaye lekòl la k ap fè asèlman seksyèl oswa nenpòt lòt fòm asèlman ki fonde sou prejije (ke yo rele "asèlman enjistifye") oswa ki vyole dwa sivil nenpòt elèv, pwofesè administratè oswa lòt anplwaye lekòl la se yon vyolasyon. Yon konpòtman ki koresponn a yon krim motive pa rayisman se yon vyolasyon ki grav k ap lakoz yo ranvwaye w nan òganis ki la pou fè respekte la lwa yo.

Lekòl la ap mennen ankèt sou tout plent fòmèl oswa enfòmèl, ekri oswa vèbal, de asèlman seksyèl oswa pasyèl oswa ankò vyolasyon dwa sivil epi pou pran mezi apwopriye kont tout elèv, anseyan, administratè oswa lòt anplwaye nan lekòl la yo jwenn ki an vyolasyon.

### **Angajman a Prevansyon**

Etablisman sa yo angaje yo pou anpeche, korije epi siyale egzakteman ensidan prejije ak vyolasyon dwa sivil yo pou tout elèv yo kapab jwi de yon anviwònman aprantisaj ki sekirize e toleran kote diferans entelekyèl yo respekte. Lekol la angaje li nan aktivite e pwogram tankou fòmasyon tout anplwaye nan lekòl la nan objektif favorize respè divèsite, dwa sivil epi zewo vyolans nan lekòl la.

### **Zewo Tolerans a Vyolasyon Dwa Sivil, Denonsyasyon ki fèt a Klè ak Entèkansyon ki Nesesè pou Fini ak Asèlman**

Anplwaye lekòl la dwe reyaji nan ka vyolasyon dwa sivil repete ak asèlman ki pa jistifye lè yo wè oswa yo denonse yo, chak fwa entèkansyon an kapab fèt an sekirite. Anplwaye lekòl la dwe denonse yon vyolasyon dwa sivil oswa yon epizòd asèlman ki pa jistifye bay Direktè oswa Konseye nan Sante Mantal la. Administratè yo chwazi yo dwe reyaji nan ka vyolasyon dwa sivil repete ak asèlman ki pa jistifye, y ap mande èd lè sa nesèsè.

Premye objektif entèkansyon lekòl nan yon dosye dwa sivil se mete fen a tout konpòtman fotif san pèdi tan epi anpeche l refèt ankò, yon fason pou asire sekirite tout elèv yo epi garanti yon anviwònman nan lekòl la kote pa gen asèlman ak vyolasyon dwa sivil. Entèkansyon an dwe fèt san pèdi tan, si sa nesèsè, nan yon ti tan tou kout e konplè depi yo konstate yon vyolasyon dwa sivil. Lekòl la ap pran tout mezi ki nesèsè nan limit otorite li pou reyalize objektif li ki se mete fen a vyolasyon dwa sivil e asèlman enjistifye yo ki pa janm sispann epi retabli e mentni yon anviwònman ki pa gen jan de konpòtman sa yo.

Y ap pran mezi ki efikas e si se nesèsè, pi sevè pou mete fen a asèlman e ak vyolans lan nèt. Reprèzantan lekòl la ap itilize mezi administratif regilye pou yo ka dezamòse sitiyasyon dwa sivil la nan mezi yo kapab: separe viktim nan oswa moun ki pote plent lan ak agresè an, pase agresè an lòd pou li pa rapwoche viktim nan oswa bay viktim nan plis sekirite. Y ap fè odyans disiplinè nan lekòl yo e y ap fè yo selon yon pwosedi

akselere lè gen menas vyolasyon dwa sivil ki pa janm sispann. Y ap pran mezi disiplinè ki apwopriye a konpòtman delenkan an lè yo konstate yon enfraksyon.

#### **Deziyasyon Administratè Dwa Sivil yo**

Direktè City on a Hill ap reponn li menm kesyon sou dwa sivil yo poze nan lekòl la. Direktè oswa Direktè Jeneral la disponib pou reswva rapò ak plent ki gen rapò a vyolasyon dwa sivil elèv yo, pwofesè yo oswa anplwaye yo.

#### **Egzanp Vyolasyon Dwa Sivil ak Ensidan Pasyalite**

- Konpòtman vèbal, ekri ou fizik dezagreyab ki sible karakteristik ras oswa koulè yon moun, tankou ti non jwèt ki mete aksan sou stereyotip, pawòl rasis epi kòmantè sou fason yon moun ak referans negatif yo fè sou koutim rasyal li (asèlman rasyal ak asèlman sou koulè).
- Konpòtman vèbal, ekri ou fizik dezagreyab ki sible karakteristik relijyon yo moun, tankou pa egzanp kòmantè denigran yo fè pou ki gen rapò a siyati, tradisyon relijye, abiman relijye, betiz ki gen rapò a legliz ak grafiti (asèlman relijye).
- Konpòtman ki vize karakteristik nasyonalite yon moun tankou kòmantè ki gen rapò a siyati li, fason li pale, koutim yo, lakg li oswa betiz ki gen rapò a kategori etnik (asèlman nasyonalite).
- Konpòtman ki vize karakteristik oryantasyon seksyèl reyèl, sispèk oswa konfime de yon moun tankou pawòl negatif ak imitasyon fason moun nan (asèlman ki gen rapò ak oryantasyon seksyèl).
- Konpòtman ki vize karakteristik andikap yon moun tankou pa egzanp, imitasyon fason yon moun pale oswa bouje oswa entèferans ak ekipman nesèsè yo (asèlman moun andikape).
- Konpòtman fizik ki fè yon moun krent ke li ka sibi yon move tretman, ki mele ak pawòl rasis (krim agresyon).
- Swivi repete e delibere yon moun ki asosye ak yon prejije kont estati reyèl oswa sispèk de viktim nan antanke gwoup (vyolasyon dwa sivil oswa krim asèlman kriminèl).
- Fè siy nazi (swastikas) sou mi oswa lòt byen piblik oswa prive (krim vandalis).
- Frape yon moun paske w sispèk oswa ou konnen li nan yon gwoup (krim kou ak blesi).

#### **Pwosedè Entèvansyon ak Ankèt nan Ka Ensidan**

- Chak fwa yon anplwaye oswa yon lòt moun temwen yon posib vyolasyon dwa sivil, yo dwe enfòmè Direktè a. Direktè a ap antame yon envestigasyon touswit. Epi y ap rele sèvis dijans, 911.
- Yon elèv ki vin denonse ke li sibi vyolasyon dwa sivil dwe wè ak Direktè a aprè yo fin reponn a bezwen dijans li yo. Gade wè si li nesèsè pou pran dispozisyon imedya oswa pwovizwa pou asire sekirite denonsyatè a epi evite yo al fè vanjans sou li.
- Ankèt la dwe chèche konnen si vrèman te gen vyolasyon dwa sivil. Yonn nan objektif imedya ankèt la ta dwe konsèvasyon ak kolèt eleman prèv yo jwenn kote vyolasyon an fèt la. Y ap fè foto grafiti ki gen rapò a prejije yo epi efase yo. Anketè a ap fè tout sa ki posib pou entèwoje tout viktim yo e tout temwen ki te prezan nan espas la, oswa aprè lè sa posib, entèwoje lòt moun ki konnen sa k te pase a. Ankèt la ka anglobe lòt metòd ak dokiman yo panse ki ka nesèsè e itil.
- Tout eleman yo dwe evalye ak swen pou detekte prezans endikatè pasyalite ki ta kapab kalifye sitiyasyon an kòm vyolasyon dwa sivil. Ankèt la dwe pèmèt yo wè si te gen enfraksyon dwa sivil ki vyole politik sa a.

#### **Konsekans Posib Vyolasyon Dwa Sivil yo e Neglijans nan Fason pou Aji**

- Mezi Koreksyonèl Non Disiplinè: Potansyèl vyolasyon dwa sivil yo kapab trete ak sanksyon kote w pa bezwen pini moun nan, ni w pa bezwen pran okenn mezi disiplinè kont moun nan. Se sèlman direktè yo ak reprezantan lekòl yo ki gendwa pran desizyon sa yo. Egzanp aksyon non disiplinè ki gendwa apwopriye nan kèk ka, nou kapab mansyone konsèy, plasman nan yon pwogram

sansibilizasyon a divèsite ki separe delenkan an ak viktim nan, konferans ak paran yo epi kèk travay espesyal tankou disètasyon sou yon sijè ki gen rapò a dwa sivil.

- Pwosedè Disiplinè: Vyolasyon dwa sivil yon elèv oswa yon anplwaye lekòl la ke yo te konstate aprè yon odyans ki jistifye enpozisyon sanksyon ki kapab ale jiska sispansyon oswa ranvwa (pou elèv yo) epi sispansyon oswa revokasyon (pou anplwaye yo). Y ap pran sanksyon pou elimine konpòtman agresè a, anpeche sa refèt epi retabli yon anvivònman nan lekòl ki pèmèt viktim nan aprann san pwoblèm. Lekòl gendwa mete fen nan yon pwogram re adaptasyon pou jèn yo kòm yon sanksyon pou elèv k ap fè dezòd yo, pou kont li oswa akonpaye a lòt sanksyon pou vyolasyon dwa sivil yo.

### **Angajman pou Pa gen Vanjans**

Pou asire yon denonsyasyon san antrav de aktivite pasyèl ki egzije nan enfòmasyon sa a, City on a Hill Charter Public School trete tout menas oswa zaj vanjans lè w depoze yon plent a anpil seryezite. Vrè vanjans oswa menas vanjans poutèt yon denonsyasyon yon aksyon ki gen rapò a dwa sivil se yon enfraksyon disiplinè diferan e siplèman ki merite sanksyon. Anplwaye yo ap kontwòle sitiyasyon viktim nan ak moun ki denonse a ak anpil atansyon pou asire l pa gen zak oswa menas vanjans ki fèt. Yo gendwa pran mezi administratif non disiplinè apwopriye e imedyata pou ka limite vanjans posib yo depi administratè yo gen pouvwa pou aji nan sans sa a.

### **Ranvwa bay Fòs Lòd**

Chak fwa yon anplwaye nan lekòl la gen rezon ki fè kwè gen yon moun ki te fè oswa ki pral fè yon aksyon paske l rayi yon lòt, li dwe enfòme Direktè a e si gen ijans, li dwe rele lapolis.

### **Enfòmasyon Adisyonèl: 504 LWA SOU READAPTASYON.**

504 Lwa sou Readaptasyon ane 1973 entèdi diskriminasyon kont moun andikape nan tout pwogram ki ap resevwa èd finansye federal yo. Pou li respekte obligasyon li selon atik 504 la, City on a Hill High School gen responsablite pou evite diskriminasyon nan politik ak pratik ki konsène pèsonèl li ak elèv li yo. Yo pa gendwa konnen y ap fè diskriminasyon kont yon moun andikape nan pwogram ak pratik lekòl la pou yo pèmèt li.

City on a Hill High School gen pou responsablite dapre atik 504 la pou idantifye, evalye epi si yo wè elèv la kalifye dapre atik 504 la, pèmèt li jwenn aksè a sèvis edikatif apwopriye yo. Si paran oswa gadyen legal yo pa dakò ak desizyon pèsonèl distri eskolè la pran an, yo gen dwa a yon odyans ak yon ajan endepandan.

Lwa sou Dwa Edikatif ak Pwoteksyon Vi Prove Fanmi yo (SIG ANGLÈ FERPA) presize dwa ki an rapò a dosye lekòl yo tou. Lwa sa a bay paran ak gadyen legal yo dwa pou: (1) enspekte epi analize dosye lekòl pitit la; (2) fè kopi dosye sa yo; (3) resevwa yon lis moun ki gen aksè a dosye sa yo; (4) mande esplikasyon sou tout eleman dosye sa yo; (5) mande yon avètisman a tout rapò ke li pa egzat, menasan oswa vyole dwa li; epi (6) mande yon odyans sou dosye sa a si lekòl la pa vle fè chanjman sa a.

Yo dwe adrese kesyon yo a kowòdonatè 504 la Direksyon an.

### **Enfòmasyon Adisyonèl: NOTIFIKASYON NON-DISKRIMINASYON**

City on a Hill angaje l pou respekte Lwa Ameriken ki Pwoteje Moun Andikape (sig an anglè ADA) yo. Lekòl la konte asire l ke moun andikape yo, ke se anplwaye, ke se moun ki aplike pou travay oswa si l anvizaje espas lekòl la, pou l jwenn menm tretman ak tout moun e pou li gen menm chans pou antre nan espas nou, pwogram, aktivite ak travay nou.

Li ilegal pou City on a Hill fè diskriminasyon ki baze sou andikap kont yon moun yo kalifye ki gen yon andikap nan:

- Rekrutman, piblisite, demann travay ak pwosesis travay;





- Anbòche, pèfeksyonman, pwomosyon, atribisyon pèmanans, retwogradasyon, transfè, ranvwa, rezilyasyon, dwa pou retounen aprè yon peryòd lisans, reanboche;
- To reminerasyon oswa tout lòt fòm pèman ak chanjman nan reminerasyon;
- Afektasyon travay, klasifikasyon travay, estrikti òganizasyonèl, deskripsyon pòs, lis pwogresyon ak ansyènte.
- Konje otorize, konje maladi oswa tout lòt konje;
- Avantaj sosyal yo ofri selon travay, ke se antite ki kouvri l la ou non;
- Seleksyon ak sipò finanfye pou fòmasyon, tankou aprantisaj, reyinyon pwofesyonèl, konferans ak lòt aktivite asosye, seleksyon pou konje otorize pou ka swiv yon fòmasyon;
- Aktivite ki finanse pa antite yo vize tankou pwogram sosyal e rekreyatif; epi
- Tout lòt modalite, kondisyon oswa provilèj pou travay.

City on a Hill pa p izole moun ki andikape yo, ni li pa p fè diskriminasyon kont yo sou baz andikap yo nan kad kontra, li pa p itilize kondisyon kalifikasyon, kritè, metòd administrasyon oswa tès diskriminatwa pou moun andikape yo, li pa p pran mezi adaptasyon rezonab kont yon moun ki kalifye men ki gen yon defisyans.

ADA egzije lekòl la mete aksan sou kapasite yon moun, pa sou andikap li. City on a Hill High School anvizaje mezi adaptasyon rezonab si moun nan kapab akonpli sa ki enpòtan nan pòs li ye a oswa travay y ap pale a. Li pa oblije bay moun andikape yo yon tretman preferansyèl oswa pou bese nò ranman y ap espere yo.

City on a Hill High School angaje l pou respekte entansyon ak prensip ADA yo. Yo mande tout manm kominote City on a Hill la pou ede atenn objektif sa yo. Si yon moun kwè City on a Hill fè diskriminasyon avèk li oswa nenpòt lòt moun akòz de yon andikap oswa si yon moun gen kesyon ak preokipasyon konsènan sistèm lekòl la nan sans sa a, li gendwa kominike ak kowòdonatè 504/ADA a atravè Direksyon an.

## Elèv ki gen Bezwen Patikilye

Nou kwè ke elèv ke elèv ki kalifye pou sèvis elèv ki gen bezwen patikilye yo kapab aprann epi reyisi a yon nivo ki koresponn a potansyèl yo lè yo jwenn sipò apwopriye. Nou kwè tou ke defi a se yon pati ki nesèsè nan aprantisaj la. N ap goumen pou nou kapab ekilibre defi sa a ki nesèsè ak yon sipò apwopriye. Nou pote sipò nou pandan n ap konsilte oswa kolabore ak pwofesè epi òganize seyans ansèyman an ti gwoup oswa endividyèl. **Anjeneral, City on a Hill pratike yon modèl enklizyon pou elèv ki gen bezwen patikilye yo.**

Objektif pwogram Rezo Aprantisaj la se pou ede Elèv nou yo reponn a atant City on a Hill pou chak elèv. Menm si Rezo a rekonèt, konprann e respekte reyalite tout andikap yo, n ap chèche bay chak elèv estrateji ak pratik travay k ap pèmèt nou ofri yo yon vi pwofesyonèl ki pèmèt li reyisi nan lekòl segondè e menm nan lavi li. Konsa, y ap enkli elèv yo nan òf akademik yo ak respè de eta preparasyon yo. Bezwen edikatif patikilye chak elèv k ap patisipe nan pwogram nan ap trete nan Pwogram Ansèyman Pèsonalize (IEP) a.

Anplis, e nan yon veritab espri enklizyon, elèv nou yo ap responsab obsèvasyon nòm sitwayènte City on a Hill yo.

Evantay konplè sèvis Rezo Aprantisaj gen seyans sipò eskolè pèsonèl epi an ti gwoup, kolaborasyon ak konsiltasyon ant pwofesè matyè yo e espesyalis aprantisaj la. Menm si evantay sa a pa aksesib sèlman a elèv ki gen plan etid dapre lwa sou Edikasyon Espesyal la, nou ofri yon pwogram sipò eskolè ki mwens ofisyèl a elèv ki gen bezwen yo.

Politik Ministè Edikasyon Massachusetts sou Disiplin Elèv ki gen Bezwen Patikilye yo dwe sèvi baz a tout dezasyon ki konsène elèv ki gen bezwen patikilye nan City on a Hill yo. Prensip politik sa a rezime pi ba a.

Prezansip fondamantal dwa edikasyon espesyal ki gen bezwen patikilye yo sèke elèv ki gen bezwen patikilye yo dwe trete yon fason ki sanblab ak tretman kamarad yo jwenn nan edikasyon òdonè a epi ki reponn a bezwen inik yo nan kesyon pwogramasyon an menm tan. Konsa, pou sa ki gen pou wè a disiplin nan:

- IEP chak elèv ki gen bezwen patikilye yo dwe mansyone si nou ka atann nou ke elèv la respekte kòd disiplin lekòl la oswa si li nesèsè pou fè chanjman;
- Si yon kòd disiplin modifye nesèsè, li dwe mansyone nan IEP elèv la;
- Si yon chanjman konsa pa nesèsè, elèv ki gen bezwen patikilye a dwe konfòme li a kòd disiplin lekòl la etabli a.

### **Kòd Konpòtman Elèv ki gen Bezwen Patikilye**

Tout elèv City on a Hill Charter School yo ap reponn a agzijans yo fè yo an matyè de konpòtman jan sa enonse nan liv sa a. Lwa sou Edikasyon Espesyal la egzije dispozisyon adisyonèl pou elèv yo wè ki kalifye pou edikasyon espesyal, ke y ap enskri nan yon Pwogram Anseyman Pèsonalize (IEP). Yo aplike egzijans sa yo nan disiplin elèv ki nan Edikasyon Espesyal yo:

- IEP a di si elèv la ap respekte kòd disiplin lekòl la. Lè elèv la bezwen yon chanjman nan kòd konpòtman an, chanjman sa yo ak ekri byen klè nan IEP a.
- Dwayen Sitwayènte a ap avèti Direktè Edikasyon Espesyal la aprè 7èm enfraksyon an ki kapab sispann pou yon elèv ki gen yon IEP oswa aprè 3èm sispansyon pou menm enfraksyon an. Y ap konsève avi ekri sa a nan yon rejis.
- Ranvwa pou yon Ti Tan: Lekòl gendwa ranvwaye yon elèv pou yon peryòd ki ale jaks 10 jou alafwa pou tout enfraksyon a règlemen lekòl la, a kondisyon ke yo pa abitye ranvwaye elèv la epi pou yon mezi disiplinè konsa konpatib a disiplin yo aplike a elèv andikape yo.
- Ranvwa Pi Lontan: Yo pa gendwa sispann yon elèv andikape alontèm (11 jou oswa plis) oswa ranvwaye nan lekòl li pou yon konpòtman li afiche se andikap li a ki fè li fè sa (eksepsyon yo mansyone pi ba a). Apati de 11èm jou lekòl ranvwa disiplinè yon elèv pandan ane lekòl la, si ranvwa a se yon chanjman plasman, elèv la dwe resevwa sèvis edikasyon piblik apwopriye yo gratis (sig an anglè FAPE) pandan peryòd ranvwa a pou yo ka pèmèt li kontinye patisipe nan pwogram ansèyman jeneral la epi pwogrese pou atenn objektif IEP yo, menm si se nan yon lòt espas.
  - Si konpòtman kifè yo pran sanksyon kont elèv la enplike "sikonstans espesyal" ki gen rapò ak zam, dwòg ilegal, sibstans kontwole (ki pa alkòl oswa tabak), oswa blesi kòporèl grav, anplwaye lekòl la gendwa mete elèv la nan yon sant ansèyman paralèl pwovizwa (IAES) pandan 45 jou maksimòm, menm si manifestasyon an detèmine. Ekip IEP a ap chwazi IAES la.
  - Gen sikonstans espesyal ki egziste si elèv la:
    - pote zam oswa posede yon zam lekòl la, nan espas lekòl la oswa nan yon fonksyon eskolè ki nan konpetans yon eta oswa yon òganis edikatif lokal (distri), oswa ankò
    - konnen yon moun ki pote oswa k ap itilize dwòg ilegal, vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwole pandan li lekòl la, nan lokal lekòl la oswa nan kad yon aktivite lekòl ki revele de konpetans yon eta oswa yon òganis edikatif lokal (distri), oswa ankò
    - lakoz yon moun blese grav pandan li lekòl la, nan lokal lekòl la oswa nan kad yon aktivite lekòl ki revele de konpetans yon eta oswa yon òganis edikatif lokal.

### **Chanjman Plasman**

Gen chanjman plasman akòz yon ranvwa disiplinè si yo retire yon timoun andikape nan plasman li ye kounye a pandan plis pase 10 jou lekòl yonn dèyè lòt, oswa si yo ranvwaye timoun nan plizyè fwa pou yon rezon ki vin yon tandans paske:

- total ranvwa yo rive depase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl;
- konpòtman elèv la sanble a ensidan pase kifè yo te alabaz seri ranvwa yo; epi

- lòt faktè tankou dire chak ranvwa, dire total ranvwa elèv la epi distans yon ranvwa parapò a yon lòt fòm yon tandans.

### **Detèminasyon Manifestasyon**

Distri a, paran an ak manm ekip elèv la fè egzamen manifestasyon an aprè yo fin analize tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye elèv la, tankou IEP li, obsèvasyon pwofesè a ak lòt enfòmasyon enpòtan paran oswa gadyen legal la bay pou yo ka konnen si:

- konpòtman y ap pale de li a se andikap timoun nan ki lakoz li oswa si l gen yon lyen dirèk e enpòtan avèk li; oswa
- konpòtman y ap pale de li a se konsekans dirèk lefèt ke distri a pa t aplike IEP elèv la.

Si yo dekouvri aksyon an se manifestasyon andikap yon elèv, y ap fè yon Analiz Fonksyonèl Konpòtman (sig anglè FBA) ak yon Plan Entèvansyon nan Konpòtman (sig anglè BIP) pou trete konpòtman an. Si yo dekouvri aksyon an se pa manifestasyon andikap yon elèv, yo gendwa pran sanksyon ki apwopriye yo konfòmman a politik yo aplike a tout elèv ki pa gen andikap yo, sof ke distri a dwe toujou ofri:

- sèvis pou asire aksè nan FAPE
- si sa posib, yon FBA ak yon BIP pou trete pwoblèm konpòtman an pou li pa repete ankò.

Responsab lekòl la dwe fè yon egzamen Detèminasyon Kontni a nenpot moman.

- Yo konsidere ranvwaye yon elèv se yon chanjman plasman; oswa
- Ranvwa a konsènan konpòtman ki lye ak zam oswa itilizasyon dwòg ilegal; oswa
- Distri a mande òdonans yon ajan odyans pou plase yon timoun nan sant ansèyman paralèl pwovizwa akòz yon konpòtman ki riske koze domaj a li menm oswa lòt moun.

### **Kiy[es ki kapab konteste yon sanksyon disiplinè?**

- Yon paran timoun andikape ki pa dakò ak yon desizyon konsènan plasman disiplinè pitit li oswa detèminasyon manifestasyon an, li kapab mande yon odyans nan Biwo Reklamasyon an Matyè de Edikasyon Espesyal (BSEA) pou konteste desizyon an. Motif ki jistifye apèl la gen ladan li, men san li pa limite a sa yo sèlman, yon dezakò ak ranvwa elèv la nan yon lòt sant ansèyman paralèl pwovizwa, yon dezakò konsènan detèminasyon manifestasyon an lefèt ke yo konsidere ranvwa a kòm yon chanjman plasman oswa yon dezakò konsènan sèvis edikatif timoun nan resevwa pandan plasman an oswa evalyasyon fonksyonèl konpòtman ak prezantasyon plan entèvansyon nan ka yon konpòtman e yon dezakò konsènan pwosesis elèv la nan ka pa li a.
- Yon Ajans Edikasyon Lokal (sig anglè LEA) ki panse kenbe elèv la nan plasman li ye a kapab bay li menm oswa lòt moun pwoblèm, li gendwa depoze yon demann odyans nan BSEA.

## **Dwa Elèv**

### **Libète Lapawòl**

Dwa yon elèv genyen pou pale limite a restriksyon annapre yo:

- Sa yon elèv di pa dwe deranje travay ak disiplin lekòl la yon fason materyèl oswa konsiderab.
- Pawòl yon elèv di pa dwe pwovoke lòt yo deranje travay oswa disiplin lekòl la oswa ankò dezobeyi Règleman yo.
- Okenn elèv pa gen dwa fè mal elve.
- Elèv yo pa gen dwa di (fè manti) ni ekri bagay (ki pa vre) sou lòt moun ki ta kapab deranje repitasyon li epi ki pa vre, si yo konnen deklarasyon an fo oswa si pa gade yo chèche konnen si l vrè oswa fo.
- Elèv yo pa dwe itilize mo yo itilize nan batay, sa vle di, mo depi yo di yon moun rezonab yo, y ap fè w anvi goumen. Nan kategori sa a gen mo ki gen karaktè rasyal, mo betiz ki gen rapò ak sèks, orijin etnik oswa relijyon.

Lwa Jeneral Massachusetts. Chapit 71. 82. Yo pa gendwa limite dwa elèv yo genyen pou yo pale nan lekòl piblik Commonwealth yo, *a kondisyon le dwa sa a pa deranje ni kreye dezòd nan lekòl la*. Libète ekspresyon se dwa ak responsabilite elèv yo, swa an gwoup oswa endividyèl (a) pou bay opinyon yo pa lapawòl oswa pa senbòl, (b) pou ekri, pibliye epi difize opinyon yo, (c) pou yo reyini pasifikman sou lakou lekòl la pou yo ka ekspri santiman yo. Tout asanble elèv yo planifye pandan lè kou regilye yo ap ka fèt sèlman nan yon moman w yon kote Direktè a oswa Direktè Adjwen an apwouve a lavans.

Okenn deklarasyon elèv sa yo fè nan egzèsis dwa yo pa p konsidere kòm ekspresyon yon politik lekòl la, epi okenn dirijan nan lekòl la pa p responsab yon aksyon sivil oswa kriminel pou nenpòt deklarasyon elèv yo fè oswa yo pibiye.

#### **Libète Laprès**

Elèv yo ka ekspri opinyon yo nan edisyon pibliye oswa nenpòt lòt dokiman ekri. Yo pa p sanksyone piblikasyon ki pa ofisyèl oswa ki ilegal yo distribye nan lekòl la depi otè yo siyen yo epi yo pa deranje, yo pa bay manti, yo pa gen kontni endesan oswa yo pa gen "mo ki pou fè moun goumen". Men aprè desizyon Kou Siprèm Etazini nan dosye Hazelwood School District v. Kuhlmeier (1988) la, City on a Hill gen tout dwa pou li reglemante kontni "aktivite ekspresif lekòl la sipòte."

#### **Libète Ekspresyon Senbolik**

Elèv yo gen dwa pote makawon, brasa ak siy lapè nan lekòl la depi yo pa vyole kòd inifòm nan. Mesaj senbolik yo pa dwe deranje, yo pa dwe bay manti, yo pa dwe endesan ni yo pa dwe gen "mo ki pou fè moun goumen".

#### **Libète Relijyon**

Elèv yo gen dwa pou yo pa vini lekòl pou yo respekte jou sen yo selebre nan relijyon pa yo. Paran oswa gadyen legal yo dwe avèti Konseye a ak tout pwofesè pa yon lèt anvan absans lan. Yon absan pou koz relijye yo pa konsidere l kòm absans nan lekòl la.

#### **Fouy ak Sezi**

Tout fouy ak sezi yo ap fèt sèlman pou sekirite ak byennèt kominote City on a Hill la. Fouy an mas nan kazye yo entèdi a mwens ke Direktè lekòl la (oswa reprezantan li chwazi a) wè yon menas pou sante ak sekirite lekòl la. Pou Direktè a (oswa moun li chwazi a) fouye yon elèv, kazye li oswa sa li posede:

- Fòk gen motif rezonab ki ta ka fè kwè yon elèv vyole politik lekòl la oswa lwa ki konsènen kontrebann oswa bagay ki vòlè; epi
- Fouy la dwe fèt yon fason rezonab e ki lye ak objektif li; epi fòk li pa twò deranje si n ap konsidere laj ak sèks elèv la, epi sitou de kisa yo akize li a. Si sa posib, fouy la dwe fèt an prezans omwen de pwofesè nan City on a Hill.

Yon elèv responsab pa p pote anyen lekòl la, ni li pa p mete nan kazye li, okenn bagay li konnen lekòl la oswa lapolis pa dwe okouran de li. Yo prete elèv yo kazye yo men yo rete pou City on a Hill pandan tout tan y ap itilize yo a.

#### **Dwa a Egalite nan Edikasyon**

Yo pa gen dwa anpeche ni dekouraje elèv City on a Hill yo pou yo patisipe nan yon aktivite City on a Hill ap òganize akòz de ras yo, koulè yo, relijyon (kwayans) yo, sèks yo, ekspresyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo, estati transjan yo, tranzisyon seksyèl yo, laj, nasyonalite, andikap yo, kondisyon sanzabri yo, estati sivil yo, oryantasyon seksyèl yo, sityasyon militè yo nan okenn pwogram, aktivite oswa operasyon.

Lwa ki entèdi diskriminasyon nan edikasyon yo se:

- Chapit 622 Lwa 1971 Lejislati Massachusetts (Lwa Eta).
- Tit IX Modifikasyon Edikatif 1972 yo (Lwa Federal).



- Tit VI Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo (Lwa Federal).
- 504 Lwa sou Readaptasyon 1973 la (Lwa Federal).
- Chapit 766 Lwa 1972 Lejislati Massachusetts (Lwa Eta).
- IDEA (Lwa sou Edikasyon Moun Andikape)

### **Kisa w dwe fè si yo vyole dwa w**

*Nou ankouraje w pale ak Konseye w, pwofesè w, antrenè w oswa yon lòt moun nan kominote City on a Hill la. Nenpòt moun nan kominote City on a Hill la ki kwè li viktim oswa li temwen yon zak diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, laj, oryantasyon seksyèl, relijyon, nasyonalite oswa andikap, li dwe depoze yon plent devan Direktè City on a Hill la. Direktè a ap pran desizyon sou dosye sa a. Si w pa satisfè a desizyon Direktè, manm kominote City on a Hill la ka mande yon odyans devan Konsèy Administrasyon an, y ap fè yon demann alekri pou sa.*

### **Laj Majè**

Lè yon timoun gen "laj majè" oswa 18 lane, City on a Hill gen obligasyon pou onore desizyon li nan kesyon edikasyon, menm si elèv la gen pèmasyon paran/gadyen legal li e menm si l pa ta genyen li. Tout elèv ki enskri nan City on a Hill dwe respekte règleman ki nan gid sa a, menm si li gen laj majè, menm si l pa genyen li.

Egzanp de kisa elèv yo gendwa fè apati de 18 lane:

- Antre e soti lekòl la (absan, rive an reta oswa ranvwaye san otorizasyon granmoun li)
- Abandone lekòl la san otorizasyon granmoun li
- Siyen yon fòmilè pou vizit sou teren oswa prezante yon demann enskripsyon nan lòt pwogram san otorizasyon yon granmoun.
- Resevwa pwòp bilten li san otorizasyon granmoun li
- Analize dosye lekòl li san otorizasyon granmoun li
- Fè demann admisyon nan pwogram kolèj san otorizasyon granmoun li
- Pran desizyon ki gen rapò ak Edikasyon Espesyal tankou desizyon pou mete fen a yon IEP san otorizasyon granmoun li

Egzanp de kisa City on a Hill ap kontinye fè:

- Enfòmè paran an lè elèv la pa vini lekòl, si l rive an reta oswa si l ranvwaye
- Enfòmè paran an de entansyon elèv la genyen pou kite lekòl la.
- Voye kopi nòt yo bay paran yo epi envite yo nan reyinyon paran-konseye yo.
- Kominike dosye lekòl elèv la bay paran an si l mande sa.
- Enfòmè yon paran lè yo voye elèv la lakay li oswa si yo sispann li pou rezon disiplinè
- Angaje paran yo pou ede elèv la pran bon desizyon ki gen rapò a edikasyon li.

City on a Hill ankouraje elèv ki gen 18 lane yo pou yo enskri pou yo ka bvote epi pou egzèse dwa vòt yo nan eleksyon lokal, rejyonal oswa federal yo.

### **Politik Sipò pou Elèv Sanzabri**

Ministè Edikasyon Massachusetts adopte paragaf 725(2) Lwa ki konsène definisyon timoun ak jèn sanzabri yo.

Moun ki pa gen kote fiks, regilye e konfòtab pou pase nwit yo, oswa ki pase nwit yo nan ryon refij sipèvize, ke li piblik oswa prive, k ap administre pa òganis piblik ou prive, pou lojman tanporè (tankou otèl, refij kolektif ak lojman tranzisyon pou malad mantal yo), yon enstitisyon ki ofri lojman tanporè a moun ki ta dwe

plase nan etablisman oswa espas piblik, oswa ankò prive ki pa fèt pou lojman òdinè yo souvan itilize pou mete moun.

City on a Hill angaje l pou li ofri menm posibilite pou elimine difikilte ki genyen pou elèv sanzabri yo patisipe nan tout sektè ki genyen nan lekòl la. Yo pa p mete elèv sanzabri yo deyò lekòl la si dokiman yo pa konplè (tankou vaksen yo) epi y ap gen aksè a menm pwogram edikatif, menm espò, menm sèvis transpò e menm sèvis nitrisyon a tout lòt rès elèv ki nan City on a Hill yo. Si sa nesèsè, City on a Hill ap fè tout efò li pou bay elèv ki pa rete nan distri City on a Hill la men ki toujou frekante City on a Hill, lòt mwayen transpò, inifòm gratis ak lòt founiti pou lekòl ki nesèsè.

Elèv sanzabri yo dwe respekte menm kritè enskripsyon ak sa ki nan estati ak Lwa nou yo. Men, si gen konfli osijè de plas oswa enskripsyon yon elèv sanzabri nan City on a Hill: 1) City on a Hill appran elèv sanzabri a, annatandan pwoblèm yo rezoud; 2) City on a Hill bay elèv la yon espikasyon ekri de ki desizyon lekòl la pran, l ap di l ki dwa paran yo genyen, gadyen legal la oswa elèv la genyen pou konteste desizyon lekòl la; 3) y ap refere paran an/gadyen legal la oswa elèv la bay reprezantan sanzabri lekòl la pou l pran an chaj jere dosye a epi asire l ke elèv la enskri nan yon lekòl annatandan konfli a rezoud.

## Politik Restriksyon Elèv

Konfòmman a *Commonwealth of Massachusetts Regulations (603 CMR 46.00)*, City on a Hill gen kòm objektif pou asire l chak elèv ki frekante lekòl la pa dwe sibi izaj derezonab restriksyon fizik. Y ap itilize restriksyon fizik sèlman nan ka dijans aprè gen lòt entèvansyon ki echwe oswa si yo te jije ke yo pa t apwopriye epi ak anpil pridans.

Sèlman anplwaye fòm lekòl ap itilize restriksyon fizik epi y ap fè li nan de objektif:

- pou pwoteje yon elèv oswa yon manm nan kominote lekòl la de yon danje fizik grav; epi
- anpeche oswa diminye ominimòm tout tip de domaj a elèv la ki se rezilta itilizasyon restriksyon fizik la.

Yo gendwa itilize restriksyon fizik sèlman nan sikonstans sa yo:

- lè entèvansyon non fizik yo pa bay rezilta; ak
- lè konpòtman elèv la parèt yon gwo mesas danje grav pou li menm e pou lòt moun.

Yo entèdi restriksyon fizik nan sikonstans sa yo:

- kòm mwayen pinisyon; oswa
- pou reponn a restriksyon byen, pou dezòd nan disiplin lekòl la, lè yon elèv refize konfòme li a yon règleman lekòl la oswa yon enskripsyon anplwaye yo, oswa ankò menas vèbal ki pa reprezante yon menas gwo danje fizik grav.

Tout restriksyon fizik ki lakoz blesi a yon elèv oswa yonn nan anplwaye yo, oswa nenpòt restriksyon fizik ki dire plis pase senk minit, y ap rapòte yo bay administrasyon an ak fanmi elèv la.

## Politik Adomisil

### Ki pwosesis kou adomisil yo ye?

Yo ofri sèvis sa a pou elèv nan City on a Hill ki pa kapab frekante lekòl la akòz de yon eta fizik oswa emosyonèl sètifye. Yo bay ansèyman adomisil la pou elèv ki rete lakay li, ki nan yon sant terapi oswa lopital pandan peryòd konvalesans oswa peryòd tretman li an.

### Poukisa yo fè ansèyman adomisil?



Yo bay ansèyman adomisil la pou pèmèt elèv pouswiv aktivite lekòl li epi swiv kou ki fèt nan klas la pandan absans li nan lekòl la. Ansèyman adomisil la ka ofri sèvis edikatif tranzisyon tou anvan elèv la retounen lekòl nòmal.

**Responsabilite City on a Hill:**

- Resevwa epi date verifikasyon ak dokiman ki gen rapò an nesite pou ansèyman adomisil la.
- Prepare epi soumèt yon twous referans k ap gen yon lèt ki presize ki sèvis pou yo bay elèv la.
- Kenbe elèv la sou lis lekòl regilye epi konte elèv la kòm prezan, sof lè elèv la pa disponib pou sèvis ansèyman adomisil la.
- Bay pwofesè ansèyman adomisil la materyèl pou fè enstriksyon an. Tankou liv, plan kou, tès ak egzamen, pwojè, enfòmasyon sou aprantisaj la e tout lòt materyèl ki nesè pou enstriksyon an.
- Detèmine nòt final ak kredi yo dwe bay yo.

**Responsabilite Pwofesè Ansèyman Adomisil:**

- Wòl pwofesè ansèyman adomisil se pou asire lyezon ant elèv la, paran li ak lekòl la, epi ede elèv la rete akwoche a pwogram etid li, ki gen ladan li tout kou ki nesè pou li pran diplòm li.
- Kominike ak paran an oswa gadyen legal la pou fikse yon dat ak lè pou ansèyman an.
- Kominike ak konseye elèv la oswa yon manm nan ekip administratid la pou ka mande dokimantasyon yo.
- Konfime ke materyèl la pare pou pase pran li nan direksyon an.
- Diskite ak anplwaye ki konsène nan lekòl la pou ka rasanble materyèl yo.
- Fè ansèyman nan domèn pwofesè elèv la presize yo.
- Kominike ak paran/gadyen legal elèv la, konseye a oswa manm administrasyon an si w gen nenpòt kesyon oswa dout.

**Responsabilite paran oswa gadyen legal:**

- Prezante lekòl la verifikasyon ak domikan ki di elèv la bezwen sèvis ansèyman adomisil.
- Bay yon espas ki sekirize pou ansèyman an fèt lakay la si sa ta nesè.
- Kominike ak pwofesè ansèyman adomisil la si elèv la paka respekte yon randevou yo te prevwa.
- Kominike ak konseye a ak/oswa yon manm administrasyon an si w gen nenpòt kesyon oswa dout.

**Responsabilite elèv:**

- Rete motive epi kolabore ak pwofesè adomisil la.
- Toujou la a lè
- Genyen tout liv ak materyèl ki nesè pou sesyon ansèyman an.
- Pran tan pou fè devwa yo.
- Fè tout devwa ou.
- Demontre respè pou pwofesè adomisil la.
- Patisipe e kolabore ak pwofesè a pou fè devwa yo.
- Soumèt travay ki fini yo bay pwofesè ansèyman adomisil la.

## Depistaj Vèbal pou Dwòg ak Opyoyid

Apati de ane eskolè 17-18 la lekòl City on a Hill yo ap gen yon pwotokòl depistaj dwòg ak opyoyid aloral konfòmman a atik 97 chapit 71 Lwa Jeneral yo.

Nan kad pwogram resousman City on a Hill la, City on a Hill al anseye prevansyon konsomasyon alkòl ak lòt dwòg ak danje ki gen nan lè w fè abi de sibstans sa yo. Tout enfòmasyon konsènan byennèt yo afiche sou sit entènèt City on a Hill la: [cityonahill.org](http://cityonahill.org) nan gid elèv oswa nan dokiman asosye yo. Y ap itilize zouti depistaj vèbal la pandan premye ane elèv la nan kad depistaj sante e byennèt ak BMI an. Elèv yo ak fanmi yo gen posibilite pou retire yo nan despistaj la pa avètisman ekri a nenpòt moman anvan depistaj la, gras ak yon

avètisman ekri e yon fòmilè pou pa patisipe, y ap remèt sèvis sante piblik rezilta depistaj la konfòmman a pwotokòl DESE a.

## Politik Videyo Siveyans

Nan lekòl yo, nou itilize pafwa videyosiveyans pou asire sekirite elèv yo, pwofesè yo, anplwaye yo ak fanmi yo. Sa kapab fèt pandan, ankèt oswa aktivite ki asosye a disiplin elèv yo, oswa nan kontèks yon kontrent.

## Politik Media Sosyal

Itilizasyon entènèt reprezante gwo danje, espesyalman nan kontèks rezo sosyal yo. Nan City on a Hill nou kwè fanmi yo se bon asosye, menm jan tou pou pwofesè ak elèv yo, pou nou ka asire nou elèv yo itilize entènèt la yon fason ki sekirize, nan respè e selon kòd konpòtman e politik anti entimidasyon lekòl la, andedan kou deyò. Nan City on a Hill nou mande fanmi yo pou kontwole aktivite timoun yo sou entènèt, kidonk kijan yo itilize entènèt sou tout platfòm medya sosyal yo pou asire nou elèv yo itilize entènèt la yon fason sekirize, nan respè e selon tout règ ak politik lekòl la.

Nou ankouraje fanmi yo li enfòmasyon Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la pibliye sou Sibèkriminalite ak Sekirite sou Entènèt ki sou sit entènèt Commonwealth of Massachusetts Government lan <http://www.mass.gov/ago/public-safety>.

## Disponibilite Pwogram Eskolè pou Elèv ki Ansent

Li enpòtan pou fini lekòl pou reyisi nan lekòl e pou w reyisi nan lavi a tou. Pou rezon sa a, City on a Hill garanti elèv ki ansent yo gen aksè a tout posibilite edikasyon ofri a tout lòt elèv yo. Li entèdi pou lòt elèv, pwofesè, administratè lekòl la ak konseye yo fè asèlman oswa diskriminasyon.

City on a Hill pa fè diskriminasyon a elèv yo, ni li pa mete okenn elèv deyo nan yon pwogram oswa aktivite pedagojik paske l ansent, li akouche, paske l fè yon kanpe akoz gwsès la oswa pou retablisman elèv la.

Elèv ansent yo gen dwa pou rete nan pwogram eskolè regilye yo ye a, menm plasman nan edikasyon espesyal nan distri a, menm jan tou nan tout aktivite paraeskolè yo, entèn, entèskolè ak lòt pwogram diplòm yo. Tout elèv yo dwe bay menm dokiman yo egzije pou patisipasyon ak kalifikasyon yo.

Yo pa gen dwa sispan ni mete yon elèv ki ansent nan City on a Hill deyò, ni retire li nan pwogram eskolè oswa paraskolè, ni oblije l patisipe nan pwogram eskolè sèlman akoz gwsès, akouchman, retablisman li oswa paske li te kanpe akoz gwsès la, eta gwsès li oswa ankò estati eta sivil oswa parantal li.

Si City on a Hill elabore yon program espesyal pou elèv ansent oswa ki asosye a gwsès la pou edike elèv yo, patisipasyon nan pwogram eskolè oswa paraskolè sa yo se si elèv la vle, epi yo ofri pwogram sa yo a elèv ki pa ansent tou, e li rete volontè si elèv la vle patisipe.

City on a Hill pèmèt elèv ansent yo patisipe nan kou jimnastik, menm si elèv ansent lan dwe bay menm dokiman yo egzije tout lòt elèv yo bay pou yo kapab patisipe yo. Si yon elèv pa kapab patisipe nan pwogram edikasyon fizik regilye a, City on a Hill kapab elabore yon lòt pwogram etid k ap koresponn a kondisyon li epi nan fen etid li y ap ba li yon kredi pou edikasyon fizik.

City on a Hill ap toujou trete gwsès la menm jan li trete lòt maladi yo. Yo dwe ofri elèv ki ansent sèvis yo, menm jan yo dwe ofri sèvis yo a elèv ki gen lòt limitasyon tanporè.



Si yon elèv ki ansent oswa nouris pa vini lekòl akòz de gwoès la oswa akòz de lòt pwoblèm sante ki asosye a gwoès la (pa egzàn akouchman, fos kouch oswa rekiperasyon), y ap konsidere absans yo jistifye depi doktè a bay yon memo/sètifika ki di sa, menm jan pou tout lòt elèv ki ta kapab gen pwoblèm sante.

Lè l ap retounen aprè yon absans jistifye, elèv ansent lan dwe retounen nan City on a Hill ak menm estati li te genyen anvan kòmansman konje a, e li kapab fini tout devwa ak egzamen li te rate pandan absans li yo kapab ba li yo. Lè elèv la fini travay sa yo avèk satisfaksyon, y ap ba li yon kredi konplè.

Sou rekòmasyon doktè elèv la, elèv ki ansent lan kapab jwenn konje otorize pou kantite li wè li nesèsè pou sante li, pandan peryòd sa a l ap gen yon sèvis ansèyman ki konparab ak sèvis ansèyman yo bay lòt elèv ki gen lòt limitasyon tanporè yo.

### **Fimen: Politik Antitabak**

Lwa Jeneral Massachusetts yo nan Chapit 71 seksyon 37H entèdi tout moun, menm anplwaye lekòl la pou itilize pwodui ki gen tabak nan espas lekòl la, sou teren lekòl la oswa nan bis lekòl la. Politik la aplike a tout aktivite lekòl la ap sipòte, aktivite lekòl la e menm match yo. Nenpòt anplwaye oswa elèv ki vyole lwa sa yo ap anba sanksyon.

### **Divilgasyon Enfòmasyon Elèv**

Konfòmman a seksyon 603 CMR 23.07(4)(a), City on a Hill gendwa divilge enfòmasyon sa yo san konsantman alavans: non, adrès, nimewo telefòn, dat ak kote elèv la fèt, domèn etid prensipal elèv la, dat elèv la te nan lekòl la, pwa ak wotè elèv ki nan ekip espò yo, klas, patisipasyon nan aktivite ak espò yo rekonèt ofisyèlman, diplòm, distenksyon, ak rekonpans epi plan etid aprè segondè.

Paran oswa gadyen legal yo epi elèv yo gendwa mande pou enfòmasyon sa yo pa pibliye san yo pa bay konsantman yo anvan. Si w pa swete enfòmasyon sa yo divilge san konsantman w davans, mande pou Direktè Fonksyonman Lekòl la nan resepsyon an.

### **Notifikasyon Dwa Selon Modifikasyon ki gen Rapò a Pwoteksyon Dwa Elèv yo (PPRA)**

PPRA bay paran yo ak gadyen legal yo kèk dwa konsènan sondaj k ap fèt, kòlèk ak itilizasyon enfòmasyon pou komèsyalizasyon e kèk egzamen fizik. Li genyen dwa pou:

*Otorize* anvan pou mande elèv yo patisipe nan yon ankèt ki akse sou yonn oswa plizyè nan kategori pwoteje annapre yo ("Ankèt Enfòmasyon Pwoteje") si ankèt la finanse konplètman oswa pasyèlman pa yon pwogram nan Ministè Edikasyon Etazini. (ED)–

1. Afilyasyon politik, kwayans elèv la oswa kwayans paran li;
2. Pwoblèm mantal oswa sikolojik elèv oswa fanmi li;
3. Konpòtman oswa atitud seksyèl;
4. Konpòtman ilegal, anti sosyal oswa degradan;
5. Evalyasyon kritik lòt moun kote moun k ap reponn nan gen lyen famiyal pwòch;
6. Relasyon privilejye lalwa rekonèt pa egzàn avèk avoka, doktè oswa minis;
7. Pratik relijye, afilyasyon oswa kwayans elèv la oswa ankò kwayans paran li/gadyen legal li; oswa
8. Revni, sof si lalwa egzije sa pou detèmine kalifikasyon nan yon pwogram.

#### **Resevwa yon avi ak posibilite pou retire yon elèv nan –**

1. Tout lòt ankèt sou enfòmasyon pwoteje, kèlkeswa finansman an;
2. Tout egzamen fizik oswa depistaj ki pa ijan oswa anvazif yo egzije kòm kondisyon admisyon, administre pa lekòl la oswa ajan li, e ki pa nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite yon elèv, sof pou depistaj pwoblèm

zòrèy, pwoblèm zye ak pwoblèm ki gen rapò ak eskolyoz oswa tout lòt egzamen fizik ou depistaj ki otorize oswa lwa eta a egzije; epi

3. Aktivite ki gen kòlèk, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl elèv yo bay pou komèsyalizasyon, lavant oswa distribisyon bay lòt enstitisyon.

**Enspekte, si yo mande sa e anvan administrasyon oswa itilizasyon –**

1. Ankèt enfòmasyon pwoteje elèv yo;
2. Enstriman yo itilize pou jwenn enfòmasyon pèsònèl nan men elèv yo pou komèsyalizasyon, vann oswa lòt tip de distribisyon; epi
3. Materyèl didkatik yo itilize nan kad pwogram etid yo.

Dwa sa yo transfere de paran/gadyen legal a yon elèv ki gen 18 lane oswa yon minè an libète selon lwa Eta a.

City on a Hill ap elabore epi adopte politik, an konsiltasyon ak paran/gadyen legal yo konsènan dwa sa yo, epi tou ak dispozisyon pou pwoteje vi prive elèv yo nan administrasyon sondaj pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo ak kòlèk la, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl yo pou komèsyalizasyon, vann oswa lòt tip de distribisyon. City on a Hill ap avèti paran/gadyen legal la dirèkteman de politik sa yo omwen yon fwa pa ane, nan kòmansman chak ane lekòl epi aprè chak chanjman enpòtan ki fèt ladan li. City on a Hill ap avèti dirèkteman, pa egzanp swa atravè lapòs oswa pa imèl, paran/gadyen legal yo elèv ki dwe patisipe nan aktivite oswa ankèt espesyal yo mansyone pi ba yo epi l ap bay paran yo posibilite pou anpeche timoun yo nan aktivite oswa ankèt espesyal sa a. City on a Hill ap avèti paran oswa gadyen legal yo nan kòmansman ane lekòl la si distri a gentan konnen dat egzat oswa yo gentan prevwa nan ki dat aktivite yo oswa sondaj yo ap fèt nan moman an. Pou aktivite ak ankèt yo prevwa pou aprè ane lekòl la kòmanse, paran oswa gadyen legal yo ap resevwa yon avi rezonab de aktivite ak ankèt yo prevwa ki site pi ba a epi y ap gen posibilite pou pa kite timoun nan patisipe nan aktivite ak ankèt sa yo. Paran oswa gadyen legal yo ap gen okazyon pou analize tout ankèt pètinan yo. Men yon lis aktivite ak ankèt espesyal egzijans sa a kouvri:

- Kòlèk, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsònèl pou komèsyalizasyon, vann oswa lòt tip de distribisyon.
- Administrasyon tout ankèt sou enfòmasyon pwoteje ki pa finance konplètman oswa pasyèlman pa Ministè Edikasyon.
- Tout egzamen fizik oswa depistaj ki pa ijan e envazif, jan sa dekri pi wo a.

Paran oswa gadyen legal ki estime dwa yo vyole ka depoze yon plent nan:

Family Policy Compliance Office  
"U.S. Department of Education"  
400 Maryland Avenue, SW  
Washington, D.C. 20202-5901

## Avi FERPA

Lwa sou Dwa Eskolè ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi (sig anglè FERPA) akòde paran oswa gadyen legal ak elèv ki gen 18 pou pi piti yo ("elèv kalifye") kèk dwa konsènan dosye lekòl elèv la. Dwa sa yo se:

1. Dwa pou revize e analize dosye lekòl elèv la 45 jou aprè City on a Hill resevwa yon demann aksè a dosye sa yo.

Paran oswa gadyen legal yo oswa elèv ki kalifye ki swete revize dosye lekòl pa yo oswa pa pitit yo, yo dwe fè yon demann ekri a jesyonè operasyon lekòl la ki di ki dosye yo ta renmen revize a. Ofisyèl lekòl la ap pran dispozisyon ki nesèsè pou paran yo oswa elèv ki kalifye a ka gen aksè a dosye yo epi l ap fè paran oswa elèv kalifye a konnen kilè e ki kote y ap ka konsilte dosye yo.



2. Dwa pou mande chanjman dosye lekòl elèv la ke paran an oswa elèv ki kalifye a twouve ki pa egzat oswa ki ka twonpe moun, oswa ki an vyolasyon dwa vi prive elèv la daprè FERPA.

Paran oswa gadyen legal oswa elèv ki kalifye ki vle mande City on a Hill pou modifye dosye lekòl pa yo oswa dosye lekòl pitit yo, yo dwe ekri jesyonè operasyon lekòl, di aklè nan ki pati nan dosye a yo vle fè modifikasyon an epi presize poukisa yo dwe fè sa. Si lekòl pa deside fè chanjman nan dosye a jan paran an oswa elèv kalifye a mande sa a, lekòl la ap avèti paran an oswa elèv kalifye a de desizyon an epi l ap enfòmè yo ke yo gen dwa a yon odyans ki gen rapò a demann chanjman an. Y ap bay paran an oswa elèv kalifye a enfòmasyon adisyonèl konsènan pwosedi odyans lan lè yo avèti yo ke yo gen dwa a yon odyans.

3. Dwa pou bay konsantman ekri anvan lekòl la fè divilgasyon enfòmasyon pèsònèl idantifyab (sig anglè PII) ki nan dosye lekòl elèv la, sof nan ka kote FERPA otorize revelasyon an san konsantman.

Yon eksepsyon ki pèmèt revelasyon san konsantman se revelasyon bay reprezantan lekòl ki gen enterè ki an rapò a edikasyon ladan yo. Kritè ki pèmèt defini kiyès yo konsidere ki se reprezantan lekòl la epi kisa yo konsidere ki se yon enterè edikatif lejitim yo dwe defini nan avètisman anyèl lekòl la oswa distri lekòl la konsènan dwa FERPA yo. Yon reprezantan lekòl se yon moun lekòl la oswa distri lekòl la anplwaye kòm administratè, sipèvizè, pwofesè oswa manm pèsònèl sipò (ki genyen pèsònèl medikal ak pèsònèl brigad lapolis la); oswa yon moun ki nan konsèy lekòl la. Yon reprezantan lekòl la kapab se yon volontè, yon kontrakyèl oswa yon konsiltal tou, pandan li pa anplwaye lekòl la, l ap egzèsè yon sèvis oswa fonksyon enstitisyonèl lekòl ta dwe itilize pwòp anplwaye li, e ki sou kontwòl dirèk lekòl la konsènan itilizasyon ak mentnans PII dosye lekòl yo kòm yon avoka, yon verifikatè, yon konsiltan medikal, yon terapèt, yon paran oswa yon elèv ki bay tèt li kòm volontè pou fè pati yon komite ofisyèl, tankou yon komite disiplin ak reklamasyon; oswa yon paran, yon elèv oswa lòt volontè k ap ede yon lòt reprezantan lekòl la nan travay li gen pou fè yo. Yon reprezantan lekòl la gen enterè lejitim nan sa ki konsènen edikasyon si l gen pou analize yon dosye pou li ka byen fè travay li an tan ke profesyonèl.

4. Dwa pou depoze plent nan Ministè Edikasyon Etazini si yo sispèk City on a Hill pa respekte egzijans FERPA fè yo. Non ak adrès Biwo ki administre FERPA se:

Family Policy Compliance Office  
U.S. Department of Education  
400 Maryland Avenue, SW  
Washington, DC 20202

FERPA egzije City on a Hill, sou rezèv kèk eksepsyon, jwenn konsantman ekri ou anvan divilgasyon enfòmasyon pèsònèl idantifyab ki nan dosye lekòl pitit ou a. Men City on a Hill gendwa divilge "enfòmasyon repètwa" apwopriye yo san konsantman ekri, a mwens ke ou te avize City on a Hill pou fè lekòntrè, konfòmeman a pwosedi City on a Hill yo. Objektif prensipal enfòmasyon repètwa a se pou pèmèt City on a Hill enkli enfòmasyon ki nan dosye eskolè pitit ou a nan kèk piblikasyon lekòl la oswa pèmèt asosye nou yo kontakte w. Tankou pa egzanzp:

- Founisè ak asosye ki ede nou nan analiz done ak evalyasyon pwogram nou yo (sa vle di, Fondasyon City on a Hill, Illuminate, pwojè rechèch an kolaborasyon)
- Gwoup k ap defann dwa tankou Excellent Schools oswa Massachusetts Charter Association;
- Yon afich ki montre wòl elèv ou a nan yon pwodiksyon teyatral;
- Ayè chak ane a;
- Tablo donè oswa lòt lis rekonesans;
- Pwogram gradyasyon; ak
- Fèy aktivite espòtif, tankou lit, li montre pwa ak wotè manm ekip la.

Enfòmasyon repètwa se anjeneral enfòmasyon yo pa konsidere ki mete moun nan an danje oswa ki vyole vi prive moun nan si yo pibliye, yo kapab toujou kominike yo bay òganizasyon ekstèn yo san konsantman ekri alavans de yon paran. Òganizasyon ekstèn yo se konpayi ki fabrike bag klas yo oswa ki publiye ajenda yo, men li pa limite a sa yo sèlman. Anplis, de lwa federal ki egzije òganis edikasyon lokal (an anglè LEAs) yo ki resevwa èd dapre Lwa sou Ansèyman Primè e Segondè ane 1965 (sig anglè ESEA) lan ap bay enfòmasyon annapre yo si yo mande yo – non, adrès ak nimewo telefòn – sof si paran oswa gadyen legal yo te avize LEA ke yo pa vle enfòmasyon sou elèv yo a divilge san konsantman ekri yo alavans. [Nòt: Lwa sa yo se atik 9528 ESEA (20 U.S.C. § 7908) epi 10 U.S.C. § 503(c).]

Si w pa vle City on a Hill divilge nan enfòmasyon pi ba yo ke yo dekri kòm enfòmasyon repètwa ki nan dosye eskolè pitit ou a san konsantman ekri w alavans, ou dwe avèti City on a Hill pa ekri anvan 1e oktòb 2015. City on a Hill te chwazi enfòmasyon annapre yo kòm enfòmasyon repètwa:

- Non Elèv
- Adrès
- Anons Telefònik
- Adrès imèl
- Foto
- Dat ak lye de nesans
- Prensipal domèn etid
- Dat frekantasyon
- Nivo klas
- Patisipe nan aktivite ak espò ki rekonèt ofisyèlman
- Pwa ak wotè manm ekip espò yo
- Diplòm, distenksyon ak pri
- Dènye òganis ak etablisman frekante
- Nimewo Idantifikasyon elèv, ID itilizatè oswa lòt idantifikatè pesonèl inik yo itilize pou kominike nan sistèm elektwonik yo men sèlman si idantifikatè a pa kapab itilize pou gen aksè a dosye eskolè yo, sof si l itilize ansanm ak yonn oswa plizyè faktè ki otantifye idantite itilizatè a, tankou pa egzanp yon PIN, modpas, oswa lòt faktè sèlman itilizatè otorize a genyen.
- Yon nimewo idantifikasyon elèv yan oswa yon lòt idantifikatè pesonèl inik ki afiche sou kat idantifikasyon yon elèv, men sèlman si idantifikatè a pa kapab itilize pou gen aksè a dosye eskolè yo, sof si l itilize ansanm ak yonn oswa plizyè faktè ki otantifye idantite itilizatè a, tankou pa egzanp yon PIN, modpas, oswa lòt faktè sèlman itilizatè otorize a genyen.

FERPA orotize divilgasyon PII ki nan dosye eskolè elèv yo san konsantman paran oswa elèv ki kalifye a, si divilgasyon an reponn a kèk kondisyon ki enonse nan atik 99.31 règleman FERPA yo. Apa divilgasyon bay reprezantan lekòl yo, divilgasyon ki lè a sèten òdonans jidisyèl oswa sitasyon legal, divilgasyon enfòmasyon repètwa ak divilgasyon a paran oswa elèv kalifye yo, atik 99.32 règleman FERPA fè lekòl la egzijans pou konsiyen divilgasyon an. Paran oswa gadyen legal yo ak elèv ki kalifye yo gen dwa pou enspekte e analize dosye divilgasyon yo. Yon lekòl gendwa divilge PII ki nan dosye eskolè yon elèv san yo pa jwenn konsantman ekri davans paran oswa gadyen legal yo oswa elèv kalifye a –

- A lòt reprezantan lekòl tankou pwofesè andedan òganis oswa sant ansèyman lekòl la chwazi kòmkiwa ki gen enterè edikatif lejitim. Sa gen ladan li antrepranè yo, konsiltan yo, volontè yo oswa lòt patnè lekòl la fè sèvis oswa fonksyon enstitisyonèl, depi konsisyon ki site nan atik 99.31(a)(1)(i)(B)(1) - (a)(1)(i)(B)(3) yo respekte. (§ 99.31(a)(1))
- Pou responsab lòt lekòl yo, yon lòt sistèm eskolè oswa yon lòt etablisman ansèyman aprè segondè kote elèv la chèche enskri oswa li gen entansyon enskri, oswa tou kote elèv la gentan enskri si divilgasyon an fèt pou koz ki asosye a enskripsyon li oswa transfè li, sou rezèv egzijans § 99.34. (§ 99.31(a)(2))

- Pou reprezantan otorize Kontwolè Jeneral Etazini an, Pwokirè Jeneral Etazini an, Sekretè Edikasyon Etazini an, oswa otorite edikatif Etazini ak kolektivite lokal yo, tankou Ajans Leta pou Edikasyon (sig anglè SEA) nan eta paran oswa elèv kalifye. Daprè dispozisyon sa a divilgasyon an ka fèt sou rezèv egzijans sou rezèv egzijans atik § 99.35 nan kad verifikasyon oswa evalyasyon pwogram edikasyon ki finanse pa gouvènman federal oswa eta a; oswa pou aplikasyon ou respè egzijans fereral legal ki gen rapò ak pwogram sa yo. Antite sa yo gendwa fè lòt divilgasyon PII a antite ekstèn yo chwazi kòm reprezantan otorize yo pou mennen tout aktivite verifikasyon, evalyasyon ekzekisyon oswa regularizasyon nan non yo si egzijans aplikab yo respekte. (§§ 99.31(a)(3) ak 99.35)
- Pou sa ki konsènen èd finansye elèv la te mande oswa li resevwa, si enfòmasyon yo nesèsè pou detèmine kalifikasyon pou èd la, detèmine montan èd la, detèmine kondisyon èd la oswa aplike modalite èd la. (§ 99.31(a)(4))
- Pou fonksyonè oswa otorite leta kolektivite lokal yo ki gen yon lwa nan eta a ki otorize espesyalman kominikasyon oswa divilgasyon enfòmasyon ki konsènen sistèm jistis minè yo e kapasite sistèm nan genyen pou sèvi ak efikasite, anvan jijman, elèv yo te kominike dosye li a konfòmman a atik 99.38. (§ 99.31(a)(5))
- Òganizasyon k ap mennen ankèt pou lekòl la oswa sou non lekòl la pou yo ka: (a) elabore, valide oswa administre tès prediktif, (b) administre pwogram èd pou elèv yo; (c) amelyore ansèyman an si egzijans aplikab yo respekte. (§ 99.31(a)(6))
- Pou òganis akreditasyon pou egzèsis fonksyon akreditasyon yo. (§ 99.31(a)(7))
- Pou paran oswa gadyen legal yon elèv ki kalifye si elèv la se yon depandan pou enpo IRS. (§ 99.31(a)(8))
- Konfòmman w a yon òdonans jidisyè oswa yon sitasyon pou konparèt ki delivre legalman si egzijans aplikab yo respekte. (§ 99.31(a)(9))
- Pou fonksyonè nan ka dijans pou rezon sante oswa sekirite, sou rezèv § 99.36. (§ 99.31(a)(10))
- Enfòmasyon lekòl chwazi kòm "enfòmasyon repètwa" si egzijans aplikab daprè atik 99.37 yo respekte. (§ 99.31(a)(11))
- A travayè sosyal yon òganis oswa a yon lòt reprezantan yon eta oswa yon òganis lokal pwoteksyon timoun oswa yon òganizasyon tribal ki gen otorizasyon pou konsilte plan entèvansyon elèv la lè òganis sa a oswa òganizasyon sa a responsab legalman pwoteksyon ak swen elèv la nan plasman famiyal la konfòmman a dwa eta a oswa tribi a. (20 U.S.C. § 1232g(b)(1)(L))
- Pou Sekretè Agrikilti a oswa reprezantan otorize nan Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon pou siveyans, evalyasyon ak mezi rannman program otorize yo daprè Lwa sou Manje nan Lekòl Nasyonal Richard B. Russell oswa Lwa sou Nitrisyon Timoun de 1966 sou kèk kondisyon. (20 U.S.C. § 1232g(b)(1)(K))

## Aksè a Dosye Elèv

### Rejis Aksè

- A. Yo dwe konsève yon rejis nan dosye chak elèv. Si seksyon dosye elèv la twouve yo separeman, dwe gen yon rejis apa ki genyen chak pati. Rejis la dwe mansyone tout moun ki te gen aksè a dosye elèv la, li dwe mansyone: non, pòs ak siyati moun ki divilge enfòmasyon yo; non, pòs e si genyen, afilyasyon moun ki dwe resevwa enfòmasyon yo; dat yo te aksede a enfòmasyon yo, a ki pati nan dosye a moun nan te gen aksè epi poukisa moun nan te ale nan dosye a. A mwens ke enfòmasyon ki nan dosye elèv la efase oswa divilge, egzijans ki anrapò a rejis yo pa aplike pou:
1. anplwaye lekòl la ki otorize daprè alineya 603 CMR 23.02(9)a ki analize dosye elèv la;
  2. anplwaye biwo administratif ak anplwaye biwo vize nan alineya 603 CMR 23.02(9)(b), ki ajoute enfòmasyon oswa jwenn aksè nan dosye elèv la; epi
  3. enfimye lekòl la ki analize dosye elèv la.
    - a. Aksè Paran oswa Gadyen Legal e Elèv ki Kalifye. Elèv oswa para ki kalifye a, sou rezèv dispozisyon paragraf 603 CMR 23.07 (5) dwe gen aksè a dosye elèv la. Dwa vizit la dwe akòde lè sa posib epi nan dis jou aprè premye demann nan, eksepte nan ka paran oswa

gadyen legal ki timoun nan pa sou kont li jan atik 603 CMR 23.07 (5) prevwa sa; si yo mande sa, yo dwe rann dosye a aksesib okonplè, kèlkesa kote pati yo ye.

- B. Si yo mande sa, yo dwe bay elèv ki kalifye a oswa paran li kopi tout enfòmasyon ki nan dosye elèv la. Yo gendwa egzije frè rezonab ki pa depase pri repwodiksyon an ap koute. Men, yo pa gendwa egzije okenn frè si sa ap deranje paran yo, gadyen legal la oswa elèv ki kalifye a pou egzèsè dwa li daprè lwa federal yo pou yo enspekte epi analize dosye yo.
- C. Tout elèv kèlkeswa laj li, li gen dwa gen aksè konfòmeman a M.G.L. c. 71, seksyon 34A pou l resevwa yon kopi relve de nòt li.
- D. Elèv kalifye a oswa paran an dwe gen dwa pou rankontre anplwaye pwofesyonèlman kalifye lekòl la epi fè yo entèprete sa ki nan dosye elèv la, si yo ta vle sa.
- E. Elèv kalifye a oswa paran an gen dwa fè enspekte oswa entèprete dosye elèv la pa yon moun endepandan ke yo menm yo chwazi. Moun endepandan sa a dwe prezante konsantman ekri espesyal elèv la oswa paran li anvan li gen aksè a dosye elèv la.
  - 1. Aksè Anplwaye Otorize Lekòl la. Sou rezèv atik 603 CMR 23.00, anplwaye otorize lekòl la gen aksè a done elèv l ap bay sèvis, lè yo bezwen gen aksè pandan egzèsis fonksyon ofisyèl yo. Konsantman elèv kalifye a oswa paran li pa nesèsè.
- F. Aksè Endepandan. A eksepsyon de dispozisyon alineya 603 CMR 23.07(4)(a) rive nan 23.07(4)(h), okenn pèsònèl endepandan pa gendwa gen aksè a enfòmasyon ki nan dosye yon elèv san konsantman ekri espesyal elèv kalifye sa a oswa paran li. Lè l bay konsantman li, elèv kalifye a oswa paran li gen dwa chwazi ki pati nan dosye elèv la yo dwe kominike a pèsònèl endepandan an. Elèv kalifye a oswa paran li dwe konsève yon kopi konsantman sa a epi pou yo mete yon kopi nan dosye tanporè a. A eksepsyon de enfòmasyon ki dekri nan alineya 603 CMR 23.07(4)(a), yo pa gen dwa kominike enfòmasyon pèsònèl idantifyab ki nan dosye yon elèv bay yon antite endepandan si l pa dakò pou l pa pèmèt okenn lòt antite endepandan gen aksè a enfòmasyon sa yo san konsantman ekri elèv kalifye a oswa paran li.
- G. Yon lekòl gendwa divilge enfòmasyon repètwa annapre yo san konsantman alavans: non, adrès, nimewo telefòn, dat ak kote elèv la fèt, domèn etid prensipal elèv la, dat elèv la te nan lekòl la, pwa ak wotè elèv ki nan ekip espò yo, klas, patisipasyon nan aktivite ak espò yo rekonèt ofisyèlman, diplòm, distenksyon, ak rekonpans epi plan etid aprè segondè san konsantman elèv kalifye a oswa paran li; a kondisyon ke lekòl bay yon avi piblik de ki tip enfòmasyon yo gen dwa kominike selon atik 603 CMR 23.07 epi bay elèv kalifye a ak paran li oswa gadyen legal li yon delè rezonab aprè avi sa apou mande pou enfòmasyon sa yo pa kominike san konsantman elèv kalifye a oswa paran li alavans. Avi sa a pa dwe enkli nan lèt enfòmasyon woutin yo egzije selon atik 603 CMR 23.10 la.
- H. Lekòl la dwe konfòme l a òdonans yon tribinal oswa yon somasyon pou temwaye ki delivre legalman, paske lekòl la fè yon efò rezonab pou avèti elèv kalifye a oswa paran li de òdonans lan oswa somasyon an anvan li konfòme li.
- I. Yon lekòl ka kominike enfòmasyon ki konsènen yon elèv si l resevwa yon demann de Ministè Sèvis Sosyal, de yon ajan pwobasyon, jij yon tribinal oswa Ministè Sèvis Jenès sou rezèv M.G.L. c. 119, seksyon 51B, 57, 69 ak 69A yonn aprè lòt.
- J. Responsab federal, etatik ak lokal edikasyon yo ansanm ak ajan otorize yo, y ap gen aksè a dosye elèv yo nan kad verifikasyon, evalyasyon oswa aplikasyon lwa pwogram federal e etatik nan edikasyon si yo gen bezwen; men se sèlman lè lalwa otorize espesyalman kòlèk done pèsònèl idantifyab yo, tout done responsab sa yo kolekte ap pwoteje pou pati ki enplike yo e ki pa responsab yo ni ajan otorize yo, kapab idantifye elèv sa yo ak paran oswa gadyen legal yo; done pèsònèlman idantifyab sa yo y ap elimine yo lè yo pa bezwen yo pou verifikasyon, evalyasyon ak aplikasyon lwa federal ak etatik yo ankò.
- K. Yon lekòl gen dwa pibliye enfòmasyon ki konsènen yon elèv a moun li vle nan kas yon ijans an matyè de sante oswa sekirite si konesans enfòmasyon sa yo nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite elèv la oswa lòt moun. Li genyen ladan li, sa li pa limite a sa yo sèlman divilgasyon bay sèvis lapolis lokal oswa Ministè Sèvis Sosyal nan kad atik M.G.L. c. 71, seksyon 37L ak M.G.L. c. 119, seksyon 51A.
- L. Depi otorite ki la pou fè aplike lalwa yo fin avèti gen yon elèv oswa yon ansyen elèv yo pa wè, yo dwe ekri yon nòt nan dosye elèv sa a. Lekòl la dwe siyale tout demann konsènan dosye timoun nan bay otorite konpetan ki la pou fè aplike lalwa konfòmeman a dispozisyon M.G.L.L. c. yo. 22A, seksyon 9.

- M. Anplwaye lekòl la ki otorize yo nan lekòl kote elèv la mande oswa gen entansyon transfere yon elèv kapab gen aksè a dosye elèv sa a san konsantman elèv kalifye a oswa paran li, paske lekòl elèv la kite a oswa te kite a bay avi ke li transmèt dosye elèv la bay lekòl li te mande a oswa li te gen entansyon enskri a. Avi sa a pa dwe enkli nan lèt enfòmasyon woutin yo egzijje selon atik 603 CMR 23.10 la.
- N. Pèsonèl sante lekòl la ak pèsonèl sèvis sante lokal yo e nan eta a dwe gen aksè a dosye medikal elèv la tankou dosye vaksinasyon pa egzanp, men li pa limite a sa sèlman, lè yo bezwen aksè a done a yo nan egzèsis fonksyon ofisyèl yo, san konsantman elèv kalifye a oswa paran li.
- O. Pwosedi Aksè pou Paran oswa Gadyen ki pa gen Gad Timoun nan. Jan c. M.G.L. c. egzijje sa. 71, § 34H, yon paran oswa gadyen legal ki pa gen gad timoun nan kapab gen aksè a dosye elèv la konfòmeman a dispozisyon annapre yo.
- P. Yon paran ki pa gen gad timoun nan kalifye pou gen aksè a dosye elèv la a mwens ke:
  - 1. yo te refize paran an oswa gadyen legal la oswa li gen òdonans pou vizit sipèvize akòz yon menas pou sekirite elèv nan epi menas la klèman mansyone nan òdonans ki an rapò a gad oswa vizit sipèvize a, oswa
  - 2. yo refize dwa vizit paran an oswa gadyen legal la, oswa
  - 3. yo limite aksè paran oswa gadyen legal a elèv la pa yon òdonans pwoteksyon tanporè oswa pèmanan, amwens ke òdonans pwoteksyon an (oswa nenpòt òdonans ki te pran anvan ki modifiye òdonans pwoteksyon an) pa bay aksè espesyalman a enfòmasyon ki nan dosye elèv la, oswa
  - 4. gen yon òdonans yon jij tribinal sisèsyon ak fanmi an ki entèdi distribisyon dosye elèv la bay paran oswa gadyen legal la.
- Q. Lekòl la dwe depoze nan dosye elèv la, dokiman ki limite aksè paran ki pa gen gad timoun nan konfòmeman a alineya 603 CMR 23.07(5)(a).
- R. Pou jwenn yon dwa vizit, paran ki pa gen gad timoun nan dwe prezante yon demann alekri bay direktè lekòl la pou l ka gen dosye elèv la.
- S. Kou direksyon an resevwa demann nan, touswit lekòl la dwe avèti paran ki gen gad la pa kourye sètifye e premye klas, an anglè e nan lang matènèl paran an ki gen gad la, y ap ba li yon dwa vizit aprè 21 jou, amwens ke paran ki gen gad la bay direktè a yon dokiman ki di paran ki pa gen gad timoun nan pa kalifye pou jwenn dwa vizit konfòmeman a alineya 603 CMR 23.07 (5)(a).
- T. Lekòl la dwe efase tout enfòmasyon elektwonik ak postal ki konsènen adrès ak nimewo telefòn paran ki gen gad timoun nan, ke se nimewo travay oswa lakay nan dosye elèv y ap bay paran oswa gadyen ki pa gen gad elèv la. Epi, yo dwe make dosye sa yo pou yo ka konnen yo pa dwe itilize yo ou enskri elèv la nan yon lòt lekòl.
- U. Depi yo reswvwa òdonans yon tribinal ki entèdi distribisyon enfòmasyon sa yo konfòmeman a G.L. c. 71, §34H, lekòl ka dwe avèti paran ki pa gen gad elèv la yo dwe sispan aksè li a dosye elèv la.

Otorite Reglemantasyon: 603 CMR 23.00: M.G.L. c. 71, 34D, 34E.

## Tit I: Avètisman Pwofesè ki Vrèman Kalifye

Lwa federal "No Child Left Behind" ki vize amelyore edikasyon an nan tout peyi a fè distri eskolè lokal yo egzijans pou asire yo ke tout pwofesè yo anplwaye pou anseye matyè eskolè de baz nan pwogram Tit I yo se pwofesè ki "vrèman kalifye." An tan ke lekòl ki resevwa finansman Tit I, City on a Hill gen responsab pou enfòmasyon chak ane sou "dwa pou konnen" ou genyen osijè de kalifikasyon pwofesè ki nan lekòl pitit ou a. Anjeneral yon "pwofesè ki vrèman kalifye" se yon pwofesè ki pase Tès Massachusetts ki Pèmèt ou Travay kòm Pwofesè (an anglè MTEL), pou l ka gen otorizasyon travay kòm pwofesè, ki gen yon diplòm epi ki demontre kapasite li nan ansèyman. Politik sa a aplike sèlman a pwofesè ki anseye matyè de baz annapre yo: anglè, lekti oswa lang, matematik, syans, lang etranjè, sivil ak gouvènman, ekonomi, boza, istwa ak jewografi.

Antanke paran oswa gadyen legal, ou gendwa mande City on a Hill enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ki ap fè klas pitit ou a, enfòmasyon tankou:

- a) Si pwofesè a gen lisans pou anseye nan Massachusetts.
- b) Si pwofesè a ap anseye nan sityasyon dijans oswa sou lòt estati pwovizwa.
- c) Diplòm espesyalize pwofesè a ak tout lòt diplòm etid siperyè oswa sètifika.

Yonn nan prensipal objektif "No Child Left Behind" se asire kalite pwofesè yo pou tout elèv, san distenksyon ras, orijin etnik oswa revni, paske yon pwofesè byen prepare enpòtan anpil pou edikasyon pitit ou a. Pou w ka konnen kalite ak estati pwofesè pitit ou a ou ka pran kontak ak direktè lekòl la.

## Entèdiksyon pou Motè Machin ap Mache

Atik 37H chapit 71 Lwa jeneral Massachusetts entèdi tout chofè bis lekòl yo ak chofè machin pèsònèl yo pou kite motè a ap mache oralanti sou lakou lekòl la oswa a omwen san (100) pye lakou lekòl la.

## Avi AHERA

Plan jesyon AHERA pou biwo Administratif City on a Hill la twouve li nan 15 Allerton Street, Roxbury, MA 02119, ou kapab konsilte li nan biwo administratif rejyonal lekòl la pandan lè kou nòminal yo. Si w gen kesyon kontakte Chèf eksplwatasyon an pa imèl sou [edignan@cityonahill.org](mailto:edignan@cityonahill.org).

## PRATIK ILEGAL

### Asèlman

Pa dwe gen asèlman vèbal nan City on a Hill. Asèlman vèbal yo gen menas, jès ak atak vèbal kont yon moun, tankou atak ki vize orijin rasyal, etik oswa relijye, preferans seksyèl, andikap fizik oswa mantal yon moun, aparans yo, menm jan ak tout fòm langaj gwosye, di betiz, gwo mo sal, sèman, medizans ak kalomni. Pale an prezans yon moun pou l tandè, yo gendwa konsidere sa se asèlman tou. Asèlman an gendwa non vèbal tou, pa egzanp frape yon moun nan koulwa a oswa fè jès. Lekòl la se yon espas travay kote tout moun dwe santi l alèz. Yo pa dwe itilize okenn langaj ki kapab ofanse yon moun nan kominote nou an. Antanke yon espas aprantisaj, nou responsab pou devlope yon diskou piblik egzak e ki apwopriye.

### Sou enfliyans Dwòg oswa Alkòl

Yon anplwaye ki gen rezon ki fè kwè yon elèv sou enfliyans dwòg oswa alkòl dwe voye elèv la bay Dwayen Sitwayènte a. Dwayen Sitwayènte a ap ankete sou kesyon an epi si posib, l ap òganize yon konferans ak elèv la, konseye li epi paran li oswa gadyen legal li, oswa y ap anvizaje lòt sanksyon tankou pou ranvwaye elèv la pa egzanp.

### Vyolans

Selon Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 71, 37H, nenpòt elèv ki fè agresyon sou yon pwofesè nan City on a Hill, yon anplwaye, yon envite, yon volontè City on a Hill pandan reyalizasyon aktivite oswa pwojè lekòl la, tankou konpetisyon espò, vizit sou teren oswa lòt sèvis piblik, Direktè (oswa moun li chwazi a) gendwa mete li deyò lekòl la.

Depi yo kenbe yon elèv ap batay y ap sispann li san pèdi tan. Vyolans lan ap anjandre sispansyon e si posib ranvwa.

## Politik Anti Inisyasyon





Inisyasyon (ble) an se yon krim nan eta Massachusetts, nou pa tolere sa nan City on a Hill. Yo dwe defini inisyasyon kòm tout metòd inisyasyon nan yon òganizasyon ki afilye a City on a Hill, ke se swa andedan oswa deyò lekòl la, ki mete sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa nenpòt moun an danje swa volontèman oswa pa mank pridans. Metòd inisyasyon yo konsidere se ble yo ble w genyen, kout fwèt, kou, mak, jimnastik yo fòse fè, ekspozisyon a kondisyon meteyowolojik, fòse konsomasyon fòse nan manje, bwè, bwè alkòl, fòse pran dwòg oswa lòt sibstans, oswa tout tretman oswa aktivite yo fòse yon moun fè e ki kapab deranje sante fizik li oswa sekirite tout elèv oswa lòt moun, oswa ki ekspoze elèv sa a oswa moun sa a nan yon strès mantal ekstrèm, prensipalman pandan yon peryòd izolman pwolonje oswa o repo. Yo **pa p** konsidere konsantman viktim nan kòm yon eskiz akseptab pou yon konpòtman inisyasyon. Tout moun nan City on a Hill, elèv oswa anplwaye ki temwen yon zak inisyasyon dwe rapòte sa san pèdi tan bay Direktè a ak/oswa Direktè Adjwen an. Moun ki enplike nan zak inisyasyon an, y ap mete l deyò sou plas. Elèv ki enplike nan zak inisyasyon yo dwe asime konsekans yo konfòmeman a Kod Konpòtman an. **Y ap tou siyale lapolis nan zòn nan de zak inisyasyon an.**

## Fo Alèt

Deklanchman fo alèt dife ak/oswa fo alèt bonm se zak vyolasyon ki grav ki dwe debouche sou aksyon annapre yo: yon rapò depoze nan lapolis ak/oswa sèvis ponpye, yon konferans ak paran an oswa gadyen legal la epi Direktè a, y ap pran sanksyon ki apwopriye, li posib pou se yon amann ak/oswa ranvwaye elèv la. Fo alèt yo anjandre sispansyon e si posib ranvwa.

## Zak Vandalis, Grafiti oswa Destriksyon Lekòl ak Byen Prive

Yon elèv City on a Hill responsab reparasyon, restorasyon oswa ranplasman tout pati byen ki pèdi oswa andomaje. Si elèv la paka peye obligasyon sa a, paran li oswa gadyen legal li responsab frè reparasyon yo, restorasyon yo ak/oswa ranplasman an.

## Vòlè

Elèv yo dwe remèt nenpòt anplwaye yo nenpòt bagay yo jwenn ki vòlè. Rechèch gendwa fèt tou konfòmeman a pwosesis ki etabli yo. City on a Hill pa p responsab pèt oswa vòl byen kontrebann oswa lòt byen li pa gen kontwòl sou yo.

## Fimen

Konfòmeman a Lwa Jeneral Massachusetts yo nan chapit 71, 2A, elèv yo pa otorize itilizasyon pwodui ki gen kèlkeswa tip tabak la sou lakou lekòl la nan lè kou yo. A okenn moman, elèv yo pa gendwa itilize pwodui ki gen tabak deyò campus la (depi lekòl la ouvri jiskaske tout aktivite lekòl la fini). Y ap sispann e yo gendwa menm mete yon elèv ki fimen lekòl, sou campus la e menm nan visit sou teren yo deyò.

## Asèlman Seksyèl oswa Lòt Fòm Asèlman

Tout manm nan kominite City on a Hill la – pwofesè, anplwaye ak elèv yo dwe trete yonn lòt ak diyite e respè, epi yo gen dwa a pwoteksyon kont tout fòm asèlman pèsònèl. Nou pa p tolere okenn fòm asèlman, menm si li gen rapò ak ras, sèks, oryantasyon seksyèl, orijin etnik, nasyonalite, lang, relijyon, aparans fizik, andikap oswa kapasite fizik oswa mantal. Anplis de sa, kote ki pa gen asèlman, entimidasyon ak lòt distraksyon nan lekòl la, se libète pou aprann.

Nan City on a Hill nou konprann asèlman seksyèl kòm yon fòm diskriminasyon seksyèl ki fèt lè yon moun soumèt yon lòt moun nan yon aktivite seksyèl li pa swete, fòse li fè sèks ak li epi pini li si li refize. Asèlman seksyèl kapab manifeste vèbalman (ki genyen san nou pa limite yo a sa sèlman, pwopozisyon, sijesyon ak/oswa ti presyon pou yon aktivite seksyèl) epi/oswa fizikman, (ki genyen san nou pa limite yo sèlman a atouchman, ti tap, zongle, kou sou kò yon lot moun, vyolans fizik, vtòl, ti presyon pou yon aktivite seksyèl).

Akizasyon asèlman seksyèl se bagay grav, e tout ka asèlman seksyèl yo ap trete san pèdi tan epi ak anpil konfidansyalite. Yon elèv ta dwe kominike ak Konseye li oswa lòt pwofesè City on a Hill.

**Nòt:** Tout ka asèlman seksyèl yo merite yon repons ofisyèl. Seten ka asèlman seksyèl kapab pi byen trete pa medyasyon; lòt ka ak patisipasyon yon Konseye oswa Direktè (oubyen moun li chwazi a). Nan lòt la, y ap konsidere afè a kòm yon "afè" ofisyèl pou Konsèy Odyans Jidisyè a. Yo gendwa pa ranvwaye kèk sitiyasyon grav nan Konsèy Odyans Jidisyè a pa respè pou sansibilite viktim nan ak bezwen entimite li.

Definisyon legal "asèlman seksyèl" se sa ki annapre a: avans seksyèl, demann favè seksyèl ak konpòtman vèbal oswa fizik ki gen karaktè seksyèl lè:

(a) soumision oswa rejè yon avans, demann oswa konpòtman konsa ki fè eksplisitman ou enplisitman yon kondisyon pou travay oswa ki sèvi fondman pou pran desizyon anplwaye yon moun; (b) avans, demann oswa konpòtman sa yo gen pou objektif oswa efè pou nwi rannman pwofesyonèl moun sa a yon fason ki paka jistifye oswa kreye yon milye travay pou fè moun nan pè, pou li pa alèz.

#### **Asèlman seksyèl ka genyen ladan l:**

##### **Vèbal/Non Vèbal/Ekri:**

- Mepri seksyèl
- Jès an kachèt
- Rimè oswa pwopo seksyèl
- Kòmantè sou kò yon moun
- Sifle, gwondman ak jemisman oswa lòt bri ki ofanse moun
- Presyon pou fè sèks a moun nan oswa ban mwen m ap ba ou
- Asèlman seksyèl sou entènèt oswa pa imèl
- Chantaj oswa menas pou jwenn favè seksyèl
- Pèmèt wè souvètman w.

##### **Fizik:**

- Atouchman endezirab oswa ki pa apwopriye
- Penetrasyon espas pèsonèl
- Retire oswa souleve rad yon moun
- Plake yon moun nan mi, kazye oswa bloke mouvman li
- Touche pati entim yon moun
- Agresyon seksyèl, vyòl oswa tantativ vyòl

#### **Kòm nou se yon lekòl, asèlman seksyèl kapab defini konsa tou:**

(a) soumision oswa rejè avans sa yo, demann oswa konpòtman konsa ki fè eksplisitman ou enplisitman yon kondisyon pou travay oswa ki sèvi fondman pou patisipe nan pwogram oswa aktivite lekòl la; oswa avans, demann oswa konpòtman sa yo gen pou objektif oswa efè pou nwi rannman pwofesyonèl, edikasyon oswa patisipasyon moun sa nan pwogram ak aktivite lekòl la yon fason ki paka jistifye oswa kreye yon milye aprantisaj pou fè moun nan pè, pou li pa alèz. Daprè definisyon sa yo, demann favè seksyèl dirèk oswa enplisit yon sipèvizè pou ofri avantaj sosyal reyèl oswa pwomès, tankou bay egzamen pou pase, ogmantasyon salè, pwomosyon, gwo avantaj sosyal oswa pou kenbe travay la, oswa demann dirèk yon pwofesè pou pwomèt pwen pou pase, egzijans kou oswa rekòmasyon favorab, sa yo se asèlman seksyèl. Definisyon jiridik asèlman seksyèl la laj, epi anplis de egzanp ki site pi wo yo, gen lòt konpòtman seksyèl, menm si yo entansyonèl oswa non, ki jenan e ki gen pou objektif kreye yon milye travay oswa aprantisaj pou fè gason ak fanm k ap travay nan espas la pè, pou yo santi yo imilye, pou yo pa alèz, sa a tou li kapab konsidere kòm asèlman seksyèl. Tout elèv ak anplwaye yo dwe note jan sa mansyone pi wo a, li ilegal epi ni lekòl l pa p tolere zak vanjans kont yon moun ki pote plent paske l viktim asèlman seksyèl ni zak vanjans sou moun ki kolabore nan yon ankèt y ap mennen sou yon plent pou asèlman seksyèl nan Lekòl la.

### Plent pou Asèlman seksyèl

City on a Hill angaje l pou rezoud plent yo pote pou asèlman yo san fòs kote, byen rapid epi an sekre. Nenpòt elèv oswa anplwaye ki viktim asèlman dwe swiv pwosedi sa yo:

1. Fè agresè a konnen w vle li sispann a demach li a. Pale klè e dirèk. Pa fè eskiz.
2. Si w pa santi w alèz pou w afwonte agresè a pou kont ou, mande yon zanmi w akonpanye w, oubyen ekri agresè a yon lèt epi kenbe yon kopi. Oswa tou, pote dosye a devan direktè a oswa depatman Resous Zimèn.
3. Sonje note kilè, ki kote e kijan ou te maltrete, si gen moun ki te temwen mete non yo, kisa ki te di epi tout lòt prèv ou genyen.
4. Si w se elèv, enfòmè konseye w oswa Direktè a de sa, si w pa alèz pou w fè l, pale ak yon granmoun.
5. Si w majè, avèti Direktè a oswa depatman Resous Zimèn.
6. **Sonje ou pa bezwen okenn dokiman ekri pou w fè direktè a oswa depatman Resous Zimèn konnen kisa k ap pase.**

### Repons a Asèlman

Kou sa posib, Dwayen Sitwayènte a ap mete Direktè City on a Hill okouran de plent pou asèlman an.

Direktè a ap mennen yon ankèt rapid epi san fòs kote sou dosye a. Y ap mennen ankèt la yon fason pou sa rete sekre toutotan sa posib nan sikonstans lan. Ankèt nou an gen yon entèvyou prive ak moun ki pote plent lan epi ak temwen yo. N ap fè yon entèvyou a moun ki akize yo akize ki fè asèlman seksyèl la tou. Gwoup la ap prezante rekòmasyon li bay Direktè City on a Hill la.

Kou ankèt la fini, Direktè City on a Hill la selon posibilite ki genyen, l ap fè yon lèt pou enfòmè tout moun ki konsènen yo de rezilta ankèt la.

### Sanksyon

Si yo jwenn yonn nan anplwaye nou yo te gen yon konpòtman ke li pa t dwe genyen n ap pran mezi ki nesèse an fonksyon de sikonstans lan. Mezi sa yo ka ale de konsèy jiska revokasyon e kapab gen lot sanksyon disiplinè nou jije ki apwopriye selon sikonstans lan pou nou aplike yo.

### Resous Eta ak Gouvènman Federal

Anplis de tout sa ki di pi wo a, si w kwè ou te viktim asèlman seksyèl, ou ka depoze yon plent ofisyèl nan nenpòt nan òganis gouvènmantral ki mansyone pi ba yo.

Komisyon Kont Diskriminasyon nan  
Massachusetts (*Massachusetts Commission  
Against Discrimination*)  
One Ashburton Place  
Room 601  
Boston, MA 02108  
Telefòn: 617-727-3990

Office for Civil Rights  
"U.S. Department of Education"  
33 Arch Street, Suite 900  
Boston, MA 02110-1491  
Telefòn: 617-289-0111

Lè w itilize pwosesis pou plent nou an sa pa anpeche w depoze yon plent nan yonn nan òganis sa yo. Chak òganis gen yon delè tou kout pou prezante yon demann règleman (OCR - 180 jou; MCAD - 6 mwa).

## ANÈKS 1: ENTÈDIKSYON ENTIMIDASYON AK VANJANS

### Zak entimidasyon, tankou entimidasyon sou entènèt, yo entèdi:

- Sou lakou lekòl la ak sou pwopriyete ki kole a lakou lekòl la, nan kad yon aktivite, yon fonksyon oswa yon pwogram lekòl la ap sipòte oswa ki lye a lekòl la, ke se sou lakou lekòl la oswa lòt kote, ak mwayen teknoloji oswa yon aparèy elektwonik ke yon lekòl oswa yon distri genyen, li lwe oswa l ap itilize; epi
- Nan yon espas, aktivite, fonksyon oswa pwogram ki pa lye ak lekòl la pa itilizasyon teknoloji oswa yon aparèy elektwonik ki pa pou yon distri eskolè oswa yon lekòl, oswa yo pa lwe ni itilize, si zak sa yo kreye danje nan anviwònman lekòl la pou sib la ak temwen yo, si l menase dwa yo nan lekòl la oswa si li deranje pwosesis edikatif la oswa anpeche lekòl la byen fonksyone.

Elèv yo responsab pou afice bon konpòtman deyò lekòl la ak nan aktivite lekòl ant lòt manm kominote City on a Hill yo.

Vanjans kont yon moun ki siyale zak entimidasyon, ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou zak entimidasyon, ki temwaye oswa ki gen enfòmasyon fyab sou zan entimidasyon an entèdi.

### DEFINISYON

**"Entimidasyon"**, itilizasyon repete pa yonn oswa plizyè elèv oswa anplwaye yon lekòl, si n ap site men san nou pa limite li sèlman a pwofesè, administratè, enfimyè lekòl la, anplwaye kafeterya, gadyen, chofè bis, antrenè espò, konseye pou yon aktivite lekòl oswa yon aktivite pwofesyonèl de ton ekspresyon ekri, oral oswa elektwonik, oswa ankò yon aksyon, yon jès fizik oubyen yon konbinezon de tou lè de yo fe kont yon viktim ki: (i) lakoz domaj fizik e emosyonèl a viktim nan oswa andomaje byen li; (ii) mete viktim nan nan yon krent rezonab pou fè tèt li mal oswa andomaje byen li; (iii) kreye yon anviwònman ki fè pè pou viktim nan; (iv) voyle dwa viktim nan nan lekòl la; oswa (v) deranje pwosesis edikatif oswa bon fonksyonman lekòl la sansibleman e materyèlman. Nan kad atik sa a, entimidasyon gen sibè entimidasyon ladan l tou.

**"Sibè entimidasyon"**, entimidasyon ki fèt atravè teknoloji oswa nenpòt kominikasyon elektwonik ki genyen, men ki pa limite a sèlman a, tout transfè siy, siyal, ekri, imaj, son, done ak enfòmasyon de nenpòt nati li ka ye ki transmèt totalman oswa pasyèlman pa fil, radyo, sistèm elektwomayetik, foto elektwonik oswa optik, prensipalman imèl, kominikasyon entènèt, mesaj rapid (chat), oswa pa telekopi (faks). Sibè entimidasyon gen ladan li tou (i) kreyasyon yon sit entènèt oswa yon blòg kote moun ki kreye l la itilize idantite yon lòt moun (ii) vòlè idantite yon lòt moun pou fè pase kòm mèl piblikasyon yo oswa mesaj yo, si kreyasyon oswa falsifikasyon sa a kreye yonn nan kondisyon yo mansyone nan paragraf enkli definisyon lefèt ke w livre a entimidasyon ki dekri nan pwen (i) a (v) dokiman sa a. Sibè entimidasyon dwe genyen tou, distribisyon yon dokiman pa imèl bay plis pase yon moun oswa afichaj meteryèl sou sipò elektwonik kote yonn oswa plizyè moun gen aksè, si afichaj ak distribisyon an kreye yonn nan kondisyon yo mansyone nan paragraf enkli definisyon lefèt ke w livre a entimidasyon ki dekri nan pwen (i) a (v) dokiman sa a.

**"Anviwònman ki fè pè"**, yon sitiasyon kote entimidasyon an fè espas lekòl la yon kote ki chaje perèz, ridikil ak move pwopo ki grav ase pou chanje kondisyon aprantisaj elèv la.

**"Plan"**, yon plan prevansyon ak entèvansyon nan ka entimidasyon ki etabli konfòmman a paragraf (d).

**"Agresè"**, yon elèv k ap fè zak entimidasyon oswa zak vanjans.

**"Lakou Lekòl"**, espas kote ki gen yon lekòl oswa ki pou yon distri eskolè, yon lekòl charter, yon lekòl ki pa piblik, yon lekòl prive lajounen oswa yon pansyona apwouve, oswa yon lekòl kooperativ pou yon aktivite, fonksyon, pwogram, enstriksyon oswa fòmasyon lekòl la sipòte oswa ankò lekòl la lwe ou itilize.

**"Sib"**, yon Elèv yon fè zak vanjans oswa entimidasyon sou li.

**"Vanjans,"** se zak ki fèt kont yon moun ki siyale zak entimidasyon, ki bay enfòmasyon pandan yon ankèt sou zak entimidasyon, ki temwaye oswa ki gen enfòmasyon fyab sou zan entimidasyon an entèdi.

### **DENONSE E REYAJI FAS A ENTIMIDASYON E VANJANS**

#### **Denonse entimidasyon Oswa vanjans**

Nenpòt anplwaye, elèv, paran, pwofesè oswa nenpòt lòt moun ka denonse entimidasyon oswa vanjans, yo ka fè sa swa aloral oswa alekri. Y ap ekri tout rapò aloral yo fè bay yon anplwaye oswa yon anplwaye fè. Yon anplwaye dwe mete direktè a oswa moun li chwazi a okouran touswit de tout ka entimidasyon oswa vanjans li konnen ki fèt oswa li wè. Denonsyasyon elèv yo, paran yo, gadyen legal yo oswa nenpòt lòt moun ki pa fè pati anplwaye lekòl la fè oswa distri a, yo ka fè yo san yo pa bezwen idantifye yo.

Lekòl la mete yon pakèt resous pou fè rapò a dispozisyon kominote a, kèk ladan yo se:

- Fòmilè Rapò Ensidan (ki enkli nan fen dokiman sa a, li disponib nan biwo prensipal lekòl la, nan biwo konsiltasyon an epi sou entènèt sou [www.cityonahill.org](http://www.cityonahill.org))
- Adrès Imèl: [jhayes@cityonahill.org](mailto:jhayes@cityonahill.org)

Li pa obligatwa pou w itilize Fòmilè Rapò Ensidan an kòm kondisyon pou fè yon rapò. Denonsyasyon yo ka fèt san bay non men yo pa p pran okenn sanksyon kont yon agresè pou yon denonsyasyon ki fèt sou baz anonim. Elèv, paran, gadyen legal oswa nenpòt lòt moun ka mande nenpòt anplwaye pou ede l ranpli yon rapò ekri.

#### **Repons a yon denonsyasyon pou entimidasyon oswa vanjans**

Lè nou resevwa yon plent, direktè a oswa moun li chwazi a ap rankontre moun ki pote plent lan pou l tande deklarasyon moun nan epi byen konprann sa ki pase a. Si lè direktè a analize deklarasyon an li wè konpòtman yo repwoche a pa gen rapò a entimidasyon jan sa defini nan M.G.L. c. 71, § 370 e nan politik lekòl la, direktè a oswa moun li chwazi a dwe ekri desizyon sa a sou Fòmilè Rapò Ensidan an epi li pa dwe pran okenn lòt mezi pou plent lan. Si direktè a oswa moun li chwazi a detèmine zak yo, si yo vrè se ap entimidasyon, jan sa defini pi wo a, direktè a oswa moun li chwazi a ap kòmanse yon ankèt touswit.

#### **Repons a Entimidasyon**

N ap fè tout efò nou kapab pou kenbe tout ankèt yo konfidansyèl. Si sa posib epi si elèv oswa granmoun ki enplike yo dakò, n ap fe tout sa ki depann de nou pou rezoud pwoblèm yo yon fason enfòmèl anvan antame pwosedi ofisyèl ki dekri pi ba a. Chak elèv kap patisipe nan pwosesis la kapab gen aksè a yon konseye majè pandan e apre pwosesis la.

#### **Pwosedi Enfòmèl**

Après yon ankèt inisyal, li posib pou rezoud yon plent nan yon senp konvèsasyon ant viktim nan e moun yo akize ki fè agresyon an, se direktè a oswa moun li chwazi a k ap dirije rankont lan. Si tou lè de pati yo, viktim nan ak moun yo akize kòm agresè a estime yo jwenn yon solisyon, konvèsasyon an ka rete konfidansyèl e yo pa gen pou pran okenn lòt sanksyon. Yo dwe kominike rezilta ankèt enfòmèl yo bay direktè a. Konfòmeman a lwa federal ak lwa eta a (FERPA), y ap enfòme paran oswa gadyen legal yo elèv ki konsènen yo sou sa ki pase a, epi y ap fè yo konnen si yo gentan jwenn yon solisyon oswa non. Si pati ki denonse a, prezime agresè a oswa fonksyonè ki chaje pou trete dosye a chwazi pa pase pa pwosedi enfòmèl la, oubyen si l panse pwosedi enfòmèl la pa apwopriye pou ka sa a oubyen li pa t abouti a anyen, li gendwa pase a pwosedi ofisyèl la. Pwosedi fòmèl la disponib pou tout plent.

Anplis de sa, reprezantan lekòl la gendwa, si yo vle yo gendwa antrepran aksyon imedya pou ka pwoteje moun ki pote plent lan, agresè yo akize ki fè entimidasyon an ak temwen yo gendwa ranvwaye dosye a bay moun oswa òganis yo jije ki konpetan pou sa nan fen ankèt la.

### **Pran Sanksyon**

Si direktè a oswa moun li chwazi a deside pran yon sanksyon ki apwopriye, y ap detèmine sanksyon sa a an fonksyon de fè direktè a oswa moun li chwazi a etabli, tankou nati konpòtman an, laj elèv ki enplike yo epi nesosite ki genyen pou jwenn yon ekilib jis ant responsabilite ak ansèyman konpòtman apwopriye a. Disiplin nan ap konfòm a plan e kòd konpòtman lekòl la, jan sa dekri nan gig elèv la.

Lwa Federal "Individuals with the Disabilities Education Improvement Act (IDEA)," yo ta dwe li an kolaborasyon ak Lwa Eta ki Konsènen Disiplin Elèv yo defini ki sanksyon ki dwe pran kont elèv ki andikape.

Si direktè a oswa moun li chwazi a wè elèv la chwazi volontèman fè yon fo akizasyon entimidasyon oswa vanjans, yo kapab pran sanksyon kont elèv sa a.

### **Favorize Sekirite Sib la ak Lòt yo**

Direktè a oswa moun li chwazi a ap aplike estrateji ki apwopriye pou pwoteje yon elèv ki denonse li viktim zak entimidasyon oswa zak vanjans, yon elèv ki temwen zak entimidasyon oswa zak vanjans, yon elèv ki bay enfòmasyon fyab nan yon ankèt kont zak entimidasyon oswa vanjans yo demonse.

Direktè a oswa moun li chwazi a ap konsidere ki ajisteman, si genyen, y ap bezwen nan lekòl la pou amelyore santiman sekirite sib la ak lòt yo tou. Pami estrateji direktè a oswa moun li chwazi a ka itilize yo genyen: ogmante sipèvizyon granmoun yo pandan peryòd tranzisyon an ak kote nou konnen entimidasyon an fèt la oswa kote li riske fèt la, kreye yon plan sekirite pèsònèl, chwazi davans ki kote pou viktim nan ak agresè a chita nan klas la a e nan lè manje a.

Nan yon delè rezonab aprè detèminasyon ak òdonans mezi korektif e/oswa disiplinè yo, direktè a oswa moun li chwazi a ap gen pou pale ak viktim nan pou konnen si agresè a retounen afiche menm konpòtman an epi si li bezwen sèvis sipò siplemantè. Si l bezwen, direktè a oswa moun li chwazi a ap kolabore ak anplwaye lekòl ki koresponn a sa ki mande a pou yo aplike yo touswit.

### **Avètisman Aplikasyon Lwa Lokal**

City on a Hill Charter Public School angaje l pou mentni yon anviwònman edikatif san okenn fòm entimidasyon. City On A Hill Charter Public School bay tout elèv menm pwoteksyon kèlkeswa estati yo selon lalwa. Si posib, yo kapab transfere nan Depatman Lapolis Boston lè Direktè a oswa moun li chwazi a gen motif rezonab ki ta fè l kwè gen akizasyon kriminèl yo fè kont agresè a.

Direktè a dwe avèti lapolis si gen zak entimidasyon oswa vanjans (jan yo prevwa sa nan plan entèvensyon an ak prevansyon entimidasyon an) yo komèt sou lakou lekòl la e gen yon ansyen elèv ki gen mwens ke 21 lane ki enplike.

### **Elèv Andikape**

Jan c. M.G.L. c. egzije sa. 71B, § 3, jan sa amande nan chapit 92 lwa ane 2010 yo, lè Ekip IEP a detèmine elèv la gen yon andikap ki afekte devlopman abilite sosyal li oubyen elèv la gendwa patisipe, oswa li vilnerab a entimidasyon, asèlman oswa lòt tip mokri akoz de andikap li a, ekip la ap analize kisa yo dwe enkli nan IEP li a pou l kapab devlope kapasite ak konpetans pou evite epi reponn a zak entimidasyon yo, asèlman yo oswa lè yo takinen li.

## ANÈKS 2: FÒMILÈ POU RETOUPEN NAN CITY ON A HILL

### PATAJ ENFÒMASYON AK MEDICAID/SCHIP

---

Chè Paran/Gadyen:

Si pitit ou a jwenn manje gratis oswa a ba pri, yo kapab benefisye de yon asirans maladi gratis oswa a ba pri tou atravè Medicaid oswa Pwogram Nasyonal Asirans Maladi Timoun yo "State Children's Health Insurance Program (SCHIP)." Timoun ki gen asirans maladi yo pi fasil jwenn swen sante regilye e yo gen mwen chans rate jou lekòl pou koz maladi.

Paske asirans maladi a enpòtan anpil pou byennèt timoun yo, lalwa pèmèt nou di Medicaid ak SCHIP ke pitit ou a kalifye pou jwenn manje gratis oswa a ba pri, *a mwens ke ou refize sa*. Medicaid ak SCHIP itilize sèlman enfòmasyon ki pèmèt yo idantifye timoun ki kapab kalifye pou pwogram yo a. Responsab pwogram nan gendwa menm kontakte w pou yo pwopoze w enskri timoun ou yo (lefèt ke w ranpli Fòmilè Demann Manje Lekòl Gratis oswa a Ba Pri a pa vle di timoun nan enskri pou asirans maladi a otomatikman).

Si w pa swete nou pataje enfòmasyon w yo ak Medicaid oswa SCHIP, ranpli fòmilè pi ba a epi voye l (Si w voye fòmilè a sa pa p fè timoun yo pa jwenn manje gratis oswa a ba pri a).



**Non! MWEN PA** vle enfòmasyon mwen itilize pou fè demann Manje Lekòl Gratis oswa a Ba Pri a pataje ak Medicaid oswa State Children's Health Insurance Program.

Si w koche non, ranpli fòmilè pi ba a.

Non Elèv: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non Elèv: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non Elèv: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Non Elèv: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non an Maj.: \_\_\_\_\_ Adrès: \_\_\_\_\_

Pou plis enfòmasyon ou gendwa rele City on a Hill nan 617-445-1515.

## Politik Elektwonik City on a Hill/Itilizasyon Selilè

Itilizasyon selilè ak aparèy elektwonik vin devni yon gwo pwoblèm nan City on a Hill. Pou nou ka respekte travay enpòtan klas yo ak anviwònman ansèyman e aprantisaj la, tout elèv yo dwe gade telefòn yo nan fouwo Yondr yo nan kòmansman jounen lekòl la lè yo antre nan espas la. Nenpòt elèv yo kenbe k ap itilize telefòn li, y ap sezi telefòn nan epi y ap remèt li lè lekòl la lage. Si gen enfraksyon repete, y ap sezi telefòn nan pou yon paran/gadyen legal vin chèche li nan City on a Hill. Pou w evite ke ou pran tan nan orè ou pou w fè sa, n ap ankouraje w raple elèv la mete telefòn li nan fouwo Yondr la kou jounen lekòl la kòmanse epi kite l la. Si yon elèv andomaje fouwo Yondr la, l ap peye \$30 pou ranplase fouwo a.

### Kijan fouwo Yondr la fonksyone?

Yondr se yon senp ti fouwo k ap bloke tanporèman depi li gen telefòn ladan li, epi l ap debloke nan fen jounen an. Yondr pèmèt elèv yo gen telefòn yo nan men yo, men li retire anvi pou y ap gade l tanzantan, vove mesaj tanzantan, defile rezo sosyal epi ap rele ti zanmi nan lòt klas.

Lè elèv yo rive nan maten, y ap etèn telefòn nan epi mete l nan Yondr la.

Pandan jounen lekòl la, yo pa p wè telefòn ak Yondr la menm.

Lè yo lage, elèv yo ap tape Yondr la kote pou debloke l la, retire telefòn nan epi mete Yondr la nan panye a pou yo ka itilize l demen.

Si ta gen yon ijans, elèv yo gen plizyè opsyon. Yo gendwa mande pou ale nan Biwo Dwayen an pou debloke epi rele paran yo oswa founisè swen sante yo a; oswa elèv la gendwa mande yon anplwaye pèmisyon pou itilize telefòn lekòl la. Paran oswa gadyen legal yo gendwa rele resepsyon lekòl la nan 617-445-1515 epi y ap bay elèv la mesaj la touswit.

Si elèv la pa respekte politik sou telefòn selilè a y ap pran sanksyon annapre yo kont li.

**Premye Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske jounen an fini.

**Dezyèm Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske yon paran oswa gadyen legal la vin pran li.

**Twazyèm Enfraksyon** ~ aparèy la ap rete nan Biwo Dwayen an jiskaske yon paran oswa gadyen legal la vin pran li, epi ap gen yon rankont ak Direktè a.

**Sonje ke City on a Hill, ni anplwaye li pa responsab si pòtab yon elèv andomaje, si l pèdi oswa si yo vòlè li.**

-----  
Mwen, \_\_\_\_\_, mwen konprann lè m siyen fòmilè sa a, si yon anplwaye City on a Hill wè telefòn (non elèv la) \_\_\_\_\_, y ap sezi telefòn nan jiska fen semenn nan, e si se dezyèm fwa yo sezi li, m ap gen pou deplase al chèche li.

Siyati Elèv \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_





## City on a Hill - Angajman Elèv Ak Fanmi pou Ekselans

- City on a Hill se yon lekòl serye k ap espere anpil nan konpòtman elèv yo. Elèv ou a dwe ajè e pale ak respè tout tan.
- Lè lekòl yo se 8:00-5:30 soti lendi rive jedi epi 8:00-3:30 jou vadredi. Elèv yo dwe nan plas yo a 8:00 am.
- Elèv la dwe vini lekòl ak inifòm City on a Hill la okonplè. Li posib pou elèv pa rive lekòl la abiye.
- Elèv la dwe fè tout devwa li chak jou. Si elèv la pa remèt devwa lakay li yo, l ap fè zewo pou devwa a ak posibilite pou li fè yon demi kredi paske l remèt li nan demen.
- Pou pase chak jou, elèv la dwe fè yon mwayèn 70% oswa plis nan tout kat trimès yo.
- Elèv la ap resevwa yon kaye afektasyon. Konseye yo ap revize kaye afektasyon an chak jou. Konseye yo ap revize kaye afektasyon an chak jou.
- City on a Hill travay an kolaborasyon avèk paran oswa gadyen legal yo pou soutni elèv yo. Gen moman y ap mande w pou w vini nan reyinyon lekòl la epi pou asiste reyinyon Konsèy Paran yo. Reyinyon Konsèy Paran yo se yon bon mwayen pou w eksprime w, di s w vle bay direksyon lekòl la.
- Li pa otorize pou mete chapo nan lekòl la. Y ap pran chapo yo e y ap remèt elèv li lè lekòl lage.
- Si w wè elèv la gen plis pase 10 absan san jistifye, l ap pèdi kredi akademik pou tout kou li yo pandan ane a epi li pa p gen aksè pran Kou Dete. (Absans jistifye: nòt medikal ak sètifika medikal, dat pwosè, fèt relijye, aktivite lekòl apwouve ak dèy.)
- Pou fasilite yon itilizasyon responsab telefòn selilè yo, nou vini ak yon sistèm ki rele YonDr pou sekirize telefòn yo. Chak elèv ap resevwa yon YonDr pou gade telefòn yo nan kòmansman jounen lekòl la epi y ap remèt li lè lekòl la lage. Elèv ki respekte politik sou telefòn selilè yo ap resevwa konsekans annapre yo: pou premye enfraksyon an, elèv yo ap jwenn telefòn yo nan fen jounen an; pou dezyèm enfraksyon an y ap bay elèv la telefòn nan nan fen semenn nan epi se paran yo oswa gadyen legal yoki dwe vin chèche li.
- Okenn elèv City on a Hill pa otorize touche yonn lòt yon fason agresif. Li enkli jwèt goumen, epi goumen swa lekòl la oswa deyò lekòl la.

**Siyati Elèv:** \_\_\_\_\_

**Siyati paran/gadyen legal:** \_\_\_\_\_



## Fèy Otorizasyon Jeneral Vwayaj City on a Hill

Lekòl City on a Hill visite sit lokal yo pandan ane lekòl la nan kad pwogram jeneral City on a Hill. Teyat, mize, bibliyotèk ak Meri a se kèk egzanp kote nou ale. Elèv yo ale sou sit estaj ak sèvis yo tou pou yo ka fè sèvis kominotè. Elèv yo toujou vwayaje ansanm pandan jounen lekòl yo ak monitè lekòl la. Lekòl la ap enfòme paran oswa gadyen legal yo davans de dat, lè e ki kote yo prale. Si w siyen fòmilè otorizasyon sa a, elèv pi ba a bay konsantman li pou patisipe nan ekskizyon lokal lekòl la pandan ane lekòl la toutotan y ap etidye nan City on a Hill.

Lè elèv yo vwayage deyò vil la oswa eta a, pa egzanp pou ale sou yon campus oswa pou ale Washington, D.C, nan transpò frete, ou dwe siyen yon lòt fòmilè otorizasyon espesyal.

---

Non Elèv

Dat

---

Non Paran oswa Gadyen/Siyati

Dat

